



BFAM

SUNDANESE


www.iBFAM.org

BUAHAN LEUBEUT TUR NIKEL



JAWABANANA AYA DINA ALKITAB

NGAMIMITIAN HIRUP LUBAK-LIBUK ANU DISAYAGIKEUN KU GUSTI



KURIKULUM TUR BAHAN PANALUNGTIKAN ALKITAB ANU BADHE NYINGKAPKEUN RASIA DINA ALKITAB

"Yesus nyariosna ka eta jelema-jelema teh kabeh ku misil, teu kersaeun mun lain ku misil. Pang midamel kitu teh ngalaksanakeun ucapan nabi baheula anu kieu : Kami nyarita ka maranehna arek ku misil-misil, nyaritakeun hal-hal anu buni ti sajlegna dunya dijadikeun." (Mateus 13:34-35)

BUAHAN LEUBEUT TUR NIKEL

KURIKULUM TUR BAHAN PANALUNGTIKAN ALKITAB

PANUYUN KURIKULUM BLTN + BAGIAN-BAGIAN NU PENTING



Diterbitkeun ku :

Every Home for Christ International

P.O. Box 64000, Colorado Springs, CO 80962-4000 USA

(719)-260-8888

BFAM@ehc.org

www.iBFAM.org

Copyright © 2012 by Every Home for Christ

Idin dipaparin kanggo ngagandakeun tur ngabagikeun ieu bahan upami:

- Aya pangdeudeul ka panulis - Every Home for Christ International.
- Every Home for Christ terang di mana tur kumaha ieu bahan dianggonana.
- Ieu bahan henteu diical atanapi digentosan beaya ngagandakeunana.

Tarjamahan jeung panyaluyuan tiasa ditempuh upami:

- Tarjamahan dilaksanakeun kalawan kerjasama sareng Every Home for Christ International.
- Aya perjangjian yen sadaya tarjamahan janten milik Every Home for Christ.
- Sadaya panyaluyuan eusi geus disatujuan ku Every Home for Christ.
- Hasil tarjamahan anu geus disatujuan, diserenkeun ka Every Home for Christ kanggo arsip tur kanggo disebarkeun (langkung sae hasil cetakna tur *file-na.*)

Pelajaran-pelajaran BLTN dumasar kana metode pemuridan anu kedah dipikaharti sangkan tiasa kaala kauntunganana tina unggal pelajaran. Upami Saderek teu acan kantos ngiring pelatihan ngeunaan kumaha carana nganggo ieu pelajaran, sumangga tepungan *Every Home for Christ.*

Sadaya ayat Alkitab anu diserat dina ieu pelajaran dicutat tina Alkitab Sunda dina Alkitab Elektronik 2.0.0 - Alkitab terjemahan Baru © 1974 Lembaga Alkitab Indonesia.

Disebarkeun ku Every Home for Christ International

DAPTAR EUSI

PANUYUN KANA BFAM

Panganteur kana BFAM.....	Kaca 3
Panganteur kana Carita-caritana.....	Kaca 4
Apal Caritana	Kaca 5
Ngarti kana Caritana.....	Kaca 6
Tinemu bebeneranana.....	Kaca 7
Sipat BFAM anu punjul.....	Kaca 9
Proses jeung Langkah-langkah BFAM.....	Kaca 11
Pelajaran pikeun Larapkeuneun.....	Kaca 12
Ngalaksanakeun kelompok Pemuridan.....	Kaca 15
Bagian-bagian anu Pangentingna.....	Kaca 16
Mekarkeun BFAM.....	Kaca 17

BAGIAN-BAGIAN NU PANGPENTINGNA

Pelajaran 1: BATU NU PANGPENTINGNA	Kaca 19
<i>Hubungan anu Dirapihkeun</i>	
Pelajaran 2: PONDASI	Kaca 33
<i>Satunggal sareng Kristus</i>	
Pelajaran 3: TEMBOK-TEMBOKNA	Kaca 47
<i>Mulus Rahayu</i>	
Pelajaran 4: HATEUPNA	Kaca 61
<i>Bebeneran Utama</i>	

Panganteur kana

BUAHAN LEUBEUT TUR NIKEL

Pelajaran “Buahan Leubeut Tur Nikel” (BLTN) nya eta metode tur kurikulum pemuridan anu dirancang kanggo ngabantos para pangiring Gusti Yesus tur sing saha anu hoyong janten murid Gurti Yesus sangkan tiasa ngartos kana hubungan husus sareng Gusti Allah anu saestu tiasa dilarapkeun dina kahirupan sadidinten. BLTN mangrupi pelajaran anu dirancang kanggo para pangiring Gusti Yesus sangkan tiasa milampah hirup mulus rahayu berkah salamet di lebet Gusti Yesus.

Jalma dicipta pikeun hirup guyub jeung batur. Langkung penting deui, jalma dicipta sangkan milampah hirup anu kamanah ku Gusti Allah. Dosa geus nyababkeun pegatna hubungan manusa jeung sasamana kitu deui sareng Gusti Allah. Balukar tina hubungan anu pegat tea, jalma jadi teu akur jeung sasamana, jeung ciptaan liana, pon kitu deui sareng Gusti Allah jadi anggang. Kitu sababna di ieu dunya jadi aya perang, kalaparan, kajahatan, kuman panyakit, pamarentahan nu teu adil, jeung masarakat nu sakarepna. Urang moal tiasa milampah hirup ayem tengtrem samemeh eta hubungan anu pegat tea dirapihkeun.

Beja Kabungahan teh nya eta Gusti Allah nyayogikeun jalan pikeun nebus dosa sarta ngarapihkeun hubungan anu pegat tea. BLTN mangrupi pelajaran kanggo maca tur mendakan Beja Kabungahan dina Pangandika Allah nya eta Alkitab. Bebeneran Kitab Suci, atanapi Alkitab, tiasa diungkabkeun nalika urang nitenan carita-carita dina Alkitab. Ieu bebeneran Alkitab anu maparin kamampuh ka para pangiring Gusti Yesus sangkan tiasa milampah hirup anu raket sareng Gusti Allah. Metode BLTN kanggo nalungtik bebeneran Alkitab tiasa nuyun urang dina diajar tur ngarti kana eusi Alkitab.

Gusti Allah maparin jangji dina Alkitab, kanggo sing saha anu kersa leres-leres diajar kana bebeneran: “Kudu menta, tangtu bakal nampa, kudu neangan, tangtu bakal manggih, kudu ngetrokan, tangtu dibuka pantona.

7:8 Sabab nu menta tangtu dibere, nu barangsiar tangtu tinemu, nu ngetrok panto tangtu dipangmukakeun” (Mateus 7:7-8). BLTN ngawuruk kumaha carana menta, neangan, tur ngetrokan. Kitu deui kumaha carana maca Alkitab tur tinemu bebeneran di lebet Gusti Allah. Bebeneran anu dimaksud nya eta yen Gusti Allah parantos nyayogikeun jalan pikeun nebus dosa urang sarta ngarapihkeun hubungan urang sareng Mantenna. Sing saha anu leres-leres kersa nalungtik bebeneran ti Gusti Allah sarta milampah hirup anu luyu sareng bebeneran anu kaserat dina Alkitab, tanwande hubunganana sareng Gusti Allah bakal dirapihkeun. Upami hubungan sareng Gusti Allah geus rapih deui, tanwande urang bakal milampah hirup anu mulus rahayu berkah salamet.

Nu mawi ieu pelajaran nganggo judul “Buahan Leubeut Tur Nikel” teh ku jalaran langkah awal dina milampah hirup anu raket sareng Gusti Allah teh nya eta urang kedah apal heula kana rarancang awal Gusti Allah. Rarancang awal Gusti Allah nyipta urang teh nya eta sangkan urang milampah hirup anu buahan leubeut atanapi lubak-libuk lahir-batin, jasmaniah tur rohaniahna (ilikan Kajadian 1:27-28 jeung Mateus 28:18-20). Lir ibarat ngasuh budak ti orok nepi ka dewasa, kitu oge urang salaku pangiring Gusti Yesus kedah tanggung jawab dina ngasuh murangkalih rohaniah urang. Contona bae, urang anu geus dewasa rohaniahna, boh pribadi atanapi kelompok, bakal nuyun sarta nalingakeun batur dina bebeneran tur kawasa Pangandika Gusti. Puseur tur tujuan ahirna BLTN teh nya eta mekarkeun kahirupan anu dewasa tur buahan leubeut, sabab hirup anu buahan leubeut mah bakal nuyun kana nikalna kahirupan rohaniah.

Panganteur kana Carita-carita

Unggal pelajaran dina BLTN ngabahas carita-carita tina Alkitab. Dawuhan Gusti Yesus sarta misil-misil anu dianggo ku Anjeunna teh nyarioskeun “hal-hal anu buni ti semet dunya diciptakeun” (Mateus 13:34-35). Eta sadaya rusiah dina carita Alkitab disayogikeun ku Gusti Allah kanggo urang pikeun ditalungtik heg tiasa kapendak bebeneranana.

Pelajaran sarta metode BLTN tiasa nulungan urang dina mukakeun rusiah sarta bebeneran Alkitab sangkan ku urang tiasa dilarapkeun dina kahirupan sadidinten nya eta hirup anu kamanah ku Gusti Allah. Ieu kahirupan anu ngaraketkeun hubungan urang sareng Gusti Allah, anu tiasa ngahasilkeun kaasah, suka bungah, sarta katengtreman, nya eta kahirupan anu mulus rahayu berkah salamet.

Misil-misil tina Alkitab disadiakeun pikeun ngagambarkeun kumaha carana ngagunakeun metode diajar BLTN tur pikeun mintonkeun pentingna carita Alkitab. Sanggeus maca **Panganteur kana Carita Alkitab** sarta carita Alkitabna, Saderek bakal dituyun kana hiji bagian tina salapan pertanyaan anu bakal nembrakkeun kawasa bebeneran dina carita Alkitab. Samemeh ngawitan, nyuhunkeun (*menta*) heula pitulung Gusti Allah kanggo mukakakeun rusiah nu buni tea.

Panganteur kana Carita Alkitab: Sobat-sobat Gusti Yesus arapaleun yen Anjeunna kagungan hubungan anu raket sareng Gusti Allah. Aranjeunna sok ningal Gusti Yesus mencil tur ngadoa ka Gusti Allah. Aranjeunna oge sadar yen Gusti Yesus langkung wijaksana ti sadaya jalma di ieu dunya sarta kawasa midamel rupi-rupi mujijat jalaran Anjeunna kagungan hubungan anu raket sareng Gusti Allah. Hiji mangsa sobat-sobat Gusti Yesus nyuhunkeun diajar kumaha carana ngadoa. Lajeng ku Anjeunna dituduhkeun cara ngadoa anu sederhana. Pamungkas, Gusti Yesus netelakeun misil anu kieu.

“Upamakeun: saurang ti maraneh rek nginjeum roti tilu bonjor. Aya kawawuhan anu keur iinditan, bieu nyimpang heula ka imah. Kuring teu boga keur nyuguhan!” Upamakeun deui jawaban sobatna kieu, ‘Ngahesekeun! Geus tutulak jeung geus ngedeng jeung barudak, wegah hudangna, wegah mereanana!’ Cik kumaha jadinya? Ceuk Kami, sanajan upama manehna embungeun hudang, embungeun nedunan najan maneh teh sobatna, tapi ku lantaran maneh keukeuh jeung teu era-era, lila-lila mah sakumaha wegahunana ge tangtu hudang nedunan sapamenta maneh. Mana ceuk Kami: Kudu daek menta, tangtu bakal dibere; kudu daek barangsiar, tangtu bakal beubeunangan; kudu daek ngetrokan tangtu bakal dipangmukakeun panto. Sabab sing saha anu menta bakal dibere, nu barangsiar bakal beubeunangan, nu keketrok bakal dipangmukakeun panto. Bapa mana lamun anakna menta lauk sok teh dibere oray? Atawa lamun anakna menta endog sok teh dibere kalajengking!

Sakumaha jahatna maraneh, tangtu nyaho naon nu hade bikeuneun ka anak! Komo deui Rama maraneh nu di sawarga mah! Mantenna tangtu maparinkeun Roh Suci ka sing saha anu menta ka Mantenna.”

(Lukas 11:5-13)

Ku sabab Saderek parantos maca eta carita, ayeuna Saderek tiasa ningal tilu langkah anu nyun Saderek pikeun diajar ngeunaan rusiah Alkitab. Aya 3 Pertanyaan dina ungal 3 Langkah janten sadayana 9 Pertanyaan. Langkah kahiji nulungan Saderek sangkan *APAL* kana caritana. Langkah kadua nulungan Saderek sangkan *NGARTI* ngeunaan caritana. Langkah katilu nulungan Saderek *TINEMU* rusiah dina eta carita. Saderek peryogi waktos sacekapna kanggo ngadoa sangkan tiasa nempuh unggal langkah kalayan pitulung Gusti.

LENGKAH 1: APAL CARITANA - MENTA

Samemeh tinemu rusiah tina carita atanapi misil dina Alkitab, Saderek kedah “APAL” heula caritana. Aya tilu poko umum dina unggal carita. Tanpa ieu tilu poko, unggal carita kasebatna tacan lengkep. Tilu poko teh nya eta:

1. Saha wae Palakon dina ieu carita?
2. Naon wae anu Dilakonan ku aranjeunna dina eta carita?
3. Naon wae Poko-poko anu aya dina eta carita?

Upami Saderek tiasa nyebatkeun saha wae palakon, naon anu dilakonan sarta poko-poko anu aya dina eta carita hartina Saderek tos APAL eta carita. Ayeuna urang bade milari saha wae palakonna, naon anu dilakonan, sarta poko-poko naon anu aya dina carita anu nembe dibaca ku urang. Sababaraha meniteun, mah, jawab ieu soal-soal di handap, cirian ku bolpen atanapi potlot:

- Sebatkeun tur cirian saha palakonna. Palakonna teh jalma. Upami palakonna tos sakali disebatkeun, henteu kedah disebatkeun deui dina carita sanesna.
- Sebatkeun tur cirian naon anu dilakonanana atanapi kecap pagawean. Kecap pagawean nya eta kecap anu nuduhkeun lalakon atanapi dilakonan.
- Sebatkeun tur cirian poko-poko anu penting.

Ayeuna sebatkeun tur cirian palakon, anu dilakonanana, sarta poko-poko tina ieu carita Alkitab:

Saurna deui ka murid-murid, "Upamakeun: saurang ti maraneh rek nginjeum roti tilu bonjor. Aya kawawuhan anu keur iinditan, bieu nyimpang heula ka imah. Kuring teu boga keur nyuguhan!" Upamakeun deui jawaban sobatna kieu, "Ngahesekeun! Geus tutulak jeung geus ngedeng jeung barudak, wegah hudangna, wegah mereanana!" Cik kumaha jadina? Ceuk Kami, sanajan upama manehna embungeun hudang, embungeun nedunan najan maneh teh sobatna, tapi ku lantaran maneh keukeuh jeung teu era-era, lila-lila mah sakumaha wegaheunana ge tangtu hudang nedunan sapamenta maneh. Mana ceuk Kami: Kudu daek menta, tangtu bakal dibere; kudu daek barangsiar, tangtu bakal beubeunangan; kudu daek ngetrokan tangtu bakal dipangmukakeun panto. Sabab sing saha anu menta bakal dibere, nu barangsiar bakal beubeunangan, nu keketrok bakal dipangmukakeun panto. Bapa mana lamun anakna menta lauk sok teh dibere oray? Atawa lamun anakna menta endog sok teh dibere kalajengking! Sakumaha jahatna maraneh, tangtu nyaho naon nu hade bikeuneun ka anak! Komo deui Rama maraneh nu di sawarga mah! Mantenna tangtu maparinkeun Roh Suci ka sing saha anu menta ka Mantenna." (Lukas 11:5-13)

Akurken palakon dina eta carita anu disebutkeun ku Saderek sareng jawaban nu kaserat di handap ieu :

- Gusti Yesus
- Saderek
- Sobat nu dipentaan roti
- Sobat anu keur nyanyabaan
- Barudak nu geus barobo
- Sing saha anu menta, barangsiar, ngetrokan
- Tuang putra
- Ama Anu di Sawarga
- Roh Suci

Ayeuna Saderek APAL caritana jalaran parantos nyebutkeun saha wae palakonna, naon anu dilakonan, sarta poko-poko tina eta carita. Sanggeus ngarenghap heula sababaraha menit, cobilah Saderek nyaritakeun eta carita boh kalawan tarik, boh di jero hate tanpa ningali kana carita anu dibaca tadi. Tah, geuning Saderek parantos apal tur emut kana carita anu geus dibaca.

LENGKAH 2: NGARTI CARITANA – BARANG SIAR

Sanggeus *APAL* kana hikayatna, salajengna Saderek bade ngalengkah deui sangkan *NGARTI* kana bagian-bagian penting dina eta carita. Cara anu pangsaena sangkan ngarti kana eta carita nya eta ku jalan museurkeun perhatian ka unggal palakon tur ningal tina sababaraha poko. Dina ieu langkah, kalintang pentingna Saderek nerapkeun diri asa jadi palakon dina eta carita sangkan kacipta tur tiasa kaharti kumaha saleresna kaayaan aranjeunna teh. Ku jalaran kitu, aya deui tilu pertanyaan anu kedah dijawab. Ieu tilu pertanyaan ngeunaan unggal palakon:

4. Kumaha Emosi/Perasaan unggal palakon?
5. Naon wae anu Dipilih ku unggal palakon?
6. Naon Tujuan/Niatna bet milih eta?

Upamina bae, Saderek nerapkeun diri jadi palakon nu kadua dina carita di luhur, kumaha perasaan Saderek nalika ngajugjug ka imah sobat tea tengah wengi marek nambut roti? Naha Saderek ngadegdeg? Naha Saderek hariwang? Kumaha kira-kirana perasaan Saderek?

Sanggeus nyiptakeun kumaha perasaan eta palakon, Saderek nyiptakeun deui ku naon pangna kitu lalakon anu dipilih ku eta palakon. Upami pareng Saderek nyorang kaayaan kitu, naon anu bade dipilih ku Saderek, salian ti nambut roti ka batur tengah wengi? Naha Saderek bade ngantosan wae dugi ka enjingna heg nambut roti tea? Naha Saderek bade sasadu wae ka semah tea yen teu gaduh tuangeun pikeun suguhkeuneun? Urang sadaya gaduh seueur pilihan dina rupi-rupi kaayaan hirup. Anu pentingna mah urang kedah taliti ningal kana naon anu dipilih dibandingkeun jeung pilihan jalma anu disebatkeun dina carita tea.

Nalika Saderek nilikan rupi-rupi pilihan anu dipilih ku palakonna, Saderek kedah diajar tur ngarti naon anu jadi tujuanana bet eta anu dipilih ku eta palakon. Hayu urang tingal deui lampah eta palakon, heg dilarapkeun ka Saderek, Upami Saderek gaduh kasieun (perasaan) marek ka tatangga tea tengah wengi, tapi kasieun teh bisa dileungitkeun tuluy bae keketrok ka panto imahna, atuh naon anu jadi tujuanana bet milih lalakon kitu? Ku naon pangna Saderek tiasa ngawonkeun rasa kasieun ngaganggu ka tatangga? Naha ku jalaran nyaah atanapi hawatos ka nu jadi semah? Naha ku jalaran gaduh kawajiban? Naon anu jadi tujuan/niatna bet milih eta anu dilakonan?

Tina pertanyaan ngeunaan perasaan, pilihan, jeung tujuan, Saderek tiasa *APAL* carita nu dibaca, sarta *NGARTI* yen eta carita teh penting. Ieu tilu pertanyaan kedah dilarapkeun ka unggal palakon dina carita. Upamina bae, kumaha perasaan sobat tea nalika Saderek keketrok ka imahna tengah wengi marek menta roti? Naha eta sobat the gaduh pilihan, bade masihan roti ka Saderek atanapi henteu? Cobi talungtik, naon kinten-kinten anu jadi tujuan/niat eta sobat nalika maparin roti ka Saderek.

Ku jalan nyiptakeun, asa jadi palakon anu kasebat dina carita tea bari ngajawab tilu pertanyaan patali jeung perasaan, pilihan, jeung niat, bakal karaos ku Saderek yen eta carita teh asa jadi kanyataan. Seseringna upami ngadangukeun carita, kalawan teu dihaja urang emut kana perasaan, pilihan tur niat palakon dina eta carita. Inti tur harti carita anu sabenerna teh bisa tetela ngalangkungan tilu pertanyaan tea. Ku jalan ngajawab tilu pertanyaan tea, urang tiasa *NGARTI* kana bebeneran anu aya dina carita.

LENGKAH 3: TINEMU BEBENERANANA - KEKETROK

Sanggeus lumampah dina Langkah 1 jeug 2 sangkan *APAL* tur *NGARTI* kana carita nu dibaca, urang dugi kana langkah katilu nya eta *TINEMU* bebeneran anu buni dina eta carita. Masing emut, yen tina misil tea Gusti Yesus ngandika, “Sabab sing saha anu *MENTA* bakal dibere, nu *BARANGSIAR* bakal beubeunangan, nu *KEKETROK* bakal dipangmukakeun panto.” Dina Langkah 1 urang *MENTA* tku jalan ngajawab tilu pertanyaan sangkan apal kana caritana. Dina Langkah 2 urang *BARANGSIAR* tina unggal palakon nu aya dina carita tea. Tah, ayeuna dina Langkah 3 urang bade *KEKETROK* kana panto Gusti Allah heg miharep sangkan panto teh dibuka ku Mantenna sarta diungkabkeun eta rusiah-rusiah anu aya dina carita tea.

Gusti Yesus miwuruk yen sadaya pangajaran dina Kitab Suci tiasa diringkes kana dua parentah. Parentah kahiji nya eta, “Masing nyaah ka Pangeran Allah maneh terus jeung hate, terus jeung nyawa, sarta terus jeung budi akal” Parentah nu kadua nya eta, “Masing nyaah ka batur kawas ka diri sorangan.” Eta hartina unggal carita boh misil dina Alkitab bisa ngawuruk ka urang emutan tur laku lampah anu bener numutkeun Alkitab anu nuyun urang sangkan tiasa mikaasih ka Gusti Allah kalawan sagemblengna hate, nyawa, terus jeung budi akal, sarta mikanyaah ka batur kawas ka diri sorangan.

Dina langkah nu katilu oge aya deui 3 pertanyaan anu bakal ngungkabkeun rusiah-rusiah dina carita Alkitab. Pertanyanana asa babari tapi patri:

7. Emutan tur laku lampah naon anu luyu sareng Alkitab anu aya dina ieu carita?
8. Pangajaran naon anu kaala ku abdi ngeunaan sipat Gusti Allah anu nulungan abdi sangkan tiasa langkung deui mikaasih ka Mantenna?
9. Pangajaran naon anu kaala ku abdi sangkan tiasa langkung mikanyaah deui ka batur?

Pertanyaan Panalungtikan 1:

Nalika Saderek nalungtik carita tea, naon wae bebeneran Alkitab tur lalakon anu kapendak? Naha leres yen Gusti Allah meredih sangkan urang menta, barang siar, sarta keketrok? Naon deui anu kapendak dina eta carita anu tiasa ngawuruk ka urang ngeunaan bebeneran Alkitab tur laku lampah anu luyu sareng pangersa Gusti? Anggo sababaraha menit mah, prak catetkeun naon bae anu kapendak:

Pertanyaan Panalungtikan 2:

Saderek parantos nyatetkeun poko-poko bebeneran Alkitab jeung lalakon-lalakonna. Pertanyaan salajengna, “Piwulang naon anu kaala ku abdi tina ieu carita patali jeung sipat Gusti Allah, sangkan abdi tiasa langkungmikaasih deui ka Mantenna?” Naha leres upami disebatkeun yen ieu carita miwuruk ka urang sangkan tiasa ningal ka Gusti Allah lir Ama anu miasih ka para putra-Na? Naon deui piwuruk ti ieu carita anu tiasa nulungan urang sangkan miasih ka Gusti Allah kalawan sagemblengna hate, nyawa, budi akal tur kakuatan urang

Pertanyaan Panalungtikan 3:

Pertanyaan panungtung, “Piwuruk naon kanggo abdi tina ieu carita sangkan abdi langkung mikanyaah deui ka batur?” Pangajaran naon anu kaala ku abdi nalika nalungtik ieu carita, patali jeung diri nyalira? Kumaha sakedahna sikep abdi ka batur? Saur Gusti Yesus, abdi kedah mikanyaah ka batur kawas ka diri sorangan.

Ringkesan: Upami ieu 9 Pertanyaan diterapkeun ka unggal carita dina Alkitab, Saderek bakal katulungan sangkan *APAL* caritana, *NGARTI* caritana, sarta *TINEMU* rusiahna tina eta carita. Di handap ieu baris dipedar ringkesan tina daptar pertanyaan nu aya 9 tea:

APAL CARITANA

1. *Palakon-palakonna*
2. *Lalakonna*
3. *Wincikanana*

NGARTI CARITANA

4. *Emosi/perasaan*
5. *Pilihan*
6. *Tujuan/niat*

TINEMU BEBENERANANA

7. *Emutan anu leres tur lalakonna*
8. *Miasih ka Gusti Allah*
9. *Nyaah ka batur*

Ciri-ciri Unik tina

BUAHAN LEUBEUT TUR NIKEL

Nalika neuleuman pelajaran tur metode BLTN, Saderek bakal ningali ciri-ciri unik tina ieu kurikulum anu moal aya dina model panalungtikan Alkitab anu sasarina. Ieu opat ciri anu ngabedakeun BLTN jeung panalungtikan Alkitab anu sasarina sarta tiasa janten pola anu sae.

1 - KURIKULUM BLTN DUMASAR KANA CARITA.

Unggal pelajaran dina BLTN dumasar kana carita Alkitab. Pelajaranana sanes saukur pelajaran biasa, namung mangrupi carita-carita nyata tur misil-misil tina Alkitab. Nalika Gusti Yesus sumping ka alam dunya tur hirup kumbuh di tengah manusa, Mantenna miwuruk ka para pangiringna ngalungkungan carita-carita tur misil-misil. Tetela dina kitab Injil Mateus Gusti Yesus ngajelaskeun ku naon pangna Anjeunna nganggo misil-misil:

Yesus nyariosna ka eta jelema-jelema teh kabeh ku misil, teu kersaeun mun lain ku misil. Pang midamel kitu teh ngalaksanakeun ucapan nabi baheula anu kieu: “Kami nyarita ka maranehna arek ku misil-misil, nyaritakeun hal-hal anu buni ti sajlegna dunya dijadikeun.” (Mateus 13:34-35)

Dina ieu pasal Gusti Yesus netelakeun ku naon pangna Gusti Allah milih ngandika ka urang ngalungkungan carita-carita tur misil-misil. Maksudna nya eta yen Gusti Allah nyamunikeun rusiah-Na dina carita-carita tur misil-misil.

Upami ku Saderek ditalungtik, tetela yen 70% bagian tina Alkitab teh eusina carita-carita, misil-misil, jeung pedaran. Ieu mangrupi bukti yen Gusti Allah maparin kawasa tur pangersa-Na kana carita-carita tur misil-misil. BLTN ngahaja museurkeun pelajaranana kana carita-carita tur misil-misil sangkan kurikulumna ngandung kaunggulan Dawuhan Gusti. Dina unggal pelajaran BLTN bakal katingal yen mung sababaraha kecap bae anu henteu dicutat langsung tina Alkitab.

Ieu kurikulum puseurna carita Alkitab ku jalaran carita mah langkung gampil diemut tur dicaritakeun deui. Barang eta rusiah dina Alkitab kabuka, Saderek moal kungsi hilap deui jalaran eta mah panimu kening nyalira. Salian ti eta, nalika ngawitan panalungtikan Alkitab, Saderek bakal ngaraos langkung raket sareng Gusti tur hoyong nyaritakeun eta bagian Alkitab ka batur.

2 - METODE BLTN DUMASAR KANA IDIN.

Nalika diajar nganggo metode BLTN, Saderek bakal ningali yen itu metode miwuruk ka urang kumaha carana tumanya kalawan leres sangkan tiasa ngungkabkeun rusiah ti Gusti Allah kanggo Saderek ku anjeun. Ngalungkungan ieu metode, Saderek diajar langsung ku Roh Suci kumaha carana nalungtik tur nampi bebeneran ti Gusti Allah. Saderek dijurung ngabagikeun deui eta pamendak —Beja Kabungahan tina Dawuhan Gusti Allah—ka batur. Metode BLTN ngidinan Saderek kanggo:

- ngemutan diri nyalira
- tumanya
- ngarti
- ngadangu ti Roh Suci
- ngabagi ka batur

3 - METODE BLTN DUMASAR KANA PANALUNGTIKAN.

Dina Alkitab tetela yen pangersa Gusti Allah mah unggal jalma barang siar tur tinemu jeung bebeneran. Rusiah Gusti Allah disamunikeun sangkan ditalungtik ku urang tur tinemu eta rusiah dina Pangandika-Na. Seseringna nalika nuju nalungtik, urang tiasa tinemu jeung harti tur pangaruh tina eta bebeneran kana pribadi urang. Di handap ieu babasan anu netelakeun ajén inajenna panalungtikan:

- Diterangkeun kalah hilap
- Dituduhkeun mangka emut
- Diajak ilubiung mah matak ngarti

Urang kedah ilubiung dina nalungtik rusiah-rusiah tea, nya eta bebeneran Pangandika Gusti. Cara anu pangsaena nalungtik rusiah Pangandika Gusti nya eta dina kelompok. Saderek tiasa nalungtik tur diajar ngeunaan carita-carita Alkitab dina waktos simpe nyalira, namung saena sasarengan dina kelompok alit sangkan tiasa diajar tur tinemu langkung seueur deui bebeneranana.

4 - METODE BLTN DUMASAR KANA KATAATAN.

Rusiah-rusiah bebeneran Pangandika Gusti hamo aya mangpaatna kanggo kahirupan urang, upami ku urang mung saukur ditalungtik wungkul tanpa dilarapkeun dina kahirupan sadidinten. Bagian salajengna netelakeun yen urang baris nampi berkah-berkah ti Gusti Allah upami urang ngalaksanakeun parentah-Na tur bebeneran Pangandika-Na dina kahirupan urang:

“Eta pangandika-Na ulah ngan semet didengekeun, kudu jeung prak dilampahkeun, supaya ulah disebut nipu diri sorangan. Anu ngadenge kana pangandika-Na tapi henteu jeung ngalampahkeunana, eta ibarat anu nilik maneh dina eunteung, geus nilik maneh mah indit, les poho kana rupa sorangan. Sabalikna anu nengetkeun hukum anu sampurna, anu bakal nyalametkeun diri tina kajahatan, tur lain ngan semet ngadengekeun, tapi reujeung prakna ngalampahkeun, lampah kitu bakal diberkahan ku Allah.” (Jakobus 1:22-25)

Proses BLTN sanes mung museur kana Panalungtikan wungkul, namung kana Proses Larapkeuneun ka diri nyalira oge. Nalika urang tinemu bebeneran Pangandika Gusti, urang kedah barang siar, kumaha carana ngarti tur diajar ngalarapkeunana. Mangga tingal Pangandika Gusti dina Surat 2 Timoteus, anu kieu ungelna:

“Eusi Kitab Suci, sagemblengna wahyu ti Allah, sarta mangpa'at pikeun ngawurukkeun kayaktian, pikeun ngaweweleh anu salah, pikeun ngomean kasalahan, jeung pikeun nungtun kana hirup bener, supaya jelema anu ngabdi ka Allah lengkep sampurna kanyahona kana sagala rupa lampah nu hade.” (2 Timoteus 3:16-17)

Ieu bagian Pangandika Gusti netelakeun yen Eusi Kitab Suci teh “mangpa'at pikeun.” Maksudna, upami urang ngalarapkeun bebeneran Pangandika Gusti dina kahirupan sadidinten, tangtos mangpaat pikeun ngawuruk, ngaweweleh, ngomean kasalahan jeung nungtun kana hirup bener. Namung tangtos moal laksana upami urang henteu soso-soso ngalarapkeunana sangkan ieu Pangandika Gusti tiasa ngawuruk, ngaweweleh, ngomean kasalahan jeung nungtun kana hirup bener. Proses Panalungtikan dina BLTN urang ngawitan diajar ningali bebeneran Pangandika Gusti. Sanggeus kitu urang nyanggakeun ka Pangandika Gusti sangkan tiasa diwuruk, diweweleh, diomean kasalahan sarta dituyun kana hirup bener. Di handap ieu daptar pertanyaan dina raraga nyanggakeun diri sangkan urang tiasa diwuruk, diweweleh, diomean kasalahan sarta dituyun kana hirup bener ku Pangandika Gusti.

- DIWEWELEH: Patali jeung kahirupan heubeul
Kumaha emutan tur laku lampah urang ka Gusti Allah dibandingkeun jeung emutan tur laku lampah anu luyu sareng Pangandika Gusti numutkeun ieu carita?
- DIOMEAN KASALAHAN: Patali jeung kahirupan Present
Kumaha carana urang ngomean emutan tur laku lampah anu lepat?
- DITUYUN KANA HIRUP BENER: Patali jeung kahirupan jaga
Kumaha sikep urang jaga dina mayunan kaayaan anu papalingpang sareng bebeneran Alkitab?

Proses BLTN Tur Langkahna

LIMA LENGKAH DI UNGGAL PELAJARAN

Aya lima langkah dina unggal pelajaran. Unggal langkah saluyu jeung sual buahan leubeut..



TEMA PELAJARAN - Nyiapkeun Taneuhna

Tema Pelajaran dirancang kanggo nyiapkeun taneuhna nya eta emutan tur manah Saderek nya eta nalika ngawitan proses tinemu sareng bebeneran Pangandika Gusti dina Alkitab.



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Carita Alkitab lir ibarat binih anu ditebar kana hate anu bakal sirungan tur tumuwuh dina pangaweruh jeung bebeneran. Samemeh maca caritana, ulah kaliwat ngadoa heula, neda pitulung Gusti mukakeun hate tur emutan Saderek sangkan tiasa nampi bebeneran Alkitab.



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

Anggo 9 pertanyaan pikeun nyebor tur mupuk binih tea, Pangandika Gusti, kanggo nulungan Saderek sangkan tinemu bebeneran tina eta carita. Pernahkeun diri Saderek lir ibarat palakon dina eta carita.

1. Saha wae palakon dina eta carita?
2. Naon lalakonna dina eta carita?
3. Naon rincian caritana?
4. Sipat-sipat naon anu tiasa kaalaman ku urang tina unggal palakon?
5. Pilihan naon anu aya di unggal palakon?
6. Naon tujuan tina ungal pilihan anu dipilih ku palakonna?
7. Naon wae bebeneran tur lampah anu luyu jeung Alkitab anu aya dina eta carita?
8. Pangajaran naon anu kaala ku urang ngeunaan sipat Gust Allah sangkan tiasa langkung mikaasih ka Mantenna?
9. Pangajaran naon anu kaala ku urang sangkan tiasa langkung mikaasih ka sasama?



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

Tambahan Pelajaran Alkitab maksudna kanggo nyegah sangkan ulah dugi ka aya doktrin anu lepat di luar tina carita. Baca ieu bagian Alkitab sadayana sangkan tiasa ngajawab pertanyaan-pertanyaan ngeunaan carita Alkitab.



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN TUR KACINDEKAN - Panen Buah

Pertanyaan Larapkeuneun tur Kacindekan ngabantos saderek dina proses panen buah di unggal carita sarta ngalarapkeun bebeneranana dina kahirupan sadidinten. Dumasar kana emutan tur lampah anu luyu sareng bebeneran Alkitab dina Proses Panalungtikan, Saderek tiasa ngajawab pertanyaan-pertanyaan di handap ieu ku nyalira.

- **DIWEWELEH:** Patali jeung kahirupan heubeul
Kumaha emutan tur laku lampah urang ka Gusti Allah dibandingkeun jeung emutan tur laku lampah anu luyu sareng Pangandika Gusti numutkeun ieu carita?
- **DIOMEAN KASALAHAN:** Patali jeung kahirupan kiwari
Kumaha carana urang ngomean emutan tur laku lampah anu lepat?
- **DITUYUN KANA HIRUP BENER:** Patali jeung kahirupan jaga
Kumaha sikep urang jaga dina mayunan kaayaan anu papalingpang sareng bebeneran Alkitab?

URANG DIPAPARIN TANGGUNGJAWAB

Jalma Kedah Nyanggakeun Tanggungjawab ka Gusti Allah

PELAJARAN
P-1



TEMA PELAJARAN - Nyiapkeun Tanahna

Alkitab netelakeun yen unggal jalma kedah nyanggakeun tanggungjawabna ka Gusti Allah tina sadaya paparinan ti Mantenna.

Ayat konci: *Ku hal eta urang teh kudu nyanggakeun tanggung jawab ka Allah tina kalakuan urang masing-masing. (Rum 14:12)*



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka ngabantuan sangkan urang tiasa ngarti kana caritana.

Gusti Yesus nuju cumarios sareng para murid-Na nganggo misil. Misil teh carita anu dianggo pikeun ngawuruk papakon.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

"Dina mangsa pisumpingeunana Putra Manusa, Karajaan nyalukan bujang-bujangna rek nitipkeun duitna. Ari nitipkeunana kumaha kasanggupan bujang-bujangna bae. Ka nu saurang nitipkeunana lima rebu uang emas, ka nu saurang deui. Bujang anu dititipan lima rebu buru-buru ngagolongkeun duitna, meunang untung lima rebu deui. Anu dititipan dua rebu oge duitna digolongkeun, meunang untung dua rebu deui. Ari anu dititipan sarebu anggur ngali lombang, duit dununganana teh dipendem. Lila ti lila dununganana balik, tuluy balitungan. Bujang anu dititipan lima rebu datang mawa duit titipan jeung batina lima rebu. 'Abdi ku Juragan dititipan artos lima rebu,' nyaritana ka dununganana. 'Sareng ieu anu lima rebu deui batina.' Ceuk dununganana, 'Alus, maneh jalma hade, gumati. Maneh geus bisa dipercaya nyekel anu leuleutikan, ku kami rek dipercaya nyekel leuwih gede. Ayeuna urang suka-suka jeung kami!' Bujang anu dititipan dua rebu datang." 'Abdi ku Juragan dititipan artos dua rebu,' nyaritana ka dununganana. 'Sareng ieu anu dua rebu deui batina.' Ceuk dununganana, 'Alus, maneh jalma hade, gumati. Maneh geus bisa dipercaya nyekel anu leuleutikan, ku kami rek dipercaya nyekel leuwih gede. Ayeuna urang suka-suka jeung kami!' Bujang anu dititipan sarebu datang. 'Juragan,' carekna, 'abdi terang Juragan teh jalmi keras. Juragan ngala buah sanes di tempat pelak ku anjeun, ngala panen sanes di tempat kencing tebar ku anjeun. Ku margi sieun, artos Juragan teh ku abdi diruang dina taneuh. Ieu artosna.' 'Jalma goreng hate, jeung pangedulan!' ceuk dununganana. 'Jadi nyaho maneh yen kami ngala buah lain di tempat pelak kami, ngala panen lain di tempat beunang kami tebar? Benerna ari nyaho kitu, duit kami teh pelak di bang, sangkan ari kami datang eta duit geus anakan. Cokot duit kami ti ieu jelema, bikeun ka nu duitna geus jadi sapuluh rebu. Sabab anu geus beubeunangan ku kami rek ditambahan sina leuwih loba, leuwih ti cukup. Sabalikna anu henteu beubeunangan, dalah nu aya di manehna kajeun kacida saeutikna ku kami rek dicokot. Ieu bujang tanpa guna teh jongklokkeun ka ditu ka tempat nu poek, sina geperungan tibebergeg!'" (Mateus 25:14-30)



PROSES PANALUNGTIKAN - Cai jeung Pupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Rum 12:3-8; 1 Korinta 10:31; 2 Korinta 5:10; Epesus 4; Pilipi 4:14-19; Wahyu 20:11-15)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17) KACINDEKAN

Alkitab netelakeun yen sadaya jalma kedah nyanggakeun tanggungjawab ka Gusti Allah tina kalakuan masing-masing. Kahirupan teh paparinan ti Gusti Allah. Pangersa-Na mah hirup urang teh buahan.

MIASIH KA GUSTI ALLAH

PELAJARAN
P-2

Parentah anu Pangpentingna



TEMA PELAJARAN - Nyiapkeun Taneuhna

Gusti Yesus marentahkeun para pangiring-Na sina barangdamel. Pangersa Gusti Yesus mah sadaya jalma ngiring sarta taat ka Mantenna. Anu pangpentingna kedah dipilampah ku para pangring Gusti Yesus nya eta Miasih ka Gusti Allah tur tumut kana Pangandika-Na.

Ayat Konci: *Aya hiji guru agama milu ngadengekeun eta soal jawab. Ceuk anggapanana waleran Yesus ka urang Saduki teh keuna pisan. Pok manehna nanya kieu, "Dupi parentah anu pangutamana, anu mana?" Waler Yesus, "Ieu anu pangutamana: 'Darengekeun, eh Israil! Pangeran Allah urang teh Pangeran anu tunggal. Masing nyaah ka Pangeran Allah maraneh, terus jeung hate, terus jeung nyawa, terus jeung budi akal, sarta sing sakuat- kuat.' Parentah pangutamana anu kadua: 'Kudu nyaah ka batur kawas ka diri sorangan.' Taya deui parentah anu pangutamana salian ti ieu dua parentah." (Markus 12:28-31)*



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka ngabantuan sangkan urang tiasa ngarti kana caritana.

Gusti Yesus sareng para murid-Na.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Yesus katut murid-murid angkat deui. Barang sumping ka hiji desa, Anjeunna dihaturanan linggih ku hiji wanita ngaran Marta. Marta boga dulur awewe hiji ngaranna Maria, anu terus emok deukeut dampal sampean Gusti, ngaregepkeun cariosana-Na. Ari Marta pakepuk sorangan keur nyayagikeun. Tungtungna marek unjukan, "Gusti, eta pun dulur ngeunah-ngeunah, abdi diantep pakepuk digawe sorangan bae. Piwarang mantuan atuh!" Ku Gusti diwaler, "Marta, Marta! Hidep ngariripuh maneh mikiran itu mikiran ieu.

Ngan sarupa anu penting teh. Maria geus milih anu bener, sarta eta moal aya anu nyokot deui." (Lukas 10:38-42)



PROSES PANALUNGTIKAN - Cai jeung Pupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 22:36-37; Lukas 11:42; Yakobus 1:12; 1 Yohanes 2:4-5; 1 Yohanes 4)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Parentah Gusti Yesus anu pangpentingna nya eta unggal jalma miasih tur taat ka Mantenna.

SATIA NEBARKEUN PANGANDIKA ALLAH

Kahirupan anu Buahhan Leubeut



TEMA PELAJARAN - Nyiapkeun Tanahna

Alkitab teh Pangandika Gusti Allah. Sadaya pangiring Gusti Yesus disaur geusan ngupingkeun tur apal kana pangandika Gusti Allah. Seueur jalma anu nguping pangandika Gusti Allah, namung henteu ngalarapkeunana dina kahirupan aranjeunna. Alkitab marentahkeun sangkan sadaya jalma ngaupingkeun pangandika Gusti Allah sarta ngalarapkeunana dina kahirupan sadidinten. Kahayang si iblis mah manusa teh apal tur ngarti kana pangandika Gusti Allah. Si iblis rek ngarampas pangandika Gusti Allah tina hate urang. Upami urang ngupingkeun pangandika Gusti Allah sarta ngalarapkeunana dina kahirupan, tangtos urang bakal buahhan leubeut.

Ayat Konci: *Pangandika Gusti teh lampu pikeun abdi, sinar caang nu nyaangan jalan abdi. (Jabur 119:105)*



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka ngabantuan sangkan urang tiasa ngarti kana caritana.

Gusti Yesus cumarios ka jalma rea. Aranjeunna teh ti lembur anu beda-beda.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

"Aya hiji jelema indit nebarkeun binih. Waktu nyebarkeun, binihna aya anu ragragan ka jalan, katarincakan jeung diparacokan ku manuk. Aya anu ragragan kana taneuh anu cadasan, ari jadi tuluy perang lantaran taneuhna garing. Sawareh ragraganana kana rungkun cucuk, bareng jadinya jeung tangkal cucuk, tapi tuluy eungapeun kaheumpikan ku cucuk. Anu ragragan kana taneuh lendo, sanggeus jaradi tuluy baruahan jadi saratus kalieun." Saur-Na deui, "Lamun baroga ceuli, pek darengekeun!" Harti eta misil kieu: Binih, nya eta pangandika Allah. Anu ragragan ka jalan, nya eta pangandika teh didarengé tapi dirampas ku Iblis, dipiceun ti jero hate nu ngadarengé supaya maranehna ulah nepi ka palercaya, ulah saralamat. Anu ragragan kana taneuh anu cadasan, nya eta pangandika teh didarengé sarta ditarima reujeung suka ati, tapi henteu akar; ana datang cocoba seug murtad. Anu ragragan kana rungkun cucuk, nya eta pangandika teh didarengékeun, ditarima, tapi kalimpudan ku kahariwangan, kaelehkeun ku napsu hayang beunghar jeung hayang kasenangan dunya, anu ngalantarankeun buahna teu nepi ka asak. Binih anu bener ninggangna kana taneuh lendo, hartina pangandika teh didarengé, terus nyerep kana hate anu mulus jeung satuhu, tahan hirup nepi ka bisa baruahan. (Lukas 8:5-8, 11-15)



PROSES PANALUNGTIKAN - Cai jeung Pupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Jabur 119; Yohanes 10:27; Yohanes 15:16; Pilipi 1:9-11; Kolosa 1:9-12; 1 Petrus 5:8)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17) KACINDEKAN

Upami jalma ngupingkeun pangandika Gusti tur ngalarapkeunana dina kahirupan, tangtos hirupna bakal ngahasilkeun buahhan nu sae. Nu mawi kitu pentingna para pangiring Gusti Yesus waspada sangkan pangaruh dunya jeung si iblis moal bisa ngarampas pangandika Gusti Allah tina hate aranjeunna.

Waktos Simpe Kelompok

DOA TUR PENYEMBAHAN

- Sanggakeun waktos simpe ka Gusti Allah sangkan doa tur penyembahan dina kelompok the museurna ka Mantenna.
- Sayagikeun waktos kanggo ngucap syukur kitu deui kanggo kasaksian.

PELAJARAN PANALUNGTIKAN TUR LARAPKEUNEU

LENGKAH 1 - TEMA PELAJARAN

- Caritakeun Tema Pelajaran tur Ayat Konci dina kelompok.

LENGKAH 2 - CARITA ALKITAB

- Caritakeun Bagiab Bubuka tur Carita Alkitab dina kelompok.

LENGKAH 3 - PROSES PANALUNGTIKAN

- Apal Caritana
- Ngarti Caritana
- Tinemu Bebeneran Alkitab

LENGKAH 4 - TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB

- Talungtik lampah tur pangemut anu luyu sareng Alkitab, anu kening tinemu dina kelompok sangkan tiasa ditangtoskeun naha leres eta teh panalungtikan bebeneran Alkitab.

LENGKAH 5 - LARAPKEUNEUN TUR KACINDEKANANA

Jawab ieu pertanyaan-pertanyaan dumasar kana hasil panalungtikan tina eta carita. (PANGAJARAN)

- DIWEWELEH (Kahirupan heubeul): Kumaha emutan tur laku lampah urang ka Gusti Allah dibandingkeun jeung emutan tur laku lampah anu luyu sareng Pangandika Gusti numutkeun ieu carita?
- DIOMEAN KASALAHAN (Kiwari): Kumaha carana urang ngomean emutan tur laku lampah anu lepat?
- DITUYUN KANA HIRUP BENER (Kahirupan jaga): Kumaha sikep urang jaga dina mayunan kaayaan anu papalingpang sareng bebeneran Alkitab?

HIRUP DINA PAGUYUBAN

TUMUWUH DI LEBET KRISTUS

- Taroskeun dina kelompok: Kumaha cara Saderek ngalarapkeun bebeneran tea dina kahirupan sadidinten ti saprak riungan kelompok?

NYARITAKEUN BEBENERAN KA BATUR

- Taroskeun dina kelompok: Ka saha Saderek bade nyaritakeun ieu carita sabada ieu, samemeh engke riungan deui?

MIROSEA KA NU BUTUH

- Taroskeun dina kelompok: Kumaha carana Saderek mirosea ka batur sakelompok boh ka nu sanes ti saprak riungan kelompok?
- Taroskeun dina kelompok: Naha aya deui batur sakelompok boh nu sanes anu kedah dipirosea ku Saderek?
- Taroskeun dina kelompok: Kumaha sikep Saderek mayunan masalah anyar tur mirosea ka nu lian?

Seri-seri nu Parenting

NGAWANGUN PANGLINGGIHAN KANGGO GUSTI ALLAH

Seri-seri nu Parenting nya eta 52 pelajaran ti nu ngawitan tina kurikulum BLTN. Ieu seri mangrupi pelajaran kanggo satauneun, aya opat setel pelajaran. Unggal setelna aya 13 pelajaran. Seri-seri nu Parenting dirancang nganggo pola lir ibarat nu ngabangun imah. Unggal setelna dingarananana sarua jeung opat bagian imah, nya eta: Batu utama, Pondasi, Dingding, jeung Hateup. Ieu di handap gambaran unggal bagian opat setel pelajaran.



SERI PELAJARAN BATU UTAMA – Hubungan anu Dirapihkeun

Seri Pelajaran Batu Utama museur kana carita ngeunaan hubungan nu dirapihkeun. Ngawitan tina pelajaran yen Gusti Allah nyipta alam dunya katut sagala eusina. Ieu bebeneran anu jadi dasar padoman hirup anu luyu sareng Alkitab. Pelajaran nu kadua mintonkeun yen manusa diciptana beda ti ciptan lianna. Urang dicipta sangkan gaduh hubungan husus sareng Gusti Allah. Pelajaran katilu jeung kaopat mah ngeunaan manusa anu geus ditipu ku si Iblis. Manusa anu munggaran henteu taat ka Gusti Allah, balukarna hubungan urang sareng Gusti Allah pegat. Pelajaran salajengna mintonkeun rancangan agung Gusti Allah kanggo ngabebaskeun manusa tur ngarapihkeun hubunganna sareng Mantenna.



SERI PELAJARAN PONDASI – Satunggal sareng Kristus

Dasar ieu pelajaran nya eta pentingna taat kana parentah Gusti Yesus Kristus. Kieu dawuhan Gusti Yesus, said, “Jadi, anu ngabandingan ieu piwulang Kami jeung terus ngalampahkeunana, eta ibarat jelema pinter anu nyieun imah dina luhur batu.” (Mateus 7:24). Seri Pelajaran Pondasi mintonkeun kumaha carana ngawangun pondasi anu weweg numutkeun Alkitab dumasar kana aturan hirup anu taat ka Mantenna.



SERI PELAJARAN DINGDING – Hirup anu lubak-libuk

Dingding bangunan mah nya eta anu kaciri ku batur ti luar bangunan. Nya kitu oge para pangiring Gusti Kristus. Para pangiring Gusti Yesus teh janten utusan Gusti Allah di alam dunya. Atuh laku lampah aranjeunna kedah mintonkeun Gusti Allah ka jalma sakurilingeunana. Ieu seri pelajaran museur kana tujuan pentingna aya kulawarga anu anut ka Gusti Allah di ieu dunya.



SERI PELAJARAN HATEUP – Bebeneran Penting

Di lebetna ieu pelajaran panungtung aya bebeneran utama iman Karesten. Hateup teh pikeun ngajaga supaya ulah aya gangguan ti luar nu bisa asup ka jero imah. Seri Pelajaran Hateup maksudna nya eta pikeun mintonkeun bebeneran utama Alkitab numutkeun iman kakarestenan tur ngajaga supaya ulah aya pangajaran ti luar anu papalingpang atawa salah.



Batu Utama



Pondasi



Dingding



Hateup

Ayeuna mah aranjeun anu lain bangsa Yahudi teh lain bangsa sejen deui, geus papada jadi warga umat Allah, jadi anggota-anggota kulawarga Allah, nangtung dina pademen anu dipasang ku rasul-rasul jeung nabi-nabi, dikukuhkeun ku Kristus anu jadi batu juruna. Nya Anjeunna anu jadi pangukuh adeganana ngajadi hiji adegan suci anu diabdikeun ka Allah. Ku jalan ngahiji jeung Kristus, aranjeun oge milu ngadeg jeung nu sejen-sejen ngajadi hiji tempat panglinggihan Allah katut Roh-Na. (Epesus 2:19-22)

Mekarna BLTN

KU NAON PANGNA BLTN DICIPTAKEUN?

Buahan Leubeut Tur Nikel (BLTN) teh nya eta kurikulum pon kitu oge metode pangajaran anu didamel kanggo nulungan para pangiring Gusti Yesus sangkan ngarti kana Alkitab tur hirup numutkeun pangajaran Gusti. Para pangiring Gusti Yesus dituyun kana kahirupan anu mulus rahayu berkah salamet jalaran hubungan pribadi anu sae sareng Gusti Yesus, ku jalan diajar nganggo kurikulum tur metode pangajaran BLTN.

BLTN teh disadiakeun dina rupi-rupi basa, sarta masih terus ditarjamahkeun ka basa-basa lian deui. Daptar basa naon wae nu aya, tiasa ditingal tina internet di www.iBFAM.org. Upami basa anu diperyogikeun ku Saderek teu kapendak di dinya, sumangga tepungan EHCI.

SAHA ANU NGARANCANG BLTN?

Every Home for Christ International (EHCI), hiji organisasi anu ngarancang tur ngapimilik kurikulum BLTN. Di handap ieu puseur palayanan EHCI kanggo sakuliah dunya:

Every Home for Christ (Unggal Kulawarga Kanggo Kristus) diadegkeun kanggo ngalayanan Salira Kristus dina nyiapkeun sarta nuyun sing saha anu palercaya ka Gusti Yesus, ngawawarkeun Beja Kabungahan di lebet Gusti Yesus ka unggal kulawarga di sakuliah dunya, sangkan langkung seueur jalma anu palercaya ka Gusti Yesus sarta janten jamaah-Na, nedunan Amanah Agung.

Ti taun 1946, EHCI geus nepungan langkung ti 1,5 juta kulawarga di 215 bangsa ngalangkungan Beja Kabungahan di lebet Gusti Yesus Kristus. Hasilna, langkung ti saratus juta urang geus ngadangu bewara ti Gusti Yesus.

TILU KAYAKINAN ANU TEU KACATURKEUN

Aya tilu kayakinan dina EHCI anu henteu kacaturkeun, nya eta:

1. Amanah Agung kedah dibewarakeun. Kiwari mah bahan-bahan tulisan dibagikeun, ti-imah-ka-imah, ti-lembur-ka-lembur, jadi cara anu pangsaena pikeun ngalaksanakeun Amanah Agung. (Mateus 28:19 jeung Markus 16:15)
2. Tanpa kasatunggalan, pamohalan bisa ngarengsekeun pancen ngabewarakeun Beja kabungahan ka sakuliah dunya. Ku jalaran kitu sadaya kelompok kedah sasarengan ngalaksanakeun Amanah Agung. Langkung ti 500 kelompok pangwawar Beja Kabungahan ti rupi-rupi organisasi gereja ngagabung ka Every Home for Christ geusan ngabewarakeunana ka sakuliah dunya. (Baca Yohanes 17:21-23.)
3. Mung ku doa bae sadaya panghalang bisa dikawonkeun, sangkan Amanah Agung tiasa dilaksanakeun. Kitu margina doa jadi bagian anu pangpentingna dina ieu pangwawaran. Sakumaha mantengna doa anu disanggakeun ka Gusti, nya kitu deui majengna pangwawaran Beja Kabungahan ka sakuliah dunya. (Markus 11:22-23)

Kumaha Carana sangkan Saderek tiasa Ngagabung ka Every Home for Christ International?

DOA

NGADOAKEUN PARA PANGWAWAR BEJA KABUNGAHAN KA NU SARASAB

Kalintang pentingna aya batur anu leukeun ngadoa sangkan para pangwawar Beja Kabungahan dikiatkeun ku Gusti. Pilahir Gusti Yesus, “Pibuateun sakitu legana, nu rek dibaruatna ngan saeutik. Kudu nyuhunkeun ka Anu kagunganana eta pibuateun, sangkan ngintun nu baris mibuatanana.” (Lukas 10:2)

Kayakinan nu katilu ti Every Home for Christ nya eta: “Mung ku doa bae sadaya panghalang bisa dikawonkeun, sangkan Amanah Agung tiasa dilaksanakeun. Kitu margina doa jadi bagian anu pangpentingna dina ieu pangwawaran. Sakumaha mantengna doa anu disanggakeun ka Gusti, nya kitu deui majengna pangwawaran Beja Kabungahan ka sakuliah dunya. (Markus 11:22-23)

NGADEUDEUL

NGADEUDEUL PANGWAWARAN BEJA KABUNGAHAN KA NU SARASAB

Peryogi aya pangdeudeul kanggo ngutus para padamel ka “pibuateun anu sakitu legana”. Pangdeudeul kanggo nyadiakeun bahan-bahan bacaan, palatihan tur kerjasama. Upami Saderek bade ngadeudeul dina pangwawaran ka 100 kulawarga sasasih atanapi mung maparin sakali bae, masing sakumaha bae ageungna, eta sadaya pangdeudeul teh janten minangka modal kanggo unggal pribadi di sakuliah dunya anu peryogi nampi Beja Kabungahan.

MIANG

NGAGABUNG JADI PADAMEL KA PIBUATEUN ANU SAKITU LEGANA

Kayakinan Every Home for Christ nu kahiji nya eta “Amanah Agung kedah dilaksanakeun.” EHC ngutus reban padamel pribumi ti sakuliah dunya, aya kana saratus bangsa langkung, unggal dinten! Sim kuring yakin yen sadaya pangiring Gusti Yesus peryogi ilubiung ngawarkeun Beja Kabungahan, jalaran seueur kasempetan kanggo ilubiung. Sumangga Saderek sumping ka kantor EHC nasional anu pangcaketna, sangkan tiasa terang kumaha carana ilubiung dina ngawarkeun Beja Kabungahan ti Gusti Yesus ka anu kumelendeng keneh di nu paroek.



BATU UTAMA

HUBUNGAN NU DIRAPIHKEUN

Nya Allah ku manten anu nangtoskeun supaya sakumna sipat Allah tumerap ka Anjeunna, Putra-Na. Seug eta Putra-Na teh dianggo jalan supaya sakur nu aya di satungkebing langit jeung di satangkaraking jagat mulang deui kana cepengan Mantenna. Nya ku Putra-Na anu nepi ka pupus lantaran disalib, sakumna nu aya di bumi jeung di sawarga bisa diangken hade deui ku Allah. (Kolosa 1:19-20)

Indek

Pelajaran:

- 1-1 Gusti Allah, Anu Nyipta Sawarga jeung Dunya.....Kaca 20**
Mantenna Nyipta Saniskara
- 1-2 Manusa teh Ciciptan Husus.....Kaca 21**
Dicipta pikeun Hubungan Husus sareng Gusti Allah tur sareng Sasamana
- 1-3 Iblis si Tukang Nipu.....Kaca 22**
Manehna Datang Rek Maling, Maehan, jeung Ngaruksak
- 1-4 Adam jeung Hawa Baha ka Gusti Allah.....Kaca 23**
Kiwari Urang Hinup dina Panyapa
- 1-5 Kalawarga nu Dipilih.....Kaca 24**
Hubungan Husus Gusti Allah sareng Ibrahim
- 1-6 Ibrahim Diuji ku Gusti Allah.....Kaca 25**
Ibrahim Taat ka Gusti Allah
- 1-7 Sanggeus Maot Aya Kahirupan.....Kaca 26**
Kahirupan Sanggeus Maot di Sawarga atawa di Naraka
- 1-8 Gusti Yesus Kristus.....Kaca 27**
Sagemblengna Gusti Allah tur Sagemblengna Manusa
- 1-9 Rancangan Allah Ngarapihkeun Manusa.....Kaca 28**
Nandang Hukuman Dosa tur Ngarapihkeun deui Hubungan
- 1-10 Maot Ditalukkeun ku Gusti Yesus.....Kaca 29**
Gugah-Na deui ti nu Maraot Ngabuktikeun Saha Anjeunna teh
- 1-11 Kumaha Carana Supaya Salamet?.....Kaca 30**
Percaya
- 1-12 Kumaha Sikep Urang kana Kaasih Allah?.....Kaca 31**
Tobat
- 1-13 Sim Kuring Sobat Gusti Yesus.....Kaca 32**
Taat kana Parentah-Na, Kuring Tetep dina Asih-Na

GUSTI ALLAH, ANU NYIPTA SAWARGA TUR DUNYA

PELAJARAN

1-1

Mantenna Nyipta Saniskara



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Allah teh tunggal. Mantenna maha uninga, maha kawasa, maha hadir, sarta nyipta saniskara sanes ti nu geus aya. Gusti Allah ngabentuk alam dunya ku parentah-Na. Gusti Allah ngadamel saniskara kalawan sampurna ku jalaran Mantenna teh estu sampurna.

Ayat Konci: PANGERAN ngajadikeun bumi ku pangawasa-Na; ngajadikeun alam dunya jeung mentangkeun langit ku hikmah-Na. (Yermia 51:15)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Allah jumeneng samemeh aya saniskara. Numutkeun Alkitab mah Gusti Allah nyipta alam dunya katut sagala eusina salami genep dinten. Dinten kahiji dugi kalima Gusti Allah nyiptakeun caang, panonpoe, bulan, bintang jeung langit, katut laut jeung darat. Mantenna nyiptakeun tutuwuhan jeung sagala rupa sasatoan nu harirup di laut tur bangsa manuk kalawan sagala kamampuh sangkan bias terus ngalobaan. Ku Gusti Allah ditilik sarta kamanah ku Mantenna. Carita urang diawitan ti dinten kakagenep.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Allah ngandika, "Di darat sing aya rupa-rupa sasatoan, sato piaraan, sato leuweung, nu galede, nu laleutik." Seug bae jadi. Sanggeus dipidamel, ku Allah ditilik sarta kamanah. Allah ngandika, "Ayeuna Urang nyieun manusa, masing nyeples sarimbag jeung Urang. Urang sina murba ka bangsa lauk, ka bangsa manuk jeung ka bangsa sasatoan, boh sato piaraanana, boh sato leuweungna, nu galede, nu laleutik." Lajeng Allah ngadamel bangsa manusa nyeples Mantenna. Ngadamelna lalaki jeung awewe. Geus kitu diberkahan, timbalana-Na, "Masing loba anak, turunan maraneh sing nepi ka minuhan ieu bumi sarta murba ka eta. Maneh ku Kami dikawasakeun murba ka bangsa lauk, ka bangsa manuk, kitu deui ka bangsa sasatoan leuweung." (Kajadian 1:24-28)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Jabur 33:6-9; Yesaya 40:21-28; Kolosa 1:16; Ibrani 11:3; Wahyu 4:11)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Sadaya nu aya di alam dunya ieu sanens jadi kalawan teu dihaja. Aya Anu nyiptana nya eta nya eta Gusti Allah ku Mantenna. Sadaya anu dicipta ku Gusti Allah mah sampurna.

MANUSA TEH CICIPTAN HUSUS

PELAJARAN
1-2

Dicipta pikeun Hubungan Husus sareng Gusti Allah tur Sasama



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Allah nyipta manusa anu beda jeung sasatoan. Manas amah dicipta sarimbag sareng Gusti Allah. Gusti Allah nyipta manusa sangkan aya hubungan husus sareng Mantenna. Gusti Allah nyiptakeun panulung kanggo manusa.

Ayat Konci: Abdi muji sukur ka Gusti, Gusti estu luar biasa sugri damel Gusti ajai ... (Jabur 139:14)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Numutkeun Alkitab, Gusti Allah nyiptakeun sawarga jeung dunya katut sagala anu harirup di jerona, sarata Mantenna kamanah ku sadaya ciciptan-Na.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Ari manusa, dipidamelna ku GUSTI Allah teh nya eta tina taneuh. Sanggeus diwangun mangrupa jelema, tuluy ditiupkeun napas anu matak hirup kana liang irungna, seug manusa teh ngajadi mahluk hirup. GUSTI Allah ngandika, "Teu hade manusa hirup sorangan. Ku Kami rek dibere batur anu pantes, sina ngabaturan." Tuluy Mantenna ngadamel sagala rupa sasatoan jeung rupa-rupa manuk tina taneuh, geus kitu sina daratang ka manusa tea. Mantenna palay uninga kumaha rek dingaranana eta sasatoan teh. Ku jalan kitu kabeh sasatoan teh sina baroga ngaran masing-masing. Seug eta sagala rupa manuk jeung sasatoan teh ku manusa dingaranan. Tapi sahiji ge taya nu pantes geusan jadi batur hirupna. Ti dinya eta manusa ku GUSTI Allah disina sare tibra. Sabot sare, tulang igana dicabut sahiji, ari urutna ditutupan ku daging. Eta tulang iga ti lalaki teh diwangun sina mangrupa awewe, tuluy dibawa ka eta manusa. (Kajadian 2:7,18-22)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Jabur 24:1; Jabur 100:3; Jabur 139:13-16; Rum 8:38-39; Epesus 5:28, 31)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Allah nyiptakeun lalaki jeung awewe kalawan istimewa. Aranjeunna teh sami. Aranjeunna dicipta sangkan hirup sasarengan. Aranjeunna oge dicipta sangkan garaduh hubungan sareng Gusti Allah.. ship with God.

IBLIS SI TUKANG NIPU

Manehna Datang rek Maling, Maehan, jeung Ngaruksak



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Roh jahat teh aya. Iblis teh roh jahat. Iblis ngewa ka Gusti Allah. Iblis ngewa ka ciptaan Gusti Allah anu sampurna tea, nu mawi manehna datang ka alam dunya heg nyamar jadi oray, rek ngaruksak hubungan istimewa antara Gusti Allah sareng manusa.

Ayat Konci: Bangsat datangna ngan arek maling, ngarogahala, jeung ngabinasa. Ari Kami mah malar supaya umat harirup sarta carukup. (Yohanes 10:10)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Lalaki jeung awewe tea dipernahkeunana ku Gusti Allah di taman nu endah. Gusti Allah ngandika ka eta lalaki yen sadaya tatangkalan di eta taman bisa diala tur didahar buahna, kajaba hiji tangkal. Kieu Gusti Allah, "Bubuahan tangkal nu mana bae di ieu taman, meunang didahar, kajaba ti tangkal anu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng. Eta buahna teu meunang didahar, sabab mun didahar, poe eta keneh maneh paeh." Hiji poe jol Si Iblis nyamar jadi oray heg nipu ka Hawa.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Aya sato damelan GUSTI Allah anu pangjailna, nya eta oray. Eta oray ngomong kieu ka awewe tea, "Na enya saur Allah, anjeun teu meunang ngadahar bubuahan nu aya di ieu taman?" Jawab awewe, "Bubuahan di ieu taman, ti tangkal mana bae oge meunang didahar, kajaba ti tangkal anu di tengah-tengah taman. Geus dielingan ku Allah yen teu meunang didahar, dicabak ge ulah, sabab mun ngadahar eta tangtu paeh." Ceuk oray, "Teu kitu. Hamo matak paeh. Allah sasauran kitu teh pedah uninga, yen upama aranjeun ngadahar eta buah kapinteran, aranjeun bakal mapakan Mantenna, bisa terang kana hade jeung goreng." Seug tangkal teh ku eta awewe dipelong, pohara endahna, buahna bangun pohara ngeunahna. Ceuk pamikiran, tada teuing ahengna mun bisa terang kana sagala hal. Tuluy bae metik buahna seug didahar. Sok carogena dibere, tuluy milu ngadahar. GUSTI Allah mariksa ka awewe, "Naha maneh mana kitu?" Ari walonna, "Neda eta buah teh margi ditipu ku oray." Ti dinya GUSTI Allah nimbangan ka eta oray, "Eta kalakuan maneh kudu dihukum. Ti antara sasatoan, ngan maneh nu ku Kami rek disapa. Ti semet ieu maneh baris ngengsod ku beuteung maneh sarta saumur-bakal ngahakan kekebul. Maneh jeung eta awewe baris silih pikaceuceub. Bangsa manusa jeung bangsa oray baris mumusuhan sapapanjangna. Manusa baris ngaremukeun hulu maneh, ari maneh mo weleh ngarah-ngarah rek macok keuneung manusa." (Kajadian 3:1-6,13-15)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Markus 1:9-13; 2 Tesalonika 2:8-10; 1 Petrus 5:8; Wahyu 12:9)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Napsu jahat si Iblis ngajurung kana sikep baha ka Gusti Allah tur rancangana-Na. Lalakon si Iblis di dunya dimimitian dina ngadoja Hawa. Si Iblis merdaya Hawa supaya baha ka Gusti Allah. Si Iblis ngewaeun kana hubungan husus Gusti Allah sareng manusa.

ADAM JEUNG HAWA BAHA KA ALLAH

PELAJARAN
1-4

Kiwari Urang Hirup dina Panyapa



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Si Iblis datang heg merdaya Hawa supaya baha ka Gusti Allah. Baha ka Gusti Allah teh dosa. Nu dosa mah dihukum Gusti Allah. Adam jeung Hawa henteu taat ka Gusti Allah, hartina milampah dosa, nu mawi hubungan husus aranjeunna sareng Gusti Allah jadi pegat. Balukar tina dosa teh nyeri, sangsara, tur maot.

Ayat Konci: Dosa asup ka dunya ku lantaran jelema saurang. Eta dosa mawa maot. Balukarna, maot teh sumebar sarta tumerap ka sakumna manusa, sabab sakabeh manusa geus keuna ku dosa. (Rum 5:12)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Manusa munggaran anu dicipta ku Gusti Allah dingaranan Adam jeung Hawa. Tangkal anu disebut dina ieu carita nya eta tangka anu maparin pangarti kana hade jeung goreng. Gusti Allah ngandika yen aranjeunna kenging ngadahar bubuahan ti sadaya tatangkalan iwal ti tangkal nu hiji tea.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Seug tangkal teh ku eta awewe dipelong, pohara endahna, buahna bangun pohara ngeunahna. Ceuk pamikiran, tada teuing ahengna mun bisa terang kana sagala hal. Tuluy bae metik buahna seug didahar. Sok carogena dibere, tuluy milu ngadahar. Harita keneh, sanggeus ngadahar eta buah, duanana kaancikan ku pangarti, sarta terus sadar yen taranjang. Tuluy maranehna ngantet-ngantetkeun daun kondang dipake apok.

Pasosore, waktu GUSTI Allah ngaroris ka eta taman, ku maranehna kadarenggeun, tuluy bae nyarumput kana sela-sela tatangkalan. Nu lalaki ku GUSTI Allah digentraan, "Maneh di mana?" Walonna, "Ku abdi kakuping Anjeun aya di taman. Abdi nyumput margi ngaraos gimir rehna taranjang." Allah mariksa, "Nyaho ti saha yen ditaranjang? Na maneh ngadahar buah anu ku Kami dilarang?" Walonna, "Sumuhun, dipaparin ti awewe paparin ti Anjeun tea." GUSTI Allah mariksa ka awewe, "Naha maneh mana kitu?" Ari walonna, "Neda eta buah teh margi ditipu ku oray." Ti dinya Mantenna nimbangan ka awewe tea, "Kanyeri maneh ku Kami rek ditambahan sajeroning eukeur kakandung, kitu keneh kanyeri dina waktu ngajuru. Sanajan kitu maneh mo weleh cumantel ka salaki, sanajan kudu tetep kumawula ka dinya." Timbalana-Na ka lalaki, "Maneh geus kabawakeun ku pamajikan ngadahar buah anu ku Kami dilarang. Ku sabab eta, ieu bumi baris keuna ku panyapa. Mun hayang kaala hasilna geusan dahareun maneh sacukupna, maneh saumur-umur kudu digawe tisuusut-tidungdung. Sabab tanah teh baris ngabijilkeun jujukutan, hama jeung bangsa cucuk, nepi ka maneh kapaksa kudu ngadaharan tutuwuhan leuweung. Maneh kudu luut-leet kesang heula sangkan bumi bisa mere hasil. Kitu bae sapapanjangna, nepi ka maneh mulang deui kana taneuh, asal maneh tea. Ku sabab maneh dijieun teh tina taneuh, nya kudu balik deui ngajadi taneuh." (Kajadian 3:6-13, 16-19)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Yesaya 59:2; Rum 3:23; Rum 6:23; Yakobus 1:13-15; 1 Yohanes 3:5)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Jalaran hamham tur henteu taat ka Gusti Allah, hubungan husus manusa sareng Gusti Allah jadi pegat. Gusti Allah Anu sampurna henteu iasa nampi nu dosa. Sadaya manusa geus dosa. Balukarna dosa teh nyeri, sangsara, tur maot.

KULAWARGA NU DIPILIH

PELAJARAN

1-5

Hubungan Husus Gusti Allah sareng Ibrahim



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Balukar tina dosa Adam jeung Hawa tumerap ka sadaya manusa. Gusti Allah ngarancang sangkan manusa tiasa babakti ka Mantenna. Mantenna jangji ka saurang nu namina Ibrahim. Gusti Allah jangji yen turunan Ibrahim bakal dirapihkeun deui hubunganana sareng Mantenna.

Ayat Konci: Ngandika PANGERAN ka Abram, “Maneh kudu pindah. Lemah cai, baraya-baraya, eusi imah bapa, tinggalkeun. Jugjug hiji nagara anu engke rek dituduhkeun ku Kami. Maneh rek dibere turunan loba, anu pijadieun bangsa gede. Kami seja mere berkah ka maneh, sarta ngaran maneh ku Kami seja dijieun kamashur, nepi ka maneh pijadieun berkah. Kami baris ngaberkahan ka anu ngaberkahan ka maneh. Baris nyapa ka anu nyapa ka maneh. Kabeh bangsa ku Kami baris diberkahan, ku jalan maneh.” (Kajadian 12:1-3)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Ibrahim teh jalma anu taat ka Gusti Allah. Mantenna milih kulawarga Ibrahim pikeun ngalawan si Iblis tur ngaberkahan sadaya manusa. Ibrahim hamham kana jangji Gusti Allah yen marek dipaparin putra ti bojona. Ibrahim sareng bojona teu gaduheun putra, nu mawi Ibrahim gaduh putra ti rencang bojona nu. Budak teh dingaranan Ismail.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Mangsa yuswa Abram salapan puluh salapan taun, PANGERAN nembongan deui sarta ngandika, “Ieu Kami, Allah Nu Maha Kawasa. Masing anut ka Kami ulah aya kuciwana. Kami rek meungkeut perjangjian jeung maneh. Turunan maneh baris loba.” Bruk Abram sujud nyium taneuh. Allah ngadawuh deui, “Kieu perjangjian anu rek dibeungkeut jeung maneh teh: Kami jangji, maneh baris jadi karuhun bangsa-bangsa loba pisan. Ti semet waktu ieu ngaran maneh lain Abram, tapi Ibrahim. Sabab ku Kami baris dijadikeun karuhun bangsa-bangsa loba pisan. Turunan maneh baris pohara reana, malah aya nu baris jaradi raja. Pohara baris reana turunan maneh teh, nepi ka ngajadi bangsa-bangsa. Ieu jangji ka maneh saanak incu nu baris gumelar, baris dipageuhan ngajadi perjangjian anu langgeng. Kami baris jadi Allah maneh jeung Allahna turunan-turunan maneh. Aya deui pangandika Allah ka Ibrahim, “Pamajikan maneh ulah disebut deui Sarai. Ngaranna ayeuna mah Sarah. Kami baris ngaberkahan, manehna baris ngajuru hiji budak lalaki anu baris dibikeun ku Kami ka maneh. Enya, Kami baris ngaberkahan Sarah, manehna baris jadi karuhun bangsa-bangsa. Di antara turunanana baris aya raja-raja.” Bruk Ibrahim sujud nyium taneuh, tapi bari gumujeng, sabab ceuk manahna: “Karah jelema geus umur 100 taun rek boga anak? Sarah nu geus 90 taun, karah baris anakan?” Tapi ari unjukanana mah kieu, “Disuhunkeun, mugi Ismail dipangraksakeun supados lulus mulus.” Tapi Allah ngandika, “Lain kitu. Sarah pribadi, pamajikan maneh, baris ngandung anak maneh, lalaki. Ku maneh kudu dingaranan Ishak. Eta budakna kaasup kana perjangjian Kami, kitu deui turunan-turunanana, keur salalanggengna. (Kajadian 17:1-7, 15-19)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Kajadian 15:1-6; Yesaya 51:1-2; Galata 3:16-18; Ibrani 11:8-12; Yakobus 2:23)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17) KACINDEKAN

Rancangan Gusti Allah ngarapihkeun hubungan Mantenna sareng manusa dingawitan ti Ibrahim. Gusti Allah jangji yen saeusi dunya bakal diberkahan ngalangkungan kulawarga Ibrahim, sarta sadaya manusa hiji poe bakal dibebaskeun.

GUSTI ALLAH NGUJI IBRAHIM

PELAJARAN

1-6

Ibrahim Taat ka Gusti Allah



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Sadaya jangji Gusti Allah ka Ibrahim gumantung kana hirup Ishak. Ibrahim diuji ku Gusti Allah. Ibrahim taat kana parentah Gusti Allah. Ibrahim percaya yen Gusti Allah satia kana jangji-Na.

Ayat Konci: Ku karena percaya, Ibrahim sadrah waktu didoja ku Allah kudu meuncit Ishak putrana dijieun kurban. Sanajan Allah ka Ibrahim geus maparin jangji tea, tapi Ibrahim sadrah masrahkeun putra anu ngan hiji-hijina. Kapan jangji Allah ka Ibrahim teh kieu, “Turunan maneh anu dijangjikeun ku Kami teh bakal rundayna ti Ishak.” Ibrahim yakin Allah kawasa ngahirupkeun deui Ishak sanajan geus maot, tur enya Ishak teh sasat beunang deui tina ajal. (Ibrani 11:17-19)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Kapungkur Gusti Allah nangtoskeun kurban getih paranti nebus dosa. Kurban persembahan mangrupi lampah agama pikeun bebersih, pon kitu ibadah.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Timbalan Allah, “Anak kadeudeuh maneh anu ngan hiji-hijina, Ishak, bawa ka tanah Moria. Kurbankeun ku maneh ka ditu, duruk di hiji gunung anu ku Kami baris dituduhkeun.” Isukna, isuk-isuk pisan Ibrahim nyelaan kalde, meulahan suluh keur engke ngaduruk kurban. Bral angkat, nyandak Ishak jeung badega duaan, ngajugjug tempat anu dimaksud ku PANGERAN. Nincak kana poe katiluna, tempat anu dijugjug teh geus tembong celak-celak. Ibrahim ngalahir ka badegana, “Maraneh mah ngadaragoan di dieu bae, tungguan kalde. Kami jeung si Encep rek terus ka ditu, rek ngalampahkeun ibadah. Engke ge balik deui ka dieu.” Ishak ku anjeunna dipiwarang manggul suluh nu rek dipake ngaduruk kurban. Ibrahim ku anjeun ngajingjing gobang jeung areng ruhay, bral deui arangkat paduduaan. Teu lila pok Ishak unjukan, “Ama!” Diwaler, “Naon Ujang?” Ishak, “Suluh nyandak, seuneu nyandak, dupi domba pikurbaneunana mana?” Ibrahim ngawaler, “Enung, eta engke disayagikeun ku Allah ku manten.” Ketruk arangkat deui paduduaan. Sumping ka tempat anu dimaksud ku PANGERAN, Ibrahim ngadegkeun altar, terus suluhna ditumpukkeun di dinya. Reketek putrana diborogod, sok digolerkeun dina tumpukan suluh luhureun altar. Kek Ibrahim kana gobang, seja meuncit putrana. Sabot kitu, ngeng aya genra malaikat PANGERAN ti langit, “Ibrahim, Ibrahim!” Anjeunna ngawaler, “Nun, ieu abdi!” Genra, “Ulah dipaehan budak teh, ulah digunasika! Ayeuna Kami nyaho, maneh sakitu nurutna ka Allah. Anak ngan sasiki-sikina dipenta ku Kami, ku maneh teu dikoretkeun.” Barang Ibrahim ngareret ka gigir, bet ningali aya domba jalu, tandukna kagubed ku areuy-areuyan. Tuluy ditewak, dipeuncit sarta diduruk dijieun kurban, gaganti putrana. (Kajadian 22:2-13)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Kajadian 22:15-18; Rum 4:1-24; Yakobus 2:21-22)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17) KACINDEKAN

Ibrahim nyanggakeun Ishak jadi kurban mintonkeun iman anjeunna ka Gusti Allah. Ibrahim taat ka Gusti Allah. Nalika Ibrahim diuji ku Gusti Allah, anjeunna percaya tur taat ka Mantenna. Mangtaun-taun sanggeus lalakon Ibrahim, Gusti Allah nyayagikeun kurban nu disanggakeun sakali tapi kanggo salawasna nya eta pikeun nebus dosa sakumna manusa.

SANGGEUS MAOT AYA KAHIRUPAN

PELAJARAN

1-7

Kahirupan sanggeus Maot di Sawarga atanapi Naraka



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Alkitab miwuruk ka urang ngeunaan kahirupan sanggeus maot. Manusa bakal ka sawarga atanapi ka naraka, sanggeus maot teh. Gusti Allah jumeneng di sawarga. Di sawarga mah pinuh ku suka bungah sabab urang sasarengan sareng Gusti Allah. Naraka tempat pahukuman langgeng. Nu dinaraka mah salawasna papisah sareng Gusti Allah. Gusti Allah baris ngahakiman sakumna manusa.

Ayat Konci: Upahna dosa teh maot, sabalikna ari kurnia Allah mah nya eta hirup langgeng sarta ngahiji jeung Kristus Yesus Gusti urang. (Romans 6:23)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Alkitab nganggo misil kanggo miwuruk bebeneran. Misil the carita anu nagndung harti langkung jero. Dina misil

“Putra Manusa” nu dimaksud teh Gusti Allah.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Yesus nyarioskeun deui hiji misil: “Karajaan Sawarga teh ibarat kieu. Aya jelema nebarkeun bibit hade di lahanna. Dina hiji peuting waktuna jalma-jalma sarare, datang musuhna nyebarkeun bibit eurih dina eta lahan tuluy indit. Gandum jaradi geus mimiti ranggeuyan, eurih oge jadi. Bujang-bujangna popoyan, ‘Juragan, anu ditebarkeun teh pan binih sae. Ku naon jadi seueur eurih, ti mana dongkapna?’ Jawabna, ‘Tangtu pagawean musuh.’ Ceuk bujang-bujangna deui, ‘Kumaha, kedah dicabutan eurihna?’ Jawabna, ‘Ulah, bisi gandumna kacabut. Keun bae sina jaradi bareng. Engke dina waktu ngala, kami rek nitah ka nu digarawe nyabutan heula eta eurih sina dibeungkeutan keur durukeun, gandumna sina dikumpulkeun asupkeuneun ka leuit.’ Saur Yesus, “Jelema anu nyebarkeun binih hade, nya eta Anak Manusa. Ari lahanna nya eta dunya ieu. Binih nu hade, nya eta jalma-jalma anu geus jaradi warga Karajaan Sawarga. Eurih, nya eta jelema-jelema anu aranut ka Iblis. Musuh anu melak eurih nya eta Iblis. Waktu ngala nya eta Poe Kiamat. Nu digarawe nya eta para malaikat. Sakumaha eurih tea dikumpulkeun jeung diduruk, nya kitu engke kaayaan dina Poe Kiamat teh. Anak Manusa bakal miwarang para malaikat-Na nyabutan sakur anu ngalantarankeun manusa jadi dosa, jeung sakur anu garoreng lampah, dicabutan ti Karajaan-Na, tuluy dialung-alungkeun ka jero pameuleuman anu keur hurung ngagedur-gedur, tingjarerit jeung huntuna tingkereket. Ari anu ngarabdi ka Allah mah bakal cahayaan kawas panonpoe, di Karajaan Allah Rama maranehna. Lamun baroga ceuli pek darengekeun!” (Mateus 13:24-30, 37-43)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 13:47-50; Mateus 25:31-46; Markus 9:47-48; Yohanes 14:1-3; Pilipi 3:20; 1 Tesalonika 4:13-18; Wahyu 20:12-15; Wahyu 21-22)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17) KACINDEKAN

Sanggeus maot sadaya manusa bakal dihakiman ku Gusti Allah. Sawarga mah pinuh ku kahirupan tur kabungah. Naraka mah pinuh ku kasusah jeung kanyeri.

GUSTI YESUS KRISTUS

Sagemblengna Gusti Allah tur Sagemblengna Manusa

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Ngalangkungan Alkitab, Gusti Allah ngadamel rancangan pembebasan sangkan aya jalan pikeun ngarapikhun hubungan Gusti Allah sareng manusa anu geus pegat tea. Dina wanci nu mustari, Gusti Allah ngutus Gusti Yesus Kristus kanggo ngarapikhun hubungan Gusti Allah sareng manusa.

Ayat Konci: Ku margi kitu, Pangeran ku manten bade maparin tanda. Kieu: Hiji lanjang bakal bobot, seug ngowokeun putra pameget, dijenenganan Immanuel. (Yesaya 7:14)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Alkitab netelakeun Gusti Yesus sumpingna tina kulawarga Daud nya eta turunan Ibrahim.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Ieu wincikan hal medalna Yesus Kristus. Ibu-Na, nya eta Mariam, tunangan sareng Yusup. Tapi memeh ditikah parantos ngandung, ari ngandungna ti Roh Suci. Yusup teh jelema anu salawasna ta'at kana hukum agama, tapi teu kersaeun ngageruhkeun kaayaan Mariam kitu, rek pegat tunangan bae rerecepnan. Sabot ngamanah-manah kitu, dina impenanana anjeunna disumpingan ku malaikat anu sasauran kieu, "Yusup, turunan Daud, ulah sieun nyokot Mariam keur pibojoeun maneh, sabab ngandungna teh ku kersana Roh Suci. Mariam bakal ngalahirkeun anak lalaki, ku maneh kudu dijenenganan Yesus -- sabab bakal ngabebaskeun umat-Na tina dosa-dosana." Pang kajadian kitu teh supaya laksana sabda Allah anu diandikakeun ka nabi baheula, ungelna, "Hiji parawan bakal ngandung, ngowokeun putra pameget anu pijenenganeunana Immanuel" (hartina "Allah nyarengan ka urang"). Sanggeus gugah, Yusup tuluy tumut kana amanat malaikat, anjeunna nikah ka Mariam.

Tapi henteu waka sapatemon nepi ka Mariam babar, murangkalihna pameget, ku Yusup dijenenganan Yesus. (Mateus 1:18-25)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 16:13-20; Mateus 26:63-64; Lukas 1:28-35; Yohanes 1:1-14; Yohanes 3:16; Pilipi 2:5-11; Kolosa 1:15-20; Kolosa 2:9)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Yesus Kristus teh sagemblengna Gusti Allah tur sagemblengna manusa. Gusti Yesus Kristus diutus kanggo ngarapikhun hubungan Gusti Allah sareng manusa anu pegat tea.

RANCANGAN ALLAH NGARAPIHKEUN MANUSA

PELAJARAN

1-9

Nandang Hukuman Dosa tur Ngarapihkeun Hubungan



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Allah miasih ka sakumna manusa. Manusa dicipta pikeun miasih ka Gusti Allah sarta gaduh hubungan anu sae sareng Mantenna. Si Iblis merdaya Adam jeung Hawa supaya henteu taat ka Gusti Allah. Henteu taat ka Gusti Allah hartina dosa. Dosa ngaruksak hubungan nu sampurna antara Gusti Allah sareng manusa. Gusti Allah jangji ka manusa yen hubungan anu sampurna antara Mantenna sareng manusa teh bakal dirapihkeun. Gusti Allah jangji ka Adam yen hiji mangsa saurang ti kulawargana bakal ngareumkeun hulu si Iblis. Gusti Allah jangji yen Mantenna baris ngaberkahan bangsa-bangsa sadunya ngalangkungan kulawarga Ibrahim. Gusti nedunan jangji-Na ku jalan ngutus Putra-Na nya eta Gusti Yesus Kristus.

Ayat Konci: Sajeroning urang keur teu bisa walakaya keneh, dina waktu anu geus ditangtukeun ku Allah, Yesus pupus jadi gaganti urang, jelema anu doraka. (Rum 5:6)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Allah ngutus Putra tunggal-Na, nya eta Gusti Yesus Kristus, anu dibabarkeunana kalawan mujijat. Mantenna sagemblengna Gusti Allah tur sagemblengna manusa. Mantenna hirup tur tumuwuh tanpa kantos milampah dosa. Mantenna midamel rupi-rupi mujijat sarta seueur miwuruk bebeneran tur kawijaksanaan. Seueur oge pamingpin agama anu ngarewaeun ka Gusti Yesus heg ngarancang rek nelasan Mantenna. Kapala pamarentahan mariksa Gusti Yesus namung teu mendakan kasalahan naon-naon. Pikeun nyenangkeun jalma rea, eta kapala pamarentahan masrahkeun Gusti Yesus kanggo disiksa ku jalma rea tur dipaku dina kai dipalang. Kai dipalang teh alat pikeun nyiksa. Gusti Allah ngandika yen Gusti Yesus disiksa dugi ka maot kanggo nebus dosa urang.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Yesus ku serdadu-serdadu Pilatus diasupkeun ka karaton tuluy digoronyok ku sarerea. Anggoana-Na dilaan diganti ku jubah wungu. Serdadu-serdadu nyieun mamakutaan tina cucuk diterapkeun kana mastaka-Na, ari panangan tengen-Na sina nyepeng iteuk. Geus kitu eta serdadu-serdadu pura-pura sarujud ka Anjeunna. "Daulat Raja urang Yahudi!" ceuk maranehna maroyokan, tuluy nyariduhan ka Anjeunna. Iteukna ku maranehna dijewang, dibabukkeun kana mastaka-Na. Sanggeus diparoyok, jubah wunguna dilaan diganti deui ku jubah-Na ku anjeun. Ti dinya Anjeunna dibawa ka luar rek digantung dina kayu salib. Di tengah jalan, maranehna papanggih jeung hiji jelema urang Kirena ngaranna Simon. Eta jelema ku serdadu-serdadu dipaksa sina manggul kayu salib Yesus. Sanggeus narepi ka hiji tempat anu disebut Golgota, anu hartina "Tempat Tangkorek," Yesus disina ngaleueut anggur anu dicampuran hamperu. Tapi sanggeus diraosan Anjeunna teu kersaeun. Anjeunna terus disalib, anggoana-Na dibagikeun ku lotre, tuluy dijaraga bari dariuk. Dina luhureun mastaka-Na maranehna masang tulisan panuding ka Anjeunna, unina: "IEU YESUS, RAJA URANG YAHUDI." Aya dua penjahat anu digantung bareng jeung Anjeunna, hiji di tengeneun hiji deui di kiwaeuna-Na. Waktu geus tengah poe, sakuliah nagri ngadak-ngadak jadi poek, tilu jam lilana. Yesus ngajerit deui tarik pisan, geus kitu les pupus. (Mateus 27:27-38, 45, 50)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Yesaya 53:5-6; Markus 10:45; Yohanes 1:29; Epesus 1:7; 1 Timoteus 1:15; 1 Petrus 2:24)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Sakumna manusa tiasa gaduh hubungan istimewa sareng Gusti Allah jalaran pupusna Gusti Yesus Kristus dina kai dipalang. Dosa urang geus ditebus ku Gusti Yesus Kristus. Mantenna teh kurban anu sampurna kanggo nebus dosa, anu ngagentos urang. Urang henteu layak nampi ieu hadiah istimewa, estu mung ku jalaran kaasih Mantenna ka sakumna manusa. Sakur anu percaya ka Gusti Yesus Kristus tur nampi hadiah anu dipaparinkeun, tanwande hubunganana sareng Gusti Allah bakal dirapihkeun.

MAOT DITALUKKEUN KU GUSTI YESUS

Gugah-Na deui ti nu Maraot Ngabuktikeun
Saha Anjeunna teh

PELAJARAN
1-10



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Nalika hirup kumelendeng di ieu dunya, Gusti Yesus misaur yen Anjeunna bakal pupus kanggo dosa-dosa urang tur gugah deui ti nu maraot. Gusti Yesus pupus dina kai dipalang naming hirup deui. Gugahna deui Gusti Yesus ti nu maraot teh buktos yen Anjeunna the estu Allah. Sadaya dawuhan tur parentah-Na saestu.

Ayat Konci: Hal anu katampa ku sim kuring teh diwartakeunana ka aranjeun sakumaha anu kaungel dina Kitab Suci, pangpangna hal pupusna Kristus ku karena dosa urang. hal dikurebkeuna-Na, hal dihirupkeuna-Na deui sanggeus tilu poe pupus sakumaha anu kaungel dina Kitab Suci. (1 Korinta 15:3-4)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Layon Yesus dilungsurkeun tina kai dipalang ku sobat-sobat-Na, tuluy dikurebkeun dina hiji guha. Pamarentah marentahkeun neundeun batu gede paranti nutup liang ka eta guha. Tantara ditempatkeun pikeun ngajaga supaya ulah aya nu bisa maling layon Yesus. Dinten katilu sanggeus pupus-Na, dua wanoja rek ngalayad ka eta guha. Barang nepi ka dinya kasampak batu panutupna tea geus tiguling, breh aya malaikat Gusti calik di dinya.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Malaikat teh ngalahir ka eta dua wanita, "Nyai ulah sarieun. Kami terang Nyai rek ngalayad Yesus anu tas disalib. Anjeunna geus teu aya di dieu, geus digugahkeun sakumaha saur-Na tea. Hiap taringal ka dieu urut ebog-Na. Ayeuna buru-buru bae bejakeun ka murid-murid-Na kieu, 'Anjeunna geus digugahkeun ti nu maraot, ayeuna keur angkat ka Galilea miheulaan aranjeun. Engke tangtu kapanggih di ditu!' Tah kitu bejakeunana, sing inget." Bral maranehna arindit ti dinya gura-giru bari sieun tapi bungah, tungtungna lalumpatan rek pupulih ka murid-murid Yesus. (Mateus 28:5-8)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Rasul-Rasul 2:22-24; Rum 1:3-4; Rum 8:33-34; 1 Korinta 15:12-22; 1 Petrus 1:3)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus gugah ti nu maraot. Kawasa maot henteu nerap ka Gusti Yesus jalaran Gusti Yesus Kristus mah Gusti Allah ku Manten. Anjeunna teh kurban nu sampurna kanggo nebus dosa. Gusti Yesus Kristus teh Gusti Allah Anu hirup. Gusti Yesus Kristus ngabuktoskeun yen Anjeunna teh sanes mung saukur guru atanapi nabi nu sae. Gusti Yesus Kristus ngabuktoskeun yen Anjeunna ngagem sadaya kakiatan tur kawasa. Gusti Yesus Kristus ngabuktoskeun yen Anjeunna Raja alam dunya.

KUMAHA CARANA SUPAYA SALAMET?

PELAJARAN

1-11

Percaya



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Yesus pupus tur gugah deui ti nu maraot sangkan sadaya manusa tiasa hirup. Sakumna manusa disaur sangkan iman ka Gusti Yesus Kristus sarta percaya yen Anjeunna teh Putra Allah. Sakumna manusa tiasa dibebaskeun tina hukuman dosa upami percaya ka Gusti Yesus sarta ngaku kalawan dikedalkeun yen Anjeunna teh Gusti Allah. Sakumna manusa tiasa milih percaya ka Gusti Allah tur disalametkeun nampik Mantenna. Pangersa Gusti Allah mah sakumna manusa disalametkeun.

Ayat Konci: Karana kacida mikaasihna Allah ka alam dunya, nepi ka masihkeun Putra tunggal-Na, supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa, tapi meunang hirup langgeng. Sabab Allah ngutus Putra-Na ka alam dunya teh lain pikeun ngahukum alam dunya, tapi pikeun nyalametkeun. (Yohanes 3:16-17)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Saparantos gugah ti nu maraot Gusti Yesus nembongan ka para murid-Na. Salasaurang murid-Na namina Tomas henteu ngiring dina riungan harita. Atuh anjeunna tacan tepang sareng Gusti Yesus ti barang Anjeunna disalib. Percaya yen kajadianana leres lumangsung tanpa ditingal ku nyalira, disebutna iman.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Tomas, murid ti nu dua welas (anu sok disebut si “Kembar”), waktu Yesus nembongan teh keur teu aya, seug dibarejaan ku murid-murid sejen, “Urang mah geus panggih deui jeung Gusti!” Tembal Tomas, “Kuring mah mun can nenjo jeung can ngusapkeun ramo kana tapak paku dina panangana-Na, jeung can nyabakkeun leungeun kana angkeng-Na, moal percaya!” Heuleut saminggu ti harita murid-murid kumpul deui di jero imah anu kamari ieu, Tomas oge aya. Pantona ditulakan, tapi Yesus sumping, ujug-ujug geus ngadeg di dinya. Tuluy ngalahir, “Salam rahayu.” Ti dinya ngalahir ka Tomas, “Rampakeun ramo maneh kana ieu, tenjo ieu leungeun Kami. Sodorkeun leungeun maneh, cabak ieu cangkeng Kami. Geus, ulah cangcaya, sing percaya!” “Gusti sim abdi, Allah sim abdi!” walon Tomas. Pilahir Yesus ka Tomas, “Maneh percaya da geus nenjo Kami, nya? Bagja kacida anu percaya sanajan teu kungsi nenjo heula ka Kami!” Yesus ka murid-murid-Na nembongkeun rupa-rupa deui kaajaiban anu henteu ditulis dina ieu kitab. Tapi sakabeh anu geus dituliskeun maksudna netelakeun yen Yesus teh Kristus, Jurusalamet, Putra Allah, supaya dulur-dulur percaya. Sabab lamun dulur-dulur percaya ka Anjeunna tangtu meunangkeun hirup. (Yohanes 20:24-31)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Yohanes 3:16-21; Rasul-Rasul 10:43; Rasul-Rasul 16:25-31; Rum 6:23; Rum 10:9-10; Galata 2:20; Galata 3; Epesus 2:8-9; Ibrani 11)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus nandang hukuman dosa urang. Dawuhan Gusti netelakeun, jalma bisa meunangkeun hirup langgeng upami percaya yen Gusti Allah ngagugahkeun Yesus Kristus ti nu maraot. Pamohalan bias jadi pangiring Gusti Yesus upami henteu gaduh iman. Iman nya eta percaya ka Gusti Yesus sanaos tacan kantos ningal Anjeunna. Iman nya eta percaya yen Gusti Yesus gugah ti nu maraot kanggo nebus urang tina hukuman dosa.

KUMAHA SIKEP URANG KANA KAASIH ALLAH?

PELAJARAN
1-12

Tobat



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Tobat nya eta robahna hate tur emutan. Tobat kalebet emutan tur laku lampah anu beda tina hal dosa tur Gusti Allah. Tobat hartina ngewa kana dosa sakumaha Gusti Allah ijid kana dosa. Tobat ngahasilkeun parobahan tina laku lampah anu pinuh ku dosa.

Ayat Konci: Jaman manusa teu terang ka Allah ku Allah parantos teu diemut-emut. Ayeuna Mantenna mundut supaya manusa di mana-mana tarobat tina dosana. (Rasul-Rasul 17:30)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus teh guru agung Anu midamel rupi-rupi mujijat tur nyageurkeun nu aludur. Ka mana bae angkatna Gusti Yesus, sok ditalurkeun ku jalma rea.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Yesus lebet ka kota Yeriho, sarta angkat-Na terus ngalangkungan eta kota. Di dinya aya hiji kapala tukang mulung pajeg, ngaranna Sakeus, jelema beunghar. Manehna ihtiar hayangeun nenjo saha Yesus teh. Tapi ku sabab kahalangan ku jalma loba tur awakna pendek, ihtiarna teu hasil. Tuluy lumpat miheulaan jalma loba, terekel naek kana hiji tangkal rek megat Yesus anu baris ngalangkung ka dinya. Sumping ka lebah dinya Yesus tanggah sarta ngalahir, "Sakeus, geuwat turun! Poe ieu Kami rek nganjang ka maneh." Sakeus turun tutrubun, tuluy ngamanggakeun ka Yesus bangun kacida atoheunana. Tapi jelema-jelema jadi gegelendeng, pokna, "Kumaha Anjeunna teh? Bet kersa calik ka jelema anu doraka kitul!" Sakeus unjukan ka Yesus, nangtung ajeg, "Juragan, harta banda abdi satengahna bade dihajatkeun ka nu mariskin. Sareng upami harta abdi aya anu kening nipu, bade dipulangeun opat kalieun." Pilahir Yesus, "Poe ieu, ieu imah geus didatangan ku kasalmetan, sabab ieu jelema teh turunan Ibrahim keneh. Putra Manusa pang sumping teh rek neangan jeung nyalametkeun jelema nu leungit." (Lukas 19:1-10)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 3:2; Mateus 4:17; Markus 1:15; Lukas 5:32; Lukas 13:15; Rasul-Rasul 2:31-41, Rasul-Rasul 3:19-20)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17) KACINDEKAN

Urang tiasa tobat ku jalan percaya ka Gusti Yesus. Nalika tobat, hate tur emutan urang dirobah. Nalika hate tur emutan urang dirobah, laku lampah urang nu pinuh dosa teh dirobah. Sakur anu percaya ka Gusti Yesus milampah hirup anu henteu sarua jeung jalma sakurilingeunana anu teu palercaya ka Gusti Yesus.

SIM KURING SOBAT GUSTI YESUS

PELAJARAN

1-13

Taat kana Parentah-Na, Kuring Tetep dina Asih-Na



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Salaku pangiring Gusti Yesus, urang teh sobat Gusti Allah. Sobat Gusti Allah mah loma ka Mantenna. Sobat Gusti Allah miasih ka Mantenna, sarta mikanyaah ka sasama. Sobat Gusti Allah percaya tur taat kana parentah Mantenna.

Ayat Konci: Domba Kaula mah ngadengekeun kana sora Kaula. Kaula wawuh ka maranehna, sarta maranehna anut ka Kaula. (Yohanes 10:27)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus nuju cumarios sareng para rasul-Na, maparin pituduh ka aranjeunna. Rama Anu dicarioskeun ku Anjeunna teh nya eta Gusti Allah Rama.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

“Gusti,” ceuk Pilipus, “tingalikeun Rama teh ka abdi-abdi, supados abdi-abdi teu panasaran.” Waler Yesus, “Geus sakitu lilana Kami reureujeungan jeung maneh, piraku maneh can wawuh keneh bae ka Kami, Pilipus? Anu geus nenjo Kami tangtu nenjo ka Rama, ku naon ceuk maneh bieu ‘Tingalikeun Rama teh ka abdi-abdi’? Sakumaha Kami dipikanyaah ku Rama, maraneh oge dipikanyaah ku Kami, anu matak kudu tetep aya dina kanyaah Kami. Lamun narurut kana parentah Kami tangtu tetep ku Kami dipikanyaah, sakumaha Kami tetep dipikaasih ku Rama lantaran nurut kana timbalana-Na. Nu matak dibarejaan kitu teh supaya kabungah Kami jadi kabungah maraneh, jeung supaya kabagjaan maraneh lengkep sampurna. Kieu parentah Kami teh: Maraneh sing silih pikanyaah, saperti Kami nyaah ka maraneh. Kanyaah nu panggedena ti hiji jalma ka sobat-sobatna, nya eta lamun nepi ka ikhlas ngorbankeun jiwa pikeun ngabelaanana. Maraneh teh sobat-sobat Kami lamun ngalakonan ieu parentah Kami. Maraneh ku Kami moal disebut deui abdi-abdi, sabab nu jadi abdi mah henteu nyahoeun ka anu keur dipigawe ku dununganana. Sabalikna, maraneh ku Kami disebut sobat, lantaran geus dibarere nyaho sagala perkara anu ku Rama didawuhkeun ka Kami.” (Yohanes 14:8-9; 15:9-15)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 7:16-20; Yohanes 14:15-23; Kolosa 1:10; 2 Petrus 1:3-8; 1 Yohanes 4:7-8; 1 Yohanes 5:1-5)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Salaku pangiring Gusti Yesus, urang teh sobat Gusti Allah. Salaku sobat Gusti Allah, urang teh disaur pikeun ngupingkeun Pangandika Gusti Allah tur taat ka Mantenna. Salaku sobat Gusti Allah, urang teh disaur pikeun mikanyaah ka batur nulad ka Gusti Yesus Anu miasih ka urang.



PONDASINA

SATUNGGAL SARENG KRISTUS

Sing tetep ngahiji di Kami, Kami oge baris tetep ngahiji di maraneh. Maraneh anu jadi dahan-dahan moal baruahan lamun henteu ngahiji di Kami, sabab dahan mustahil buahan lamun henteu ngahiji dina tangkalna. (Yohanes 15:4)

INDEK

Pelajaran:

2-1 Dibaptis.....	Kaca 34
<i>Percayaka Gusti</i>	
2-2 Urang teh Caangna Dunya.....	Kaca 35
<i>Bewarakeun ka Batur Saha Gusti Yesus teh</i>	
2-3 Masing Akur jeung Batur.....	Kaca 36
<i>Masing Jembar Panghampura</i>	
2-4 Ulah Ngaranyed.....	Kaca 37
<i>Ulah Melong ka Awewe Bakat ku Bogoh</i>	
2-5 Pernikahan Disakralkeun ku Gusti Allah.....	Kaca 38
<i>Pipirakan teh Dipikacua ku Gusti Allah</i>	
2-6 Sikep kana Kateuadilan.....	Kaca 39
<i>Hirup anu Mintonkeun Kaasih Gusti Allah</i>	
2-7 Nyaah ka Nu Mikangewa.....	Kaca 40
<i>Gusti Allah Miasih Sakumna Jalma</i>	
2-8 Resep Barang Bere.....	Kaca 41
<i>Gusti Allah Mirosea ka nu Raripuh</i>	
2-9 Doa.....	Kaca 42
<i>Cumarios ka Gusti Allah tur Ngaregepkeun Mantenna</i>	
2-10 Kumpulkeun Banda Pakaya di Sawarga.....	Kaca 43
<i>Sanggakeun hirup tur Banda Pakaya ka Gusti Allah</i>	
2-11 Ulah Salempang.....	Kaca 44
<i>Gusti Allah Uninga tur Mirosea kana Pangabutuh Urang</i>	
2-12 Ulah Ngahukuman Batur.....	Kaca 45
<i>Gusti Allah Nu Janten Hakimna</i>	
2-13 Penta, Teang, Keketrok.....	Kaca 46
<i>Gusti Allah Ngawaler Doa nu Pengkuh</i>	

DIBAPTIS

Percaya ka Gusti



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Dibaptis ku cai teh parentah ti Gusti Allah. Alkitab netelakeun yen sanggeus narima Kristus, urang kedah dibaptis. Baptisan nya eta nalika jalma anu kakara percaya ka Gusti Yesus diteuleumkeun sakolebat ka jero cai nyat dihanjatkeun deui. Baptisan nya eta gambaran rohaniah jalma nu dihirupkeun deui ti nu maot nalika anjeunna jadi pangiring Gusti Yesus. Baptisan nya eta gambaran pikeun nembongkeun ka batur yen urang teh pangiring Gusti Yesus.

Ayat Alkitab: Ku sabab eta datangan jalma-jalma saalam dunya jaradikeun murid Kami, baptis kalawan pajeungan Rama, Putra, jeung Roh Suci... (Mateus 28:19)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Pilipus teh pangiring Gusti Yesus anu ngabewarakeun Beja Kabungahan ti karajaan Gusti Allah.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Ari Pilipus nguarkeunana hal Jurusalamet teh di hiji kota penting di Samaria. Urang dinya saregep pisan kana wawaran Pilipus, komo barang narenjo mujijat-mujijatna mah. Roh-roh jahat kaluar tingjareng ti jelema-jelema anu diasupanana, nu lalumpuh, nu dareog, dicilageurkeun, estu matak bungah urang dinya. Di eta kota aya hiji jelema ngaranna Simon, nyebut maneh jelema pinunjul, geus lila pada mikaserab lantaran bisaen ilmu sihir. Jelema-jelema ti saban lapisan kacida mupunjungna, nyarebutna ge, "Anjeunna teh kakuatan Allah anu kawentarkeun 'Kakawasaan Pinunjul'." Geus lila urang dinya kapangaruhan ku ilmu sihirna. Tapi sanggeus ku Pilipus diuaran Injil Kasalametan hal Karajaan Allah jeung hal Yesus Kristus mah tuluy palercayaeun kana wawaran anjeunna, nepi ka dibaraptis awewe lalaki. Simon oge percayaeun, sarta sanggeusna dibaptis teu daekeun jauh ti Pilipus, ngarasa helok ku mujijat-mujijatna. (Rasul-rasul 8:5-13)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Rasul-rasul 2:38; Rasul-rasul 18:8; Rum 6:4-5; Galata 3:27; Kolosa 2:12)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Alkitab netelakeun yen pangiring Gusti Yesus kedah dibaptis. Baptisan cai perlambang kajadian dina jero hate urang nalika nampi Gusti Yesus salaku Gusti tur Jurusalamet urang pribadi. Baptisan nya eta kasaksian ka batur yen urang teh pangiring Gusti Yesus Kristus.

URANG TEH CAANGNA DUNYA

Bewarakeun ka Batur Saha Gusti Yesus teh

PELAJARAN

2-2



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Pangiring Gusti Yesus sok disebutna urang Karesten. Pangandika Gusti netelakeun yen urang Karesten kedah janten caangna dunya ku jalan nguarkeun saha Gusti Yesus teh.

Ayat Alkitab: Maraneh di dunya teh minangka caang. Kota anu ngadeg di luhur pasir moal bisa dibunian.

Moal aya anu nyeungeut lampu tuluy dituruban ku gentong, tangtu diteundeun dina parantina, sangkan nyaangan ka sakur nu di imah. Caang maraneh ge kudu mencar ka sarerea, sangkan dipiconto kalakuan maraneh nu hade, supaya batur teh ngamulyakeun ka Rama maraneh nu jumeneng di sawarga. (Mateus 5:14-16)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus nuju calik di gigireun sumur. Jol aya awewe rek ngala cai tina eta sumur. Gusti Yesus nyuhunkeun cai kanggo ngaleueut ka eta awewe. Gusti Yesus misaur ka eta awewe yen Anjeunna iasa maparin cai kahirupan pikeun hirup langgeng. Gusti Yesus netelakeun ka eta awewe soal hirupna sabab Anjeunna mah ngagem kawasa ilahi. Gusti Yesus netelakeun ka eta awewe yen Mantenna teh Gusti Allah. Eta awewe helokkeun pisan nguping kasauran Gusti Yesus heg anjeunna percayaeun.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Ari awewe tea ngalesotkeun wadah caina tuluy lumpat ka kota deui, bebeja ka nu araya di dinya, "Hayu geura, urang nenjo jelema anu bisaeun nyaritakeun kalakuan kuring bareto. Palangsiang eta teh Kristus tea, nya?" Jalma-jalma tuluy budal ti jero kota rek maranggihan Yesus. Basa awewe tea ngomong yen, "Anjeunna bisaeun nyaritakeun kalakuan kuring bareto," urang kota eta loba anu terus percaya ka Yesus. Nu matak sanggeus daratang ka Anjeunna, maranehna nunuhun supaya Anjeunna linggih ka maranehna, sarta Yesus terus cicing di maranehna dua poe. Loba deui anu palercaya ka Anjeunna sanggeus ngadarengge pilahir-pilahir-Na. Ceuk maranehna ka awewe tea, "Percaya teh ayeuna mah lain tina caritaan Nyai, tapi tina sabab geus ngadenge sorangan pilahir-pilahir-Na. Nyaho ayeuna mah, Anjeunna teh Jurusalamat saalam dunya." (Yohanes 4:28-30, 39-42)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Markus 16:15-16; Lukas 11:33-36; Rasul-rasul 1:8)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus teh Caang nu saestu tur Jurusalamat dunya. Gusti Yesus ngajurung para pangiringna sangkan mariang tur jaradi caangna dunyasangkan batur bisa ningali tur ngalartieun saha Anjeunna teh.

MASING AKUR JEUNG BATUR

Masing Jembar Panghampura

PELAJARAN

2-3



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus marentahkeun ka para murid-Na sangkan hirup alakur. Para pangiring Gusti Yesus diparentahkeun supaya akur jeung batur sarta ngahampura ka batur anu milampah salah ka urang. Urang oge kedah hirup akur jeung batur, jembar panghampura ka nu nganyenyeri hate urang.

Ayat Alkitab: Ku sabab kitu, lamun maraneh rek nyanggakeun kurban ka Allah dina altar, tuluy inget yen aya anu nyerieun hate ka maraneh, tunda heula pikurbaneun teh hareupeun altar, buru-buru ngurban. (Mateus 5:23-24)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Salasaurang murid Gusti Yesus tumanya ka Gusti Yesus, sabaraha kali Anjeunna ngahapunteun ka batur anu milampah salah ka Anjeunna. Gusti Yesus ngawalerna ngalangkungan ieu misil.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Waler Yesus, “Lamun omongan Kami salah, coba terangkeun ka nu araya di dieu naon salahna. Tapi upama omongan Kami bener, ku naon maneh nyabok?” Geus kitu Anjeunna ku Anas dikintunkeun ka Imam Agung Kayapas, dibarogod keneh. Ari Petrus keur siduru keneh. Ku nu keur saliduru ditanya, “Ari anjeun lain murid jelema itu?” Petrus ngangles, “Lain!” Ari ceuk hiji gandek Imam Agung barayana Malkus anu dikadek ceulina tea, “Naha lain anjeun anu ku kuring katenjo aya di taman jeung Yesus teh?” “Lain,” walon Petrus deui. Harita keneh kadenge hayam kongkorongok. Isuk-isuk keneh pisan Yesus dibawa ti bumi Kayapas ka karaton gupernur. Tapi para gegeden Yahudi henteu arasup ka jero karaton, ngajaga dirina ulah jadi najis ceuk agama, supaya meunang milu ngadahar jamuan Paska. Ku sabab kitu Pilatus kaluar nemonan, tuluy mariksa, “Naon perkarana eta jelema dibawa ka kami?” Walon maranehna, “Upami teu jahat ge tangtos moal dibantun ka Juragan.” Saur Pilatus, “Uruskeun bae ku maraneh nurutkeun hukum maraneh.” Walon maranehna, “Bangsa sim kuring teu diidinan ngajalankeun hukum pati.” (Pang kitu teh supaya laksana pilahir Yesus basa ngagambarkeun cara pipupuseuna-Na tea.) Pilatus lebet deui ka karaton, Yesus disaur jeung terus dipariksa, “Anjeun teh Raja urang Yahudi?” Waler Yesus, “Juragan mariksa kitu teh naha dumeh uninga ku anjeun atanapi aya anu ngawartosan?” Waler Pilatus, “Na kaula teh urang Yahudi? Anjeun diserenkeun ka kaula teh ku bangsa sorangan jeung ku imam-imam kapala. Anjeun geus nyieun lampah naon?” (Mateus 18:23-35)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 6:14; Markus 11:25-26; Lukas 11:4; Lukas 17:3-4; 2 Korinta 2:5-11; Epesus 4:32; Kolosa 3:12-14)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Para pangiring Gusti Yesus disaur geusan ngahampura ka batur sakumaha urang sadaya oge geus dihampura ku Gusti Allah. Para pangiring Gusti Yesus kenging parentah sangkan hirup akur jeung batur sakurilingeunana.

HAMO ULAH NGARANYED

PELAJARAN

2-4

Ulah Melong ka Awewe Bakat ku Bogoh



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus marentahkeun ka para murid-Na sangkan ulah ngaranyed. Gusti Yesus miwuruk yen anu melong ka awewe bakat ku bogoh teh dosa.

Ayat Alkitab: Maraneh geus ngadenge yen aya timbalan kieu: "Ulah ngaranyed." Ayeuna ceuk Kami, lalaki anu melong ka awewe bawaning ku bogoh, hatena geus ngaranyed. (Mateus 5:27-28)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Daud teh raja Israil anu kasohor. Daud melong ka awewe anu keur mandi bawaning ku bogoh. Eta awewe the pamajikanna salasaurang perjurit Daud, nu ngaran Uria urang Het. Daud miwarang ka badegana nyauran eta awewe. Heg eta awewe the ngandeg ku Daud. Jung Uria dijurung perang ku Daud, hos bae Uria gugur dina perang. Gusti Allah kalintang benduna. Gusti Allah ngutus nabi Natan nepungan Daud.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

PANGERAN ngutus Nabi Natan sangkan nepangan Daud. Bral nabi angkat, nyarios ka Daud, "Aya dua jalmi, matuh sakota. Nu hiji beunghar, nu hiji miskin. Nu beunghar gaduh sapi sareng domba pirang-pirang. Dupi si miskin mung gaduh anak domba bae sasiki kencing meser, diurus sareng digedekeun bareng sareng barudakna, diparaban tina dahareunana sorangan, nginumna bareng sacangkir, heesna ge dilalahun sapertos ka anak awewe. Dina hiji dinten nu beunghar teh kasemahan. Bet lebareun bade meuncit pipiaraanana keur nyuguhan teh. Nya teras meuncit anak domba gaduhna si miskin, dipake nyuguhan semahna." Daud kacida benduna ka eta anu beunghar. Saurna, "Demi jumenenging PANGERAN, jalma kitu kudu dipaehan! Kacida telengesna! Anak domba anu dicokot ku manehna kudu digantian opat tikel!" Saur Natan ka Daud, "Eta jalmi teh nya Sang Raja! Dangukeun ieu timbalan PANGERAN Allah Israil, 'Maneh ku Kami dijieun raja Israil jeung diluputkeun ti Saul. Karajaan Saul, kitu deui pamajikan-pamajikanana ku Kami dibikeun ka maneh. Maneh geus dijieun raja nyangking Israil jeung Yuda. Bisi ngarasa kurang keneh, ku Kami mo burung dibere deui dua kalieun ti eta. Ku naon maneh nyapirakeun timbalan Kami, nyieun kalakuan sakitu gorengna? Uria ku maneh dititah dipaehan dina perang, dihaja sina dipaehan ku urang Amon, tuluy pamajikanana ku maneh dicokot!" (2 Samuel 12:1-9)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Budalan 20:14; Siloka 6:32; 1 Korinta 6:13-20; Epesus 5:3-5; Kolosa 3:1-11; 1 Tesalonika 4:3-8; Ibrani 13:4)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Ngaranyed hartina henteu satia kana pernikahan. Ngaranyed teh dosa ka Gusti Allah. Gusti Yesus marentahkeun ka para pangiring-Na sangkan ulah milampah hirup anu teu uni. Gusti Yesus miwuruk yen jinah dina emutan teh sarua jeung ngaranyed.

PERNIKAHAN DISAKRALKEUN KU GUSTI ALLAH

PELAJARAN

2-5

Pipirakan teh Dipikacua ku Gusti Allah



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus miwuruk yen hubungan pernikahan teh kacida pentingna tur disakralkeun ku Gusti Allah.

Ayat Alkitab: Ayeuna ceuk Kami, lalaki anu nyerahkeun pamajikan lain ku sabab pamajikanana nyelewer, sarua jeung ngalantarankeun awewena ngaranyed. Lamun awewena kawin deui ka nu sejen, lalaki anu ngawinna oge kaasup ngaranyed. (Mateus 5:32)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Jalma rea nunutur Gusti Yesus jalaran Anjeunna nyageurkeun nu aludur tur miwuruk ka aranjeunna. Urang Parisi oge sarumping ka Anjeunna marek nanyakeun rupa-rupa pertanyaan. Urang Parisi teh pamingpin agama Yahudi. Urang Parisi nedunan hukum-hukum agama anu dipaparinkeun ku Gusti Allah ka Musa. Musa kantos mingpin umat Israil mangtaun-taun kapungkur samemeh Gusti Yesus dibabarkeun.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Aya urang Parisi anu nyalampeurkeun ka Anjeunna rek ngadoja, nyal kieu, "Ari Hukum Agama urang ngidinan lalaki nyerahkeun bojona ku lantaran naon bae?" Waler Yesus, "Naha aranjeun can maca Kitab Suci anu nyebutkeun yen waktu Khalik mimiti ngadamel manusa, ngadamelna teh lalaki jeung awewe? Jeung Allah nimbalan, 'Ku hal eta lalaki bakal ninggalkeun indung bapana tuluy ngahiji jeung pamajikanana sarta duanana jadi satunggal.' Ku sabab kitu duanana geus lain dua deui, tapi hiji. Ku lantaran kitu, anu geus dihijikeun ku Allah teu meunang dipisahkeun ku manusa." Ceuk urang Parisi, "Geuning Musa ngayakeun aturan yen lalaki kudu mere surat talak ka pamajikanana anu diserahkeun?" Waler Yesus, "Musa ngidinan soteh nyerahkeun lantaran aranjeun hese pisan diajar. Keur jaman ngajadikeun mah teu aya aturan kitu. Nu matak Kaula ngabejaan: lalaki anu nyerahkeun pamajikan padahal pamajikanana henteu nyelewer, lamun kawin deui jeung awewe sejen, eta lalaki teh ngaranyed." (Mateus 19:3-9)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Kajadian 2:20-24; 1 Korinta 7; Epesus 5:21-28)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Pernikahan diciptana ku Gusti Allah. Pernikahan disakralkeun ku Gusti Allah. Para pangiring Gusti Yesus kedah ngupayakeun sangkan pernikahanana langgeng tur layout.

SIKEP KANA KATEUADILAN

Hirup Mintonkeun Kaasih Gusti Allah

PELAJARAN
2-6



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus miwuruk ka para murid-Na kumaha mayunan kateuadilan. Gusti Yesus misaur ka para murid-Na sangkan ulah ngabales ka jalma anu milampah salah ka aranjeunna. Gusti Yesus misaur yen urang Karesten kedah milampah hirup anu jadi conto kaasih tur hade ka batur.

Ayat Alkitab: Ayeuna ceuk Kami, ulah ngabales ka nu jahat ka maraneh. Lamun aya jalma nampiling pipi maneh nu katuhu, keun bae najan rek nampiling deui ka nu beulah kenca oge. Lamun aya jalma ngadukeun maraneh ka hakim sarta menta ganti rugi ku baju maraneh, bikeun bae jeung jubahna. Lamun aya jalma ti hiji pasukan tentara maksa ka maraneh nitah mangmawakeun barangna sakilometer, turutkeun dua kilometer. (Mateus 5:39-41)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Yudas teh salasaurang murid Gusti Yesus. Para pamingpin agama ihtiar rek nelasan Gusti Yesus. Yudas ngabelaan duit, nepi ka ngahianat ka Gusti Yesus. Dina ieu carita, Gusti Yesus nuju cumarios ka para murid-Na iwal ti Yudas. Gusti Yesus uninga yen Yudas rek ngahianat ka Anjeunna.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Sabot Anjeunna sasauran keneh, burudul jalma loba, diluluguan ku Yudas, hiji ti antara dua belas murid. Manehna nyampeurkeun ka Yesus, rek nyium. Tapi saur Yesus, "Yudas, maneh teh rek ngahianat Putra Manusa ku cium?" Ari murid-murid narenjo kajadian kitu teh tuluy naranya ka Yesus, "Kumaha Gusti, urang lawan bae ku pedang?" Aya hiji murid anu terus ngadek ka badega Imam Agung nepi ka rampung ceulina nu katuhu. Tapi Yesus ngalahir, "Geus, cukup!" Seug eta badega teh ku Anjeunna dicabak ceulina, sarta dicageurkeun. Ti dinya Anjeunna ngalahir ka imam-imam kapala jeung kapala-kapala pangawal Bait Allah jeung para kokolot anu rek narangkep, saur-Na, "Aranjeun murubul ka dieu marawa pedang jeung gegendir, na Kami teh penjahat? Padahal Kami unggal-unggal poe oge sok reureujeungan jeung aranjeun di Bait Allah, geuning ku aranjeun teu ditangkep. Tapi memang nya ayeuna waktuna pikeun aranjeun ngalaksanakeun pakarepan, waktuna kakuatan poek nyekel kawasa." (Lukas 22:47-53)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Markus 12:28-37; Lukas 6:32; Yohanes 4:7-8; Yohanes 13:34; Rum 12:17-21; 1 Korinta 4:12; 2 Korinta 12:10; Epesus 5:1-2; 1 Petrus 1:22; 1 Petrus 3:9; 1 Yohanes 3:11)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus miwuruk ka para murid-Na supaya ulah malik ngewa upami dipikangewa ku batur. Para pangiring Gusti Yesus beda ti batur dina mayunan pasualan jalaran apal kana kaasih Gusti Yesus. Gusti Yesus netelakeun yen kahirupan urang Karesten kedah janten tuladan kaasih tur lampah hade ka batur.

NYAAH KA NU MIKANGEWA

PELAJARAN
2-7

Gusti Allah Miasih ka Sakumna Jalma

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus miwuruk ka para murid-Na supaya miasih tur ngadoakeun jalma nu mikangewa ka aranjeunna. Gusti Yesus misaur yen henteu gampang miasih ka jalma anu teu hade ka urang. Gusti Yesus netelakeun yen para murid-Na mah beda ti batur jalaran aranjeunna mah kedah miasih ka jalma anu teu pantes dipikanyaah.

Ayat Alkitab: Ayeuna ceuk Kami, ka musuh ge kudu nyaah, ka nu neungteuinganan kudu ngadoakeun, supaya maraneh diangken putra ku Rama nu di sawarga. Mantenna mah ka nu jahat, ka nu bageur, ka nu bener, ka nu teu bener, sarua bae maparin hujan maparin panas. (Mateus 5:44-45)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Nalika Gusti Yesus hirup kumelendeng di alam dunya, Rea anu mikangewa ka Anjeunna. Maranehna ngarewaeun ka Gusti Yesus. Gusti Yesus disiksa tur ditelasan ku eta musuh-musuh-Na.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Yesus geus dibawa ku serdadu-serdadu. Di jalan papapag jeung hiji jelema urang Kirena ngaranna Simon anu tas ti tegalan rek ka kota. Ku serdadu-serdadu dicerek, tuluy dipaksa kudu manggul salib pungkureun Yesus. Anu marilu ngiringkeun Anjeunna kacida lobana, malah aya wanita-wanita anu sapanjang jalan careurik nyeungceurikan Anjeunna. Anu rek dihukum pati harita teh aya deui duaan, penjahat, rek dibarengkeun jeung Yesus. Sanggeus narepi ka hiji tempat anu disebut "Tangkorek", Yesus disalib di dinya jeung dua penjahat tea, kiwaeun jeung tengeneuna-Na. Yesus ngalengis, "Duh Ama, hapunten kalepatan ieu jalmi-jalmi, reh teu tarerangeun naon-naon kana kalakuanana kieu." Anggoan Anjeunna dilotrekeun dibagi-bagi. Jelema-jelema ngadareugdeug, ari pamingpin-pamingpin urang Yahudi maroyokan ka Anjeunna, pokna, "Manehna sok nyalametkeun batur. Keun sina nulungan diri-Na ari enya mah Manehna Kristus pilihan Allah!" Serdadu-serdadu oge maroyokan, tuluy ngasongan anggur haseum ka Anjeunna, bari ngomong kieu, "Lamun enya Maneh raja urang Yahudi, pek geura upayakeun diri salamat!" Di luhureun mastaka Yesus aya tulisan kieu, "IEU RAJA URANG YAHUDI." Penjahat anu keur digantung oge nu saurang milu ngahina, pokna, "Maneh teh Kristus? Tulungan atuh diri teh, jeung dewek ongkoh!" Tapi disentak ku baturna, pokna, "Ari maneh teu sieun ku Allah? Lain sarua dihukum? Urang dihukum oge pantes satimpal jeung kalakuan; ari Anjeunna mah euweuh dosana!" Geus kitu ngalengis ka Yesus, "Nun Yesus, sing emut ka abdi upami parantos jumeneng Raja!" Yesus ngawaler, "Sing percaya! Poe ieu maneh bakal reureujeungan jeung Kami di Pirdus." (Lukas 23:26-27, 32-43)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Markus12:28-31; Lukas 6:27-38; Yohanes 13:34; Rum 12:17-21)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus miwuruk sangkan urang miasih tur ngadoakeun jalma anu milampah jahat ka urang. Gusti Yesus ngahapunten tur miasih ka jalma-jalma anu nyiksa tur nelasan Anjeunna. Pangiring Gusti Yesus kedah nulad ka Gusti Yesus dina mayunan musuh.

RESEP BARANG BERE

Gusti Allah Mirosea ka nu Raripuh

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus miwuruk ka para murid-Na tina hal tutulung ka nu butuh, tatalang ka nu susah. Pangiring Gusti Yesus mah upami barang bere ulah hayang katembong ku batur. Nalika pangiring Gusti Yesus tutulung, tatalang, barangbere ka batur nu butuh tur susah teh katingal ku Gusti Allah Anu maparin ganjaran ti sawarga.

Ayat Alkitab: Jadi ari nulung ka nu miskin teh sing rikip, batur anu dalit ge ulah nyahoeun. Ulah hayang kanyahoan ku batur. Sabab najan rikip ge pitulung maraneh teh ku Rama nu di sawarga mah kauninga, sarta Mantenna baris ngaganjar. (Mateus 6:3-4)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Para murid Gusti Yesus tumanya ka Anjeunna, naon anu bakal kajadian dina ahir jaman. Gusti Yesus netelakeun ka para murid-Na yen di ahir jaman Anjeunna baris janten raja anu ngahakiman sakumna manusa.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Jelema-jelema saalam dunya bakal dijagragkeun ka payuneuna-Na. Anjeunna bakal misah-misahkeun maranehna jadi dua bagian, saperti pangangon misah-misahkeun domba ti embe. Nu balener sina kumpul di tengeneuna-Na, sesana di kiwaeuna-Na. Raja bakal ngalahir kieu ka nu di tengeneuna-Na, 'Ka darieu aranjeun, anu diberkahan ku Rama Kami. Geura arasup ka Karajaan anu geus disadiakeun pikeun aranjeun, ti barang dunya gumelar. Bareto waktu Kami lapar ku aranjeun dibere dahar, waktu halabhab dibere nginum, waktu keur jadi semah asing diaku dianjrekkeun, waktu keur sataranjang dibere pakean, waktu keur gering dipulasara, waktu keur dipanjara dilongokan.' Jawab nu balener, 'Gusti, waktos Gusti lapar teh iraha abdi-abdi ngahaturan tuang, atanapi waktos Gusti hanaang iraha abdi-abdi ngahaturan ngaleueut? Waktos Gusti jadi semah asing, iraha abdi-abdi nganjrekkeun? Waktos Gusti teu diraksukan iraha abdi-abdi ngahaturan raksukan? Waktos Gusti teu damang, waktos Gusti dipanjara, iraha abdi-abdi mulasara, iraha abdi-abdi ngalayad?' Waler-Na, 'Kieu saenyana ku Kami diterangkeun: Waktu aranjeun ngalampahkeun kitu ka salah sahiji dulur Kami anu panglaipna, eta sarua jeung ngalampahkeun kitu ka Kami!' Ari ka nu di beulah kenca kieu lahir-Na, 'Geura nyaringkah ti Kami, eh maraneh anu disapa ku Allah! Geura les arasup ka jero seuneu langgeng anu geus disadiakeun pikeun Iblis jeung para malaikatna! Keur Kami lapar maraneh teu mere dahar, keur Kami halabhab maraneh teu mere nginum, keur Kami jadi semah asing maraneh teu nganjrekkeun, keur Kami teu boga baju-baju acan maraneh teu mere, keur Kami gering maraneh teu ngurusanan, keur Kami dipanjara maraneh teu mirosea!' Maranehna bakal ngajarawab kieu, 'Gusti! Iraha abdi-abdi ningal Gusti lapar, hanaang, jadi semah asing, teu kagungan raksukan, teu damang, dipanjara, lajeng abdi-abdi teu nulungan?'

Waler Raja, 'Kieu mun harayang nyaho: Samangsa-mangsa maraneh embung nulung ka salah sahiji dulur Kami anu panglaipna, sarua jeung embung nulung ka Kami.'" "Eta jelema-jelema anu karitu bakal dijongklokkeun ka tempat siksaan langgeng," saur Yesus. "Ari anu balener, anu ngalakonan pangersa Allah, bakal hirup bagja tur langgeng." (Mateus 25:32-46)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Jabur 82:3; Siloka 19:17; Siloka 28:27; Yermia 22:3; Mateus 5:42; Mateus 19:21)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus mirosea ka jalma nu raripuh. Gusti Yesus marentahkeun ka para pangiring-Na supaya resep barang bere, tutulung tur tatalang ka nu raraipuh. Nu resep barang bere bakal diganjar ku Anjeunna.

DOA

Cumarios ka Gusti Allah tur Ngaregepkeun Mantenna

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus miwuruk ka para murid-Na supaya laleukeun ngadoa. Ngadoa teh cumarios sareng Gusti Allah tur ngaregepkeun Mantenna. Nalika ngadoa, urang dibandingan ku Gusti Allah.

Ayat Alkitab: Maraneh mah mun rek neneda kudu di kamar, pantona rekepkeun, tujukeun paneda ka Rama maraneh nu teu katenjo. Sanajan dilampahkeun di tempat rikip ge ku Mantenna kauninga sarta tangtu diganjar. (Mateus 6:6)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Herodes teh raja nu harak anu mikangewa ka urang Karesten. Raja Herodes anu mimiti nelasan para jamaah gareja. Pamingpin gareja nu namina Petrus ditawan ku perjurit raja, rek ditelasan.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Sabot Petrus ditahan di pangbuian, para anggota jamaah teu eureun-eureun sasambat ka Allah mangnedakeun anjeunna. Piisukaneun dipariksa ku Herodes di hareupeun umum, peutingna Petrus kulemna dihapit ku dua serdadu jeung dibarogod ku dua rante. Panto panjarana dijaraga. Ujug-ujug jleg bae aya malaikat Pangeran ngadeg, kamar anjeunna ditahan mani hibar ku cahayana. Eta malaikat ngaguyah-guyah ngagugahkeun Petrus, saurna, "Geuwat hudang!" Harita keneh rante barogod panangan Petrus lesot. Malaikat ngalahir deui, "Kencengkeun sabuk, pake tarumpah." Petrus ngencengan sabuk, tarumpahna dianggo. Malaikat ngalahir deui, "Harudumkeun jubah, hayu tuturkeun kami." Petrus nuturkeun, kaluar ti jero panjara bari asa samar, eta teh naha malaikat saenyana atawa ngan titingalian bae. Pos jaga kahiji jeung kadua geus kaliwat, jol ka panto beusi lawang kaluar. Bray pantona muka sorangan, Petrus jeung malaikat kaluar. Sanggeus nepi ka tungtung jalan les malaikat teh ngantunkeun. Petrus teu samar deui kana eta kajadian, terus ngagereyem, "Ayeuna aing yakin ieu teh saenyana. Gusti ngutus malaikat-Na nyalametkeun aing tina genggeman Herodes jeung tina maksud jahatna urang Yahudi." Sanggeus ngamanah-manah tuluy anjeunna ngajugjug ka bumi Maria, ibuna Yohanes anu katelah Markus. Di dinya keur loba jelema anu neneda. Petrus ngetrokan panto. Hiji gandekeun awewe ngaran Rode nyampeurkeun rek mangmukakeun. Manehna ujug-ujug wawuheun kana soanten Petrus. Bakating ku atoh lain buru-buru muka panto, tapi kalah ka lumpat balik deui hariweusweus yen anu keketrok teh Petrus. Ceuk nu sejen, "Boa maneh gundam!" Rode keukeuh ngaenyakeun, tapi dijarawab, "Meureun eta mah malaikatna." Petrus haben bae keketrok. Tungtungna panto dibuka. Ari bray, maranehna kacida karageteunana. Ku Petrus diisarahan supaya jarempe, ti dinya anjeunna nerangkeun hal anjeunna dikaluarkeun ku Gusti ti jero panjara. "Pangbejakeun bae ka Yakobus jeung ka nu sejen," saurna ka maranehna. Geus kitu angkat ti dinya ka tempat sejen. (Rasul-rasul 12:5-17)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(2 Babad 7:14; Jabur 32:5-11; Yermia 29:12; Yermia 42:3; Mateus 5:44; Mateus 7:11; 1 Tesalonika 5:17)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus miwuruk ka para murid-Na supaya ngadoa. Nalika urang ngadoa, ku Gusti Allah dibandingan. Gusti Yesus miwuruk sangkan urang ngadoa upami aya pangabutuh. Nalika urang ngadoa, bakal aya kajadian anu araheng.

KUMPULKEUN BANDA PAKAYA DI SAWARGA

PELAJARAN
2-10

Sanggakeun Hirup tur Banda Pakaya ka Gusti Allah

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Ganjaran anu ditarima di sawarga jaga gumantung kana sakumaha ajrihna urang ka Gusti Allah ngalangkungan hirup tur banda pakaya di dunya. Para pangiring Gusti Yesus kedah milampah hirup anu kamanah ku Gusti sangkan nampi ganjaran di sawarga.

Ayat Alkitab: Di dunya ulah numpuk-numpuk harta banda keur sorangan. Barang dunya mah bisa ruksak ku rinyuh jeung taihiang, atawa beak dibongkar bangsat. Kudu ngumpulkeun teh harta pikeun maneh di sawarga, anu moal dihakan rinyuh, moal taihiangan, moal aya nu ngabangsat. Sabab di mana bae ayana harta maneh nya di dinya nempelna hate maneh. (Mateus 6:19-21)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus dipikaajrih dina riungan di imah Lasarus. Lasarus teh geus maot tuluy digugahkeun deui ku Gusti Yesus. Nu ngarariung kalebet Lasarus, dulur awewena nya eta Marta tur Maria jeung para murid Gusti Yesus.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Pigenep poeun deui kana poe Pesta Paska, Yesus angkat ka Betania, tempat tinggal Lasarus, jalma anu ku Anjeunna dihirupkeun deui tina maot tea. Di dinya Yesus ku pribumi dituangkeun, diladenan ku Marta; Lasarus jeung nu sejenna deui bareng dalahar jeung Yesus. Ti dinya Maria mawa minyak narwastu kira-kira satengah liter, minyak seungit anu kacida mahalna, tuluy dikukurkeun kana sampean Yesus, geus kitu sampeana-Na disekaan ku buukna. Eta imah jadi mabek ku seungit minyak narwastu. Yudas Iskariot, hiji murid Yesus anu engkena ngahianat ka Anjeunna, ngomong kieu, "Ku naon lain dijual bae eta minyak seungit teh tilu ratus uang perak, terus duitna sidekahkeun ka nu mariskin?" Ngomongna kitu lain dumeh karunyaean ka nu mariskin, tapi lantaran manehna teh bangsat. Manehna purah nyekel tempat duit sarerea, sok nyokot keur dirina sorangan. Tapi diwaler ku Yesus, "Ingkeun ulah diganggu! Anu keur dilampahkeun ku Maria ayeuna, aya patalina jeung poean Kami dikubur engke. Keun sina diteruskeun! Anu mariskin mah aya bae di maraneh sapapanjangna, ari Kami mah moal salawasna." (Yohanes 12:1-8)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Markus 8:34-38; Lukas 12:32-34; 1 Korinta 3:10-17; 1 Timoteus 6:17-19)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus miwuruk sangkan urang milampah hirup anu salamina kamanah ku Gusti. Gusti Allah baris ngaganjar ka sing saha anu ajrih ka Mantenna ngalangkungan lampah hirup tur banda pakayana.

ULAH SALEMPANG

Gusti Allah Uninga tur Mirosea kana Pangabutuh Urang



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus netelakeun yen Anjeunna mirosea kana kahirupan urang sarta baris maparin pitulung ka urang dina ngungkulan masalah. Upami urang salempang sual hirup, tandaning urang henteu percaya ka Gusti Yesus.

Ayat Alkitab: Jadi ulah salempang kumaha isukan. Kasusah mah poe ieu ge loba, ulah ditambah deui ku mikiran poe isuk. (Mateus 6:34)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus sareng para murid-Na nuju di sisi talaga. Para murid-Na seuseueurna kantos janten pamayang di eta talaga.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Sanggeus burit, poe eta keneh, Yesus ngalahir ka murid-murid, “Urang meuntas talaga, urang ka beulah ditu.” Bari sasauran kitu teh Anjeunna miheulaan calik kana parahu. Murid-murid oge naraek kana parahu, jalma rea ditinggalkeun, tuluy mareuntas. Di eta talaga aya deui parahu- parahu sejen. Dak-dumadak aya angin ribut nebak, parahu meh tibalik ku ombak nepi ka pinuh kaasupan cai. Ari Yesus keur kulem di beulah tukang, mastaka-Na dibantalan. Ku murid-murid digugahkeun, pokna, “Pa Guru! Keun bae urang cilaka?” Yesus gugah, tuluy marentah ka angin, “Eureun!” Marentah deui ka ombak, “Leler!” Jep angin jempe sarta talaga jadi kacida lelerana. Yesus ngalahir ka murid-murid, “Ku naon sarieun! Teu palercaya ka Kami?” Tapi maranehna jadi kacida sarieuneunana ku Anjeunna, seug patanya-tanya, “Saha ieu jelema teh? Angin jeung ombak nepi ka narurut kitu!” (Markus 4:35-41)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Siloka 3:5-6; Lukas 12:22-25; Galata 2:20; Ibrani 11:8-12; 1 Petrus 1:21)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus mirosea kana sadaya bagian hirup urang. Urang kedah iman tur percaya ka Anjeunna.

ULAH NGAHAKUMAN BATUR

PELAJARAN
2-12

Gusti Allah Nu Janten Hakimna

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna



Ngahakiman batur teh lampah salah. Sadaya manusa teh jalma dosa sarta mung Gusti Allah Anu iasa ngahakiman kalawan adil.

Ayat Alkitab: Ulah ngahukuman batur, supaya maraneh ulah dihukuman ku Allah. Sabab sakumaha maraneh ngahukuman ka batur, nya kitu keneh, maraneh ge bakal dihukumanana ku Allah. Lamun maraneh ngukur kitu ka batur, maraneh ge bakal diukur kitu ku Allah. Ku naon nelekeun tatal dina panon dulur, ari balok dina panon sorangan diantep? (Mateus 7:1-3)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Urang Parisi arapaleun kana hukum-hukum agama tur ngawarah batur supaya taat kana eta hukum-hukum agama.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Isukna isuk-isuk keneh geus di Bait Allah. Jelema-jelema tuluy daratang, Yesus calik tuluy ngawulang. Sabot kitu aya guru-guru agama jeung urang Parisi mawa hiji awewe anu kacerek keur jinah. Eta awewe ditangtungkeun hareupeun sarerea. "Guru," ceuk maranehna, "ieu awewe katangkep keur jinah. Awewe kitu nurutkeun Hukum Musa kudu dipaehan, dibaledogan ku batu. Kumaha ari ceuk Pa Guru?" Maranehna saenyana ngadoja, ngarah kalepatan Anjeunna. Tapi Anjeunna anggur dongko, curat-coret dina taneuh ku rema-Na. Maranehna maksa marenta diwaler. Yesus cengkat ajeg, tuluy ngalahir, "Saha anu teu boga dosa, nu mana bae, pek maledog pangheulana ka eta awewe." Anjeunna dongko deui curat-coret dina taneuh kawas tadi. Diwaler kitu jelema-jelema anu ngadaroja teh tingkolesed saurang-saurang, nungtutan ti nu kolotan heula, ahirna ngan kari Yesus jeung awewe tea. Yesus cengkat tuluy ngalahir, "Ka marana maranehna? Euweuh anu ngahukum ka maneh?" "Sumuhun teu aya, Juragan," walonna. "Kami oge moal ngahukum," saur Yesus, "jig geura mulang, tapi ulah deui-deui nyieun dosa." (Yohanes 8:2-11)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Lukas 6:37; Yohanes 8:14-18; 1 Korinta 4:3-5; Yakobus 4:12)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Allah teh hakim Anu adil. Manusa mah pamohalan bisa ngahakiman kalawan adil.

PENTA, TEANG, KEKETROK

Gusti Allah Ngawaler Doa anu Pengkuh



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus miwuruk yen upami urang pengkuh menta, neang, tur ngetrok, Mantenna baris ngawaler. Ku jalaran hubungan urang sareng Gusti Allah, urang tiasa leukeun barang penta ka Gusti Allah. Aya oge waktuna nalika doa urang henteu saharita keneh diwalerna.

Ayat Alkitab: Kudu menta, tangtu bakal nampa, kudu neangan, tangtu bakal manggih, kudu ngetrokan, tangtu dibuka pantona. Sabab nu menta tangtu dibere, nu neangan tangtu manggih, nu ngetrok panto tangtu dipangmukakeun. (Mateus 7:7-8)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus netelakeun hiji misil ka para murid-Na kanggo nuduhkeun yen aranjeunna kedah leukeun ngadoa tur ulah pegat harepan.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

“Di hiji kota aya hiji hakim anu teu sieuneun ku Allah jeung teu padulian ka batur. Di kota eta keneh aya hiji randa anu ngan pulang-anting bae ka eta hakim, menta dibelaan perkarana, pokna, ‘Tulungan abdi mayunan lawan!’ Lila eta hakim teh embungeun ngadenge pamentana, tapi tungtungna ceuk hatena, ‘Najan aing teu sieun ku Allah jeung teu padulian ka batur ge, tapi ku sabab ieu randa kacida ngagangguna, keun ku aing rek dibela, sabab lamun henteu manehna bakal datang deui, datang deui, musingkeun aing!’” Saur-Na deui, “Tengetan omongan eta hakim anu teu bener teh! Ku sabab kitu, naha enya Allah moal kersaeun ngabelaan ka umat-Na ku manten anu beurang peuting nyambat pitulung-Na? Naha enya bakal talangke nulungan ka umat-Na? Sing percaya: Mantenna bakal gancang ngabela perkara maranehna. Tapi engke dina waktu Putra Manusa sumping, naha bakal mendak jelema anu percaya di ieu bumi?” (Lukas 18:2-8)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas


(Epesus 6:18; Colosa 4:12; Ibrani 4:16; Yakobus 4:2-3; Yakobus 5:16; 1 Yohanes 3:21-22; 1 Yohanes 5:14-15)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus miwuruk ka urang sangkan leukeun ngadoa tur ulah cangcaya. Nalika urang pengkuh ngadoana, Gusti Allah baris ngawaler doa urang.



TEMBOKNA

HIRUP LEUBEUT

Bangsat datangna ngan arek maling, ngarogahala, jeung ngabinasa. Ari Kami mah malar supaya umat harirup sarta carukup. (Yohanes 10:10)

Indek

Pelajaran:

3-1 Nyembah di Mana wae.....	Kaca 48
<i>Gusti Allah Kamanah ku Panyembahan anu Suhud</i>	
3-2 Ngiring Gusti Kristus.....	Kaca 49
<i>Ngiring Gusti Kristus Kedah Percaya tur Miharep ka Anjeunna</i>	
3-3 Ngiring Gusti Kristus.....	Kaca 50
<i>Pangiring Gusti Kristus Jadi Pangwawar ka Batur</i>	
3-4 Wawarkeun Gusti Yesus ka Batur.....	Kaca 51
<i>Nyun Batur Ngiring Gusti Yesus</i>	
3-5 Wawarkeun Gusti Yesus ka Batur.....	Kaca 52
<i>Wawarkeun Beja Kabungahan ka Batur</i>	
3-6 Wawarkeun Gusti Yesus ka Batur.....	Kaca 53
<i>Seueur Jalma anu Siap Ngupingkeun Beja Kabungahan</i>	
3-7 Miasih ka Gusti Allah.....	Kaca 54
<i>Nu Pangpentingna Hubungan sareng Gusti Allah</i>	
3-8 Miasih ka Gusti Allah.....	Kaca 55
<i>Wanoh ka Pangangon Anu Bumela</i>	
3-9 Nyaah ka Batur.....	Kaca 56
<i>Hirup Rukun sareng Para Pangiring Kristus</i>	
3-10 Nyaah ka Batur.....	Kaca 57
<i>Jadi Caangna Dunya</i>	
3-11 Ngamuridkeun.....	Kaca 58
<i>Penguruskeun Domba-domba Kami</i>	
3-12 Ngamuridkeun.....	Kaca 59
<i>Gusti Yesus Nyarengan Nalika Urang Ngamuridkeun Batur</i>	
3-13 Ngamuridkeun.....	Kaca 60
<i>Ngiatkeun Jalma Percaya</i>	

NYEMBAH DI MANA WAE

Allah Kamanah ku Panyembahan anu Suhud

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Anu nyembahna henteu suhud mah moal kamanah ku Gusti Allah. Anu ngakuna nyembah ka Gusti Allah bari hare-hare mah moal kamanah ku Mantenna. Gusti Allah kalintang kamanah ku sikep hate anu suhud. Gusti Allah jangji yen hiji mangsa sadaya jalma bakal nyembah kalawan sagemblengna hate.

Ayat Alkitab: Anu caricing di sapanjang basisir bakal maruji ka PANGERAN Allah Israil. (Yesaya 24:15)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Bangsa Israil dibawa jadi tawanan ka tempat nu jauh ti lemah caina. Sanggeus mangtaun-taun jadi budak di nagri deungeun, hiji raja ngidinan bangsa Israil mulang ka lemah caina tur ngawangun tempat kanggo nyembah ka Gusti Allah. Di dinya bangsa Israil nyembah tur nyanggakeun ka Gusti Allah kurban sasatoan anu dibeuleum dina altar. Urang Israil marulang rek ngawangun deui lemah caina tapi seueur tangtangan. Bangsa Israil mangtaun-taun usaha sakuat naker ngawangun tempat paranti nyembah ka Gusti Allah. Aranjeunna kahalang ku urusan pulitik ti luar boh ti jero, sual duit, tur anu pangpentingna umat Gusti Allah teh kalah jongjon bae ngawangun imah sewang-sewangan, mopohokeun pentingna ngawangun tempat panyembahan. Gusti Allah ngandika ka umat-Na, umajak sangkan aranjeunna baralik deui kana panyembahan anu suhud.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Ari mawa sato lolong atawa sato gering atawa pincang keur kurban ka Kami, naha lain salah eta kalakuan maraneh teh? Coba bikeun sato siga kitu ka gubernur! Daekeun manehna narima, atawa mere peresen? Ayeuna aranjeun, imam-imam, coba ngadoa ka Allah, ka PANGERAN, neneda sugan Mantenna kersaeun mikawelas ka urang. Doa aranjeun ku Mantenna moal diwaler, lantaran salah aranjeun sorangan. Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Leuwih hade panto-panto Bait Kami teh ku maraneh ditutup, pikeun nyegah maraneh ulah nepi ka ngahurungkeun seuneu dina altar Kami, taya gunana lantaran ku Kami moal kapake. Kami teu resep ka maraneh. Embung narima kurban ti maraneh. Jalma-jalma saalam dunya ngahormat ka Kami. Di mana-mana jelema-jelema mareuleum dupa pikeun Kami, jeung marere kurban kasedep Kami. Kabeh ngahalormat ka Kami! Sabalikna maraneh mah ka Kami ngarendahkeun, nyebutkeun altar Kami taya hargaana, diteundeunan kadaharan anu ku maraneh sorangan geus teu dipikahayang. 'Bosen migawe nu kieu bael!' ceuk maraneh mani dangah ka Kami. Maraneh mere kurban ka Kami teh sato beunang maling, atawa sato pincang, atawa sato gering. Dikira Kami daek narima? Sing ulah jamuga jalma anu ngabobodo ka Kami, anu mere kurban sato goreng, padahal boga nu alus nu geus dijangjikeun pikeun Kami! Kami teh Raja Agung, anu dipikagimir ku jelema-jelema unggal bangsa." (Malaki 1:8-14)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Yesaya 24:16; Yesaya 25:3; Yohanes 4:23-24)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus meredih panyembahan anu suhud. Gusti Allah jangji yen hiji mangsa sadaya jalma di mana wae bakal nyembah ka Mantenna kalawan sagemblengna hate.

NGIRING GUSTI KRISTUS

Ngiring Gusti Kristus Kedah Miharep tur Percaya ka Anjeunna



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Ngiring Gusti Kristus hartina miharep tur percaya ka ka Anjeunna. Naon bae anu dipimilik ku urang anu jadi harepan tur dipercaya ku urang, bisa jadi halalang kana ngiring Gusti Kristus kalawan sagemblengna hate.

Ayat Alkitab: Geus kitu Anjeunna sasauran ka murid-murid, “Nu rek anut ka Kami kudu ninggalkeun kapentingan pribadi, kudu manggul salibna tuluy ngiring ka Kami. Sabab sing saha anu leuwih ngabela nyawana bakal kaleungitan ku nyawana. Sabalikna anu ngurbankeun hirupna lantaran anut ka Kami, bakal meunangkeun nyawana.” (Mateus 16:24-25)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Banda pakaya teh salasahiji anu dipercaya tur anu jadi harepan jalma. Jalma anu datang ka Gusti Yesus dina ieu carita teh beunghar..

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Dina hiji poe aya budak ngora datang ka Yesus. “Pa Guru,” carekna, “lampah kumaha anu sae, anu kedah dilakonan ku abdi supados tiasa kenging hirup langgeng?” Waler-Na, “Ku naon nanyakeun mana nu hade? Nu hade mah ngan Hiji. Ari hayang bisa meunangkeun hirup mah lampahkeun bae parentah-parentah Allah.” “Parentah anu mana?” carekna deui. Waler Yesus, “Ulah maehan, ulah ngaranyed, ulah maling, ulah jadi saksi palsu, sing hormat ka indung bapa, jeung kudu nyaah ka batur cara ka diri sorangan.” “Eta mah parantos dilakonan,” ceuk eta budak ngora. “Kedah kumaha deui?” Waler-Na, “Ari hayang sampurna mah jual kabeh sagala kaboga hidep, duitna serenkeun ka kaom miskin, geus kitu hidep ka dieu, tuturkeun Bapa.” Dipiwarang kitu teh eta budak ngora balikna nguyung, sabab loba pisan harta bandana teh. (Mateus 19:16-22)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Siloka 3:5-6; Mateus 6:19-21; Rum 15:13; 1 Tesalonika 1:3)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Pangiring Gusti Yesus kedah miharep tur percaya mung ka Gusti Yesus Kristus wae.

NGIRING GUSTI KRISTUS

Pangiring Gusti Kristus Jadi Pangwawar ka Batur



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus sumping kanggo milari tur nyalametkeun nu sarasab. Salaku Pangiring Gusti Yesus Kristus, urang kedah nulad ka Gusti Yesus nyiar nu sarasab.

Ayat Alkitab: Geus kitu Anjeunna sasauran ka murid-murid, “Nu rek anut ka Kami kudu ninggalkeun kapentingan pribadi, kudu manggul salibna tuluy ngiring ka Kami. Sabab sing saha anu leuwih ngabela nyawana bakal kaleungitan ku nyawana. Sabalikna anu ngurbankeun hirupna lantaran anut ka Kami, bakal meunangkeun nyawana.” (Mateus 16:24-25)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus nuju ngawulang bebeneran di sakuliah desa. Seueur jalma nu sarumping seja ngupingkeun pangajaran ti Gusti Yesus.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Yesus angkat ka sisi Talaga Galilea. Jelema-jelema merul daratang ka Anjeunna, tuluy diwulang. Tas ngawulang angkat deui, beh ningali aya tukang mulung pajeg ngaran Lewi, anak Alpeus, keur diuk di kantorna. Ku Yesus tuluy disaur, “Milu ka Kami!” Lewi cengkat tuluy milu. Sabot Yesus keur tuang di imah Lewi, burubul tukang-tukang mulung pajeg lianna daratang jeung jelema-jelema anu dianggap jelema goreng, marilu dahar sameja jeung Anjeunna jeung murid-murid. Sabab loba anu bariluk ka Anjeunna. Sawatara guru agama Yahudi golongan Parisi, narenjo Yesus tuang jeung tukang-tukang mulung pajeg jeung jelema-jelema nu dianggap goreng teh naranya ka murid-murid, “Naha guru maraneh tuang jeung jelema-jelema karitu?” Kadangueun ku Yesus, Anjeunna ngawaler, “Anu perlu doktor teh anu garering, nu calageur mah teu perlueun. Kaula datang lain rek neangan jelema anu marulya, tapi rek neangan jelema-jelema anu diaranggap hin.” (Markus 2:13-17)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Siloka 19:17; Lukas 15:1-31; Lukas 19:10; Galata 6:9-10, Yakobus 3:18)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Salaku pangiring Gusti Yesus Kristus, urang kedah nulad ka Gusti Yesus milari nu sarasab di sakurilingeun urang sakumaha Gusti Yesus milari nu sarasab di sakurilingeuna-Na.

WAWARKEUN

YESUS KA BATUR

Nuyun Batur Ngiring Gusti Yesus

PELAJARAN
3-4



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Pangersa Gusti Allah nya eta aya hubungan sareng manusa. Salaku pangiring Gusti Kristus, urang disaur kanggo nuyun batur sangkan gaduh hubungan sareng Mantenna.

Ayat Alkitab: Tapi ari henteu percaya mah rek kumaha bisa sasambat menta tulung? Jeung kumaha rek bisa percaya lamun tacan ngadenge warta tina hal eta? Jeung kumaha eta warta bisa kadenge lamun henteu diwawarkeun? Jeung kumaha rek diwawarkeunana lamun teu aya anu diutus? Dina Kitab Suci kaunggel, "Aya ku matak resep utusan daratang marawa warta anu pikabungaheun!" (Rum 10:14-15)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Simon Petrus teh tukang ngala lauk anu maher samemeh anjeunna janten pangiring Gusti Yesus Kristus. Dina ieu carita Gusti Yesus nyaur Petrus sangkan jadi tukang ngala jelema.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Dina hiji poe Yesus keur ngadeg di sisi Talaga Genesaret. Jalma-jalma anu rek ngadarengkeun pangandika Allah ngarangseg harayang deukeut ka Anjeunna. Keur kitu Anjeunna ningali dua parahu keur ditarik ka sisi talaga, ari tukang-tukang ngala laukna geus tarurun, keur meresihan. Yesus tuluy naek kana hiji parahu, bogana Simon, bari mundut supaya parahuna diwelah rada ka tengah. Gek Anjeunna linggih dina eta parahu seug ngawulang ka jalma rea. Rengse ngawulang Anjeunna ngalahir ka Simon, "Ieu parahu katengahkeun deui ka nu jero, pasang deui jaringna jeung batur, ngala lauk." Ceuk Simon, "Parantos sawewengi abdi-abdi ngala lauk teh, Juragan! Nanging henteu kekengingan. Ayeuna ku margi Juragan miwarang, mangga jaring bade dipasang." Prak maranehna nurunkeun jaring. Lauk anu beunang kacida lobana, jaringna mani meh bedah. Tuluy nyalukan deui babaturanana menta dibantuan. Seug dibantuan ngangkatan lauk. Parahu duanana meh ngalelep bawaning pinuh ku lauk. Nenjo kitu, brek bae Simon mendek payuneun Yesus tuluy miunjuk, "Gusti, enggal abdi kantunkeun. Abdi teh jalmi gede dosa!" Simon jeung nu ngabaturanana mani barengong narenjo lauk beubeunganana sakitu lobana. Nya kitu deui babaturan Simon, anak Sebedeus, nya eta Yakobus jeung Yohanes. Saur Yesus ka Simon, "Ulah sieun; ti semet ayeuna maneh bakal ngala jelema." Geus kitu maranehna marilu ka Yesus. Parahuna ditarik ka sisi, tuluy ditaringgalkeun jeung eusi-eusina. (Lukas 5:1-11)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 28:18-19; Yohanes 4:39-42; 2 Petrus 3:9)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Pangersa Gusti Allah nya eta aya hubungan sareng sadaya jalma. Salaku pangiring Gusti Yesus Kristus, urang disaur kanggo nuyun batur sangkan gaduh hubungan sareng Mantenna.

WAWARKEUN YESUS KA BATUR

Wawarkeun Beja Kabungahan ka Batur

PELAJARAN
3-5



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Alkitab miwuruk sangkan urang ngawarkeun Beja Kabungahan ti Gusti Yesus ka batur. Sadaya jalma gaduh hak kanggo ngupingkeun Beja Kabungahan ti Gusti Yesus.

Ayat Alkitab: Tapi ari henteu percaya mah rek kumaha bisa sasambat menta tulung? Jeung kumaha rek bisa percaya lamun tacan ngadenge warta tina hal eta? Jeung kumaha eta warta bisa kadenge lamun henteu diwarkeun? Jeung kumaha rek diwarkeunana lamun teu aya anu diutus? Dina Kitab Suci kaungel, "Aya ku matak resep utusan daratang marawa warta anu pikabungaheun!" (Rum 10:14-15)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Paulus teh guru tur panghutbah anu kawentar. Dina ieu carita, Paulus ngutbahkeun Injil. Injil teh Beja Kabungahan yen Gusti Allah meredih sangkan aya hubungan sareng sakumna jalma. Urang tiasa gaduh hubungan sareng Gusti Allah jalaran kurban Gusti Yesus anu ngabebaskeun urang tina hukuman dosa.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Peutingna di Troas, dina hiji titingalian Paulus ningali aya anu nangtung di payuneunana, hiji urang Makedoni anu nunuhun kieu ka anjeunna, "Mugi sumping ka Makedoni, tulungan sim kuring sadaya!" Lantaran aya titingalian Paulus kitu, sim kuring tiluan gura-giru rek terus ka Makedoni, kajurung ku kayakinan yen geus disaur ku Allah supaya nguarkeun Injil ka urang ditu. Terus balayar ti Troas, lempeng ka Samotrake, poe isukna nepi ka Neapolis. Ti dieu terus asup ka Pilipi, kota anu mimiti di wewengkon Makedoni, jajahan karajaan Rum keneh. Di Pilipi meunang sababaraha poe. Dina poe Sabat sim kuring tiluan arindit ka sisi walungan luareun kota, sabab ceuk taksiran bakal manggih tempat sembahyangna urang Yahudi. Sim kuring tiluan dariuk, cacarita jeung aweuwe-awewe anu keur di darinya. Di antarana aya anu ngaranna Lidia, tukang dagang lawon wungu, asalna ti Tiatira. Lidia ibadah ka Allah, harita hatena digerakkeun ku Gusti, kacida ngaregepkeunana ka anu dilahirkeun ku Paulus. Tungtungna Lidia katut saeusi imahna, dibaptis. Anggeus dibaptis manehna ngondang ka sim kuring tiluan pokna, "Upami ku aranjeun parantos kagalih yen abdi leres-leres parantos percaya ka Gusti, aranjeun mugi kersa linggih ka abdi," kitu pokna mani maksa. (Rasul-rasul 16:9-15)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 10:7-8; Mateus 28:19-20; Markus 16:15; Rum 1:16-17; 1 Korinta 2:1-5)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Alkitab netelakeun yen sakur anu ngiring Gusti Yesus teh disalaur geusan ngawarkeun Beja Kabungahan ka batur nya eta yen unggal jalma tiasa ngagaduhan hubungan pribadi sareng Gusti Allah.

WAWARKEUN YESUS KA BATUR

PELAJARAN
3-6

Seueur Jalma anu Siap Ngupingkeun Beja Kabungahan



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Saur Gusti Yesus teh pibuateun sakitu legana, nu rek dibaruatna ngan saeutik. Seueur jalma anu siap ngupingkeun tina hal Gusti Yesus Kristus. Pangiring Gusti Yesus kedah ngawarkeun Beja Kabungahan ka batur.

Ayat Alkitab: Tapi ari henteu percaya mah rek kumaha bisa sasambat menta tulung? Jeung kumaha rek bisa percaya lamun tacan ngadenge warta tina hal eta? Jeung kumaha eta warta bisa kadenge lamun henteu diwarkeun? Jeung kumaha rek diwarkeunana lamun teu aya anu diutus? Dina Kitab Suci kaungel, "Aya ku matak resep utusan daratang marawa warta anu pikabungaheun!" (Rum 10:14-15)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus nuduhkeun ka para murid-Na kumaha carana ngawarkeun Beja Kabungahan ka batur.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Sanggeus sasauran kitu Gusti Yesus milih tujuh puluh dua deui jelema sejen, diutus duaan-duaan ka kota-kota jeung tempat-tempat anu bakal disumpingan ku Anjeunna. Pilahir-Na ka maranehna, "Pibuateun sakitu legana, nu rek dibaruatna ngan saeutik. Kudu nyuhunkeun ka Anu kagunganana eta pibuateun, sangkan ngintun nu baris mibuatanana. Geura ariang! Maraneh ku Kami diutus lir anak domba ka tengah-tengah ajag. Ulah mawa dompet atawa kantong sidekah kitu deui tarumpah; di jalan ulah rundag-randeg uluk salam. Mun asup ka imah batur ucapkeun heula salam, 'Mugia rukun kerta nu kagungan bumi!' Lamun di eta imah aya anu resep rukun, pangdoa maraneh mangka tumerap ka dirina, sabalikna lamun teu aya, pangdoa maraneh tarik deui. Lamun geus aya anu ngaku, nganjrek teh kudu tetep di imah eta bae ulah pipindahan, dahar nginum di dinya, tarima sagala susuguhna, karana anu digarawe teh pantes mareunang bayaran. Samangsa-mangsa asup ka hiji kota tuluy aya anu ngaku, naon bae susuguhna dahar; lamun di dinya aya anu gering, cageurkeun. Jeung bejakeun ka urang dinya kieu, 'Moal lila deui Karajaan Allah bakal ngadeg di dieu.'" (Lukas 10:1-9)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Yesaya 6:8; Mateus 9:35-38; Yohanes 4:35-38; Galata 6:9-10)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Beja Kabungahan geus dipercayakeun ka urang. Urang dipaparin hak pikeun ngawarkeun Beja Kabungahan ka batur di sakurilingeun urang.

MIASIH KA GUSTI ALLAH

Nu Pangpentingna Hubungan sareng Gusti Allah



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Para pangiring Gusti Yesus kedah ngalaksanakeun rupi-rupi hal. Anu pangpentingna nya eta ngamumule hubungan sareng Gusti Allah.

Ayat Alkitab: Masing nyaah ka Pangeran Allah maraneh, terus jeung hate, terus jeung nyawa, terus jeung budi akal, sarta sing sakuat- kuat. (Markus12:30)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Maria jeung Marta teh pangiring Gusti Yesus anu garaduh hubungan anu sae sareng Anjeunna.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Yesus katut murid-murid angkat deui. Barang sumping ka hiji desa, Anjeunna dihaturanan linggih ku hiji wanita ngaran Marta. Marta boga dulur awewe hiji ngaranna Maria, anu terus emok deukeut dampal sampean Gusti, ngaregepkeun cariosana-Na. Ari Marta pakepuk sorangan keur nyayagikeun. Tungtungna marek unjukan, "Gusti, eta pun dulur ngeunah-ngeunah, abdi diantep pakepuk digawe sorangan bae. Piwarang mantuan atuh!" Ku Gusti diwaler, "Marta, Marta! Hidep ngariripuh maneh mikiran itu mikiran ieu. Ngan sarupa anu penting teh. Maria geus milih anu bener, sarta eta moal aya anu nyokot deui." (Lukas 10:38-42)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 11:28-30; Yohanes 14:15; Lukas 6:47-49; Pilipi 2:12-13)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Parentah Gusti Yesus nu pangpentingna nya eta yen urang kedah miasih ka Anjeunna kalawan sagemblengna hate, nyawa, budi akal, tur sakuat-kuat.

MIASIH KA GUSTI ALLAH

Wanoh ka Pangangon Anu Bumela



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Pangiring Gusti Yesus kedah miasih ka Gusti Allah kalawan sagemblengna hate. Urang kedah wanoh ka Gusti Allah sangkan tiasa miasih kalawan sagemblengna hate.

Ayat Alkitab: Masing nyaah ka Pangeran Allah maraneh, terus jeung hate, terus jeung nyawa, terus jeung budi akal, sarta sing sakuat-kuat. (Markus 12:30)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus ngajelaskeun yen para pangiring-Na lir ibarat domba anu nuturkeun pangangonna.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Yesus nyarios deui, "Supaya kaharti Urang terangkeun: Anu diupamakeun lawang teh Kami. Anu sejen, anu asupna memeh Kami, bangsat atawa rampog, ku domba-domba moal diturut. Nya Kami lawangna. Anu asupna ti Kami tangtu salamet, jeung bisa asup atawa kaluar ka sampalan. Bangsat datangna ngan arek maling, ngarogahala, jeung ngabinasa. Ari Kami mah malar supaya umat harirup sarta carukup. Kami teh ibarat pangangon anu bumela, anu daek bela pati ka domba-dombana. Anu buburuh, anu lain pangangonna jeung lain anu bogana, nenjo aya ajag teh anggur lumpat kabur, domba-domba diantep dirontok jeung diubrak-abrik ku ajag, kawantu lain bogana sorangan. Munasabah kabur oge, ngaranna ge nu buburuh, moal paduli ka domba-domba. Kami teh lir pangangon anu bumela. Sakumaha Rama kenal ka Kami, Kami kenal ka Rama, Kami wawuh ka domba-domba Kami, nya kitu deui domba-domba Kami oge wawuheun ka Kami,"(Yohanes 10:7-15)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Jabur 23; Jabur 100; Mateus 9:35-36)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Upami urang wanoh ka Gusti Allah, tangtos bakal miasih ka Mantenna.

MIKANYAAH KA BATUR

Hirup Rukun sareng Para Pangiring Kristus



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Para pangiring Gusti Yesus disebut Gareja. Gusti Allah meredih sangkan Gareja hirup satunggal.

Ayat Alkitab: Kudu nyaah ka batur kawas ka diri sorangan. (Markus 12:31)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Para pamingpin agama anu ngalawan ka Gusti Yesus nyegah para pamingpin Gareja ngawarkeun tina hal Gusti Yesus. Gareja nyiar jalan anu kamanah ku Gusti Allah.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

"Nun Pangeran, tingali kumaha ngancamna maranehna ka abdi sadaya. Mugi abdi-abdi sadaya para kawula Gusti dikersakeun taya kasieun nyanggemkeun pangandika Gusti. Mugi ku pitulung Gusti abdi-abdi tiasa nyageurkeun anu aludur, sareng ku kawasana jenengan Yesus Kristus Abdi Suci Gusti, tiasa ngayakeun hal-hal anu ajaib sareng mujijat-mujijat anu luar biasa." Tamat pakumpulan nenedana, tempat anu keur dipake kumpul teh inggeung. Aranjeunna dieusian Roh Suci, jadi kacida laludeungna nguarkeun pangandika Allah. Pakumpulan anu palercaya teh estu saniat sapikir, sabanda saboga. Harta bandana sorangan ge teu diaku bogana pribadi, sagala pangabogana dipake keur kapentingan babarengan. Ari rasul-rasul mertelakeun hal gugahna Gusti Yesus tina pupus teh gede pisan pangaruhna sarta kacida diberkahanana ku Allah. Di eta pakumpulan teh taya pisan saurang oge anu hirupna kakurangan. Nu baroga lahan atawa imah dijarual, beubeunanganana diserenkeun ka rasul-rasul, duitna dibagi-bagi, gedena panta-panta nurutkeun pangabutuh masing-masing. (Rasul-rasul 4:29-35)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Rum 12:3-21; 1 Korinta 12:12-31; 1 Korinta 14:26; Epesus 4:1-16)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Urang disaur sangkan hirup manunggal sareng para pangiring Gusti Kristus.

NYAAH KA BATUR

Jadi Caangna Dunya

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus marentahkeun ka para murid-Na supaya mikanyaah ka batur. Urang Karesten disaur kanggo nguarkeun warta pangharepan tur katengtreman ka sakuliah dunya. Urang Karesten kenging pancen asih ti Gusti Allah ka sadaya jalma anu barutuheun.

Ayat Alkitab: Kudu nyaah ka batur kawas ka diri sorangan. (Markus 12:31)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Alkitab miwulang ka urang supaya mikanyaah ka batur. Saurang ahli agama tumanya ka Gusti Yesus saha anu jadi batur urang teh. Ku Gusti Yesus diwaler ngalangkungan siloka ngeunaan imam, urang Lewi, jeung urang Samaria. Urang Lewi jeung imam teh jalma anu taat pisan kana agama. Urang Samaria mah kelompok jalma anu beda tina kelompok pangiring Gusti Yesus.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Waler Yesus, "Sakali mangsa aya hiji jelema mudun ti Yerusalem ka Yeriho. Di tengah jalan ditarajang ku begal, dirangsadan jeung dirogahala nepi ka satengah paeh, tuluy ditinggalkeun. Kabeneran aya hiji imam leumpang nyorang jalan eta. Nenjo anu ngajoprak teh tuluy ngejat ka sisi sejen, leumpangna terus kebat. Lar deui saurang, urang Lewi ngaliwat ka dinya. Ret nenjoeun ka nu ngajoprak, tuluy ngejat ka sisi sejen, leumpangna terus kebat. Tapi aya hiji jelema urang Samaria ngaliwat ka dinya. Ari ret awas ka nu ngajoprak liwat saking watireunana. Geuwat diburu, raheut-raheutna dikucuran ku minyak jeung anggur tuluy dibeberan; geus kitu ditumpakkeun kana sato tutumpakanana, dibawa ka hiji losmen terus dipulasara. Poe isukna eta urang Samaria teh mikeun duit dua uang perak ka nu boga losmen. "Panguruskeun ieu nu gering," pokna. "Engke kuring nyimpang deui ka dieu. Sagala rupa anu ku anjeun dipake keur kaperluanana, tangtu ku kuring engke dibayar." Yesus nutup pilahir-Na kieu, "Cik, ti eta tilu jelema, anu mana anu lampahna nyirikeun jadi batur jelema anu dibegal teh?" "Anu nulunganana," tembal eta guru agama. "Tah, anjeun oge kudu kitu. Lampahkeun kitu ku anjeun," waler Yesus. (Lukas 10:30-37)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 5:14-16; Yohane 13:34-35; 1 Korinta 13; Epesus 4:1-3; 1 Yohanes 3:16-18; 1 Yohanes 4:7-12)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Upami urang mirosea ka jalma anu keur butuh, urang nembongkeun kaasih ka Gusti Allah ku jalan mirosea ka batur anu keur butuh.

NGAMURIDKEUN

Panguruskeun Domba-domba Kami

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Kaasih Gusti Allah ngajurung urang ngalatih tur mirosea ka batur anu geus palercaya ka Mantenna.

Jadi lir pangangon anu kudu ngangon domba-domba Allah, ngasuh jamaah anu dipercayakeun ka aranjeun. Jamaah urus sing enya-nya, sing ikhlas sakumaha anu dipikahoyong ku Allah, ulah jeung aral subaha. Kudu kajurung ku enya-nya hayang ngurus, lain ku karana mandang gajih. (1 Petrus 5:2)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus parantos janten kurban tur gugah deui ti nu maraot. Hiji poe isuk-isuk kasampak ku Gusti Yesus murid-murid-Na keur ngarala lauk.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Yesus ngalahir, “Ka darieu, dalahar.” Murid-murid teu aya anu wanieun nanya, “Dupi Bapa saha?” da geus nyarahoeun yen Anjeunna teh Gusti. Ku sabab kitu Yesus terus nyandakan roti jeung lauk dibagikeun ka maranehna. Ti barang gugah tina pupus nepi ka harita, Yesus geus katilu kalina nembongan ka murid-murid. Sanggeus dalahar, Yesus mariksa ka Simon Petrus, “Simon anak Yonas, enya hidep nyaah ka Kami leuwih ti nu sejen?” “Sumuhun Gusti,” walon Petrus, “Gusti uninga yen abdi teh nyaah ka Gusti.” Saur Yesus, “Panguruskeun anak-anak domba Kami.” Geus kitu mariksa deui kadua kalina, “Simon anak Yonas, enya hidep nyaah ka Kami?” Walon Petrus, “Sumuhun Gusti, Gusti uninga yen abdi nyaah ka Gusti.” Saur Yesus, “Panguruskeun domba-domba Kami.” Katilu kalina Anjeunna mariksa deui, “Simon anak Yonas, enya hidep nyaah ka Kami?” Dipariksa nepi ka tilu kali, “Enya hidep nyaah ka Kami?” Petrus jadi nalangsa, tuluy unjukan, “Gusti, Gusti uninga kana saniskanten perkawis, tangtos uninga yen abdi nyaah ka Gusti.” Saur Yesus, “Panguruskeun domba-domba Kami.” (Yohanes 21:12-17)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 28:19-20; Rasul-rasul 20:28; 1 Korinta 9:16-18; 1 Tesalonika 5:11; 2 Timoteus 2:2; 2 Timoteus 4:2-5)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus ngajurung para pangiring-Na ngamuridkeun batur. Ngamuridkeun hartina urang ngarojong tur ngawuruk ka batur sangkan hubungan aranjeunna sareng Gusti Allah tiasa tumuwuh.

NGAMURIDKEUN

Yesus Nyarengan Nalika Urang Ngamuridkeun Batur



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus kalintang miasihna ka sadaya jalma nu mawi Anjeunna ngajurung para pangiring-Na ngamuridkeun batur. Gusti Yesus jangji baris nyarengan ka sakur anu palercaya ka Anjeunna nalika aranjeunna ngamuridkeun batur.

Ayat Alkitab: Jadi lir pangangon anu kudu ngangon domba-domba Allah, ngasuh jamaah anu dipercayakeun ka aranjeun. Jamaah urus sing enya-nya, sing iklas sakumaha anu dipikahoyong ku Allah, ulah jeung aral subaha. Kudu kajurung ku enya-nya hayang ngurus, lain ku karana mandang gajih. (1 Petrus 5:2)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus tos dikurbankeun tur dikurebkeun salami tilu dinten. Dinten nu katilu para murid ningali makam tempat layon Yesus digolerkeun tea geus kosong.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Murid-murid anu kari sawelas urang arindit ka hiji pasir di Galilea, sakumaha anu dipesen ku Yesus. Sanggeus papanggih jeung Anjeunna tuluy sarujud nyarembah. Aya oge sawatara urang anu asa-asa keneh. Yesus nyaketan ka maranehna, lajeng sasauran kieu, "Kakawasaan di sawarga jeung di bumi, sagemblengna geus diserenkeun ka Kami. Ku sabab eta datangan jalma-jalma saalam dunya jaradikeun murid Kami, baptis kalawan pajenengan Rama, Putra, jeung Roh Suci. Ajar ngalakonan sagala perkara anu ku Kami geus diparentahkeun ka maraneh. Kami tangtu nyarengan ka maraneh salalawasna nepi ka ahir jaman." (Mateus 28:16-20)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Yohanes 14:15-17; Rasul-rasul 2:42-47; 2 Timoteus 2:2; Ibrani 13:5-6)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus marentahkeun ka para murid-Na supaya mariang tur ngamuridkeun. Para pangiring Gusti Yesus disaur pikeun ngawuruk batur anu nembe palercaya ka Anjeunna sangkan aranjeunna tiasa langkung wanoh deui ka Gusti Yesus tur imanna ka Gusti Yesus tiasa tumuwuh.

NGAMURIDKEUN

Ngiatkeun Jalma Percaya



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Salaku jalma anu percaya ka Gusti Yesus, urang kedah silih asih tur silih ngiatkeun iman. Salaku bagian tina kulawarga Allah, urang kedah silih asuh silih asah.

Ayat Alkitab: Jadi lir pangangon anu kudu ngangon domba-domba Allah, ngasuh jamaah anu dipercayakeun ka aranjeun. Jamaah urus sing enya-nya, sing iklas sakumaha anu dipikahoyong ku Allah, ulah jeung aral subaha. Kudu kajurung ku enya-nya hayang ngurus, lain ku karana mandang gaji.

(1 Petrus 5:2)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Paulus jeung Barnabas nyaraba ti hiji kota ka kota sejen ngawarkeun Gusti Yesus.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Anjeunna cengkat deui sanggeus diraring ku anu palercaya, tuluy lebet deui ka jero kota. Poe isukna anjeunna jeung Barnabas angkat ka Derbe. Di Derbe Paulus jeung Barnabas ngawartakeun Injil Kasalamatan, jeung loba jelema anu datang ka palercaya ka Yesus. Ti dinya arangkat ka Listra, ka Ikonium, jeung ka Antioki di Pisidia, nguatkeun hate anu palercaya ka Yesus supaya mantep percayana. "Rek asup ka Karajaan Allah teh kudu nyorang heula rupa-rupa kasusahan," kitu saur anjeunna. Di unggal jamaah anjeunna ngangkat pamingpin; sanggeus dipuasan jeung dipangnedakeun, eta pamingpin-pamingpin dititipkeun ka Gusti anu jadi pananggeuhanana. (Rasul-rasul 14:20-23)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Rasul-rasul 2:42-47; Rasul-rasul 11:25-30; Rasul-rasul 15:30-41; Rasul-rasul 18:23; 1 Tesalonika 5:13-15)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Para pangiring Gusti Yesus Kristus anu saratia kedah silih ngiatkeun tur silih asuh.



HATEUPNA

BEBENERAN PENTING

"Sarta bakal nyaraho ka Anu saestu, sarta ku Anu saestu maraneh bakal dibebaskeun." (Yohanes 8:32)

Indek

Pelajaran:

4-1 Gusti Allah.....	Kaca 62
<i>Gusti Allah teh Tunggal</i>	
4-2 Gusti Yesus.....	Kaca 63
<i>Gusti Yesus Putra Allah</i>	
4-3 Roh Suci.....	Kaca 64
<i>Pangiring Kristus Peryogi Roh Suci</i>	
4-4 Kaasih jeung Panghampura.....	Kaca 65
<i>Gusti Yesus Sumping Mintonkeun Kaasih tur Panghampura</i>	
4-5 Diangken Bener ku Gusti Allah.....	Kaca 66
<i>Tetela Urang mah Jauh tina Kamulyaan Gusti Allah</i>	
4-6 Karajaan Allah.....	Kaca 67
<i>Dibabarkeun Deui Rohaniahna</i>	
4-7 Alkitab.....	Kaca 68
<i>Tulisan Kayaktian ti Gusti Allah</i>	
4-8 Gareja.....	Kaca 69
<i>Para Pangiring Gusti Yesus Hirup Sauyunan</i>	
4-9 Caangna Dunya.....	Kaca 70
<i>Nembongkeun Caang ti Gusti Yesus</i>	
4-10 Kalanggengan.....	Kaca 71
<i>Salamina sareng Gusti Allah atawa Salamina Sangsara</i>	
4-11 Hakimna.....	Kaca 72
<i>Gusti Yesus Kristus baris Ngahakiman Sakumna Manusa</i>	
4-12 Taruang Wengi sinareng Gusti Yesus.....	Kaca 73
<i>Pentingna Mieling Maotna Kristus kanggo Dosa-dosa Urang</i>	
4-13 Baptisan.....	Kaca 74
<i>Ngembarkeun ka Batur yen Urang teh Iman ka Gusti Kristus</i>	

GUSTI ALLAH

Gusti Allah teh Tunggal



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Allah teh tunggal. Tina Alkitab urang ngarti saha tur kumaha Gusti Allah teh. Alkitab netelakeun yen urang Karesten mung nyembah ka Allah Anu tunggal, sabab sing saha anu nyembah ka Allah sejen mah henteu taat ka Gusti Allah Anu saestu.

Ayat Alkitab: Pangeran Allah urang teh Pangeran anu tunggal. (Markus 12:29)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Paulus teh salasaurang pangkutbah di jaman munggaran. Hiji mangsa Paulus nepangkeun Gusti Allah Anu saestu dina kutbahna. Jalma-jalma sakota karumpul seja ngupingkeun kutbah Paulus.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Paulus tuluy ngadeg di tengah-tengah dewan, pok nyarios, "Katilikna ku kaula, dina sagala hal urang Atena kacida aribadahna ka dewa-dewa. Waktos kaula udar-ider di kota ngalanglang tempat-tempat ibadah, ningal hiji altar make tulisan kieu, 'IEU PIKEUN ALLAH NU TACAN KANYAHOAN'. Tah, Allah anu tacan kanyahoan ku aranjeun tapi parantos diparunjung teh, ayeuna ku kaula rek diuarkeun ka aranjeun. Mantenna teh nya eta Allah anu parantos ngajadikeun alam dunya sareng eusina, nu jadi Gustina langit jeung bumi, anu linggihna sanes di jero gedong buatan manusa. Mantenna henteu butuheun ku anu disadiakeun ku urang. Malah nya Mantenna anu maparin hirup sareng ambekan katut salian ti eta ka manusa. Manusa nu asalna hiji, ku pangersa Mantenna geus nepi ka minuhan ieu bumi, bari ti samemehna ku Mantenna parantos ditangtoskeun pililaeun jaman-jamanna sareng tempat-tempat pangcicinganana. Maksud Mantenna supaya manusa teh nareangan ka Mantenna, malakmandar sing datang ka kapanggih sarta karasa aya-Na. Margi Allah teh sayaktosna henteu jauh ti diri urang masing-masing. Geuning aya catur kieu, 'Urang hirup, usik, jeung gumelar teh ku Mantenna.' Saur sawareh bujangga bangsa aranjeun oge, 'Urang oge putra-putra Mantenna.' Ku margi urang teh putra-putra Allah, ulah nyaruakeun Allah jeung emas atanapi perak atanapi batu, titironan cipta seni sareng kaahlian manusa. Jaman manusa teu terang ka Allah ku Allah parantos teu diemut-emut. Ayeuna Mantenna mundut supaya manusa di mana-mana tarobat tina dosana. Margi Allah parantos nangtoskeun poe pikeun ngahukum saalam dunya kalawan adilna. Demi nu bakal jadi hakimna hiji manusa anu dipilih ku Mantenna. Hal ieu ku Mantenna parantos diyakinkeun ka unggal jelema, ku jalan nangkahkeun eta manusa ti nu maraot." (Rasul-rasul 17:22-31)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Kajadian 1:1; Pamindo 6:4-5; Markus 12:32; 1 Timoteus 2:5-6; Wahyu 1:8)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Allah Anu saestu teh tunggal. Masing yakin yen urang henteu nyembah ka Allah nu salah.

GUSTI YESUS

Gusti Yesus Putra Allah



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Samemeh sumping ka alam dunya, Gusti Yesus sasarengan Gusti Allah di sawarga. Gusti Yesus teh Putra Tunggal Allah. Saparantos pupus tur gugah deui ti nu maraot, Gusti Yesus mulang ka Rama di sawarga. Urang kedah apal heula yen Gusti Allah Rama sareng Gusti Yesus teh satunggal, nembe urang tiasa ngarti tur nyembah ka Gusti Yesus kalawan leres.

Ayat Alkitab: Pang kajadian kitu teh supaya laksana sabda Allah anu diandikakeun ka nabi baheula, ungelna, "Hiji parawan bakal ngandung, ngowokeun putra pameget anu pijenenganeunana Immanuel" (hartina "Allah nyarengan ka urang"). (Mateus 1:22-23)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Sapanjang sajarah, seueur jalma anu diutus ku Gusti Allah geusan ngawartakeun yen hiji mangsa Gusti Yesus baris sumping ka alam dunya. Aranjeunna katelahna para nabi. Musa jeung Elias teh para nabi anu harirup mangtaun-taun samemeh Gusti Yesus sumping ka alam dunya.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Genep poe ti harita Yesus unggah ka hiji gunung anu luhur, nyandak Petrus, Yakobus, jeung Yohanes. Di luhur gunung ngan opatan bae. Di dinya Yesus salin rupi, katenjo ku nu tiluan raray-Na moncorong kawas panonpoe, anggoana-Na bodas hurung mancur. Breh deuih katenjo aya Musa jeung Elias keur cacarios jeung Anjeunna. Pok bae Simon Petrus unjukan kieu, "Gusti, ku raraos urang di dieu teh! Manawi karujukan abdi bade ngadamel tilu kemah, kangge Gusti, kangge Musa, sareng kangge Elias." Petrus keur unjukan keneh, bray aya mega ngagebray turun mayungan ka aranjeunna. Tina eta mega aya soara, ungelna, "Tah ieu teh Putra Kami, kaasih Kami, anu kamanah ku Kami. Masing ngagugu ka Anjeunna!" Bawaning ku sarieuneun kana eta soara, murid-murid teh mani nyaluksrukkeun beungeut kana taneuh. Ku Yesus disampeurkeun tuluy diusap. "Harudang, ulah sarieun!" saur-Na. Barang carengkat geus teu aya sasaha ngan Yesus bae. (Mateus 17:1-8)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Yohanes 1:1-5; Yohanes 3:16; Pilipi 2:5-11; Kolosa 1:15-20; Kolosa 2:9; Ibrani 1:1-3)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus sareng Ama di sawarga teh satunggal. Gusti Yesus teh nya Gusti Allah.

ROH SUCI

Pangiring Kristus Peryogi Roh Suci

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus miwuruk ka para murid-Na yen hubungan sareng Roh Suci teh penting. Gusti Yesus aya pakait sareng Roh Suci. Roh Suci teh disebutna Panulung sarta bakal nuyun para pangiring Gusti Kristus kana bebeneran. Kitu deui Roh Suci maparin kawasa ka para pangiring Gusti Kristus. Ieu hubungan ilahi masih diperlukeun ku jalma percaya jaman kiwari.

Ayat Alkitab: Kami rek nyuhunkeun ka Rama, sarta Rama bakal maparin ka maraneh hiji Panulung sejen, anu bakal nyarengan ka maraneh salalawasna. Eta Panulung teh nya eta Roh Allah, anu bakal nganyatakeun hal Allah nurutkeun anu saestuna. Eta Roh ku dunya mah moal katarima, sabab dunya mah ka eta teh teu nenjoeun, teu nyahoeun. Ari maraneh mah nyarahoho, sabab Anjeunna aya di maraneh, ngancik di diri maraneh. (Yohanes 14:16-17)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Salasahiji parentah pamungkas ti Gusti Yesus ka para murid-Na nya eta supaya aranjeunna ngantosan sumpingna Roh Suci. Kalawan taat, gempungan jalma karumpul di Yerusalem seja ngantosan. Sanggeus sababaraha poe, Roh Suci nyumpingan jalma rea anu keur karumpul.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Dina poe Pentakosta, umat anu palercaya teh karumpul di hiji tempat. Dumadakan ti langit aya anu ngaguruh sada angin gede, tuluy minuhan saeusi imah anu keur dicaralikan. Breh katembong ku aranjeunna aya anu tingsulwiwer hurung saperti seuneu, bangonna siga letah-letah, areunteup ka sakur anu araya di dinya. Harita keneh aranjeunna geus kacalikan ku Roh Suci, tuluy salasauran ku basa-basa sejen, nurutkeun gerak ti Roh Suci tea. Harita di Yerusalem loba urang Yahudi asal ti rupa-rupa nagara sakuliah dunya, jalma-jalma ibadah. Barang ngadareng sora ngaguruh kitu, jalma-jalma teh ngadareugdeug ka dinya. Maranehna pohara karageteunana ngadareng rasul-rasul salasauran dina basa-basa maranehna masing-masing, kabeh ngarasa helok. Pok ngaromong, "Eta nu ngaromong dina basa-basa sejen teh lain urang Galilea? Aneh, kumaha pangna barisaeun basa-basa urang? Urang teh aya anu ti Partia, ti Media, jeung ti Elam; ti Mesopotami, ti Yudea, jeung ti Kapadokia; ti Pontus, jeung ti Asia; ti Prigia jeung ti Pampilia, ti Mesir, jeung ti daerah-daerah Libia deukeut Kirena. Aya anu ti Rum, boh bangsa Yahudi, boh bangsa-bangsa sejen anu arasup agama Yahudi; aya oge anu ti Kreta jeung ti Arab, tapi kabeh ngarti ka nu diucapkeun ku aranjeunna dina basa urang masing-masing, nyaurkeun hal padamelan Allah anu arajaib! Alamat naon ieu teh?" ceuk maranehna tingpelengek heran. Tapi aya oge anu maroyok pokna, "Wah, eta mah nu keur marabok! Loba teuing nginum anggur!" Neut Petrus ngadeg direncangan ku sawelas rasul deui, pok sasauran ka jalma rea, "Dulur-dulur sasama urang Yahudi, jeung sakumna urang Yerusalem!" saurna bedas. "Geura regepkeun! Kaula rek nerangkeun alamat ieu kajadian. Kaula teh lain marabok, saperti panyangka aranjeun, sabab ayeuna teh kakara pukul salapan isuk. Ieu kajadian teh enyana mah geus disaurkeun ti heula ku Allah make parantaraan Nabi Yoel, kieu: 'Dawuhan Allah, Kieu pidameleun Kami dina ahir jaman. Roh Kami rek dikucurkeun ka unggal jalma. Anak-anak maraneh lalaki, awewe, ngembarkeun dawuhan Kami. Nu ngarora bakal mareunang tetenjoan, nu karolot bakal mareunang impian.'" (Rasul-rasul 2:1-17)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Lukas 11:13; Yohanes 16:13; Rasul-rasul 1:8; 1 Korinta 12:7-11; Galata 5:16)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Pangaruhna para pangiring Gusti Yesus di jaman munggaan katelah di sakurilingeuna aranjeunna jalaran aranjeunna pinuh ku Roh Suci. Nu mawi urang oge salaku pangiring Gusti Kristus kiwari perयोगi Roh Suci.

ASIH TUR PANGHAMPURA

Gusti Yesus Sumping Seja Mintonkeun Kaasih tur Panghampura



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus mintonkeun kaasih tur panghampura ti Gusti Allah ka manusa. Salaku para pangiring Gusti Kristus, urang oge sakedahna mintonkeun kaasih tur panghampura ti Gusti Allah ka sadaya manusa.

Ayat Alkitab: Kieu parentah Kami teh: Maraneh sing silih pikanyaah, saperti Kami nyaah ka maraneh. (Yohanes 15:12)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Nalika Gusti Yesus jumeneng di alam dunya, manusa kedah taat kana hukum Musa. Dina ieu carita, Gusti Yesus netelakeun aturan hirup anyar anu dumasar kana kaasih tur panghampura ka jalma rea.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Isukna isuk-isuk keneh geus di Bait Allah. Jelema-jelema tuluy daratang, Yesus calik tuluy ngawulang. Sabot kitu aya guru-guru agama jeung urang Parisi mawa hiji awewe anu kacerek keur jinah. Eta awewe ditangtungkeun hareupeun sarerea. "Guru," ceuk maranehna, "ieu awewe katangkep keur jinah. Awewe kitu nurutkeun Hukum Musa kudu dipaehan, dibaledogan ku batu. Kumaha ari ceuk Pa Guru?" Maranehna saenyana ngadoja, ngarah kalepatan Anjeunna. Tapi Anjeunna anggur dongko, curat-coret dina taneuh ku rema-Na. Maranehna maksa marenta diwaler. Yesus cengkat ajeg, tuluy ngalahir, "Saha anu teu boga dosa, nu mana bae, pek maledog pangheulana ka eta awewe." Anjeunna dongko deui curat-coret dina taneuh kawas tadi. Diwaler kitu jelema-jelema anu ngadaroja teh tingkolesed saurang-saurang, nungtutan ti nu kolotan heula, ahirna ngan kari Yesus jeung awewe tea. Yesus cengkat tuluy ngalahir, "Ka marana maranehna? Euweuh anu ngahukum ka maneh?" "Sumuhun teu aya, Juragan," walonna. "Kami oge moal ngahukum," saur Yesus, "jig geura mulang, tapi ulah deui-deui nyieun dosa." (Yohanes 8:2-11)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Yohanes 15:12-17; 1 Yohanes 2:8-11; 1 Yohanes 3:16; 1 Yohanes 4)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus mintonkeun kaasih tur panghampura anu sampurna. Salaku pangiring Gusti Kristus urang kedah mikanyaah tur jembar panghampura ka sadaya jalma.

DIANGKEN BENER KU GUSTI ALLAH

PELAJARAN
4-5

Tetela Urang mah Jauh tina kamulyaan Gusti Allah



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Sadaya jalma geus jarauh tina kamulyaan Gusti Allah. Urang moal tiasa jadi leuwih hade ukur ku milampah kahadean. Urang kedah sadar kana kaayaan urang anu pinuh ku dosa heg neda hampura ka Gusti Allah. Upami urang neda hampura ka Gusti Allah, urang bakal diangken bener ku Mantenna.

Ayat Alkitab: Kabeh geus dosa, jarauh ti Allah anu iasa nyalametkeun. (Rum 3:23)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus nyarioskeun tina hal dua jalma. Nu hiji pamingpin agama katelahna urang Parisi. Nu hiji deui tukang mulung pajeg anu dipikangewa ku masarakat. Dina ieu carita, diangken bener ku Gusti Allah hartina manusa teh dihampura dosana ku Gusti Allah.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

"Hiji mangsa aya dua jelema arindit ka Bait Allah rek neneda; nu saurang urang Parisi, nu saurang deui tukang mulung pajeg. Urang Parisi nangtungna misah, nenedana kieu, 'Nun Allah, sim kuring muji sukur ka Anjeun, dumeh sim kuring henteu sami sareng jalmi sanes, anu sararakah, anu teu jalujur, anu sok jarinah. Sim kuring muji sukur lantaran henteu sapertos itu, tukang mulung pajeg. Sim kuring mah sok puasa saminggu dua kali, sareng sok nyanggakeun perpuluhan tina sagala pangasilan sim kuring.' Ari tukang mulung pajeg nangtungna di nu jauh, jeung nenedana mani ngeluk teu wani tanggah, bari ngusap-ngusap dadana. Kieu nenedana, 'Nun Allah, sim abdi nyuhunkeun piwelas, rumaos jalmi doraka!' Sing percaya," saur Yesus, "waktu maranehna balik ka imah, anu bakal dibenerkeun ku Allah teh tukang mulung pajeg, lain urang Parisi. Sabab saha-saha anu ngagulkeun diri sorangan bakal dikahandapkeun, saha-saha anu ngahandapkeun diri sorangan bakal dijungjung." (Lukas 18:10-14)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Rum 3:24; Rum 4:4-5; Rum 4:25; Rum 5:1-2; Rum 5:8-10; Rum 10:10; Yakobus 2:20-26)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Sadaya jalma geus dosa tur perlu diangken bener. Supaya bisa diangken bener, urang kedah ngaku yen urang teh geus jauh tina kamulyaan Gusti Allah heg neda hampura ti Mantenna. Anging ku kawasa Gusti Allah wae urang tiasa diangken bener.

KARAJAAN ALLAH

Dibabarkeun deui Rohaniahna



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus sering nyarioskeun karajaan Allah. Karajaan Allah diparentahna ku Gusti Allah. Para pangiring Gusti Kristus teh jadi warga karajaan Allah. Taya saurang oge anu tiasa lebet ka karajaan Allah tanpa dibabarkeun deui rohaniahna.

Ayat Alkitab: Jalma anu geus satunggal jeung Kristus, geus jadi manusa anyar, manusa heubeulna geus sirna, kari anu anyarna! (2 Korinta 5:17)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Saurang nu ngaran Nikodemus ngadeuheus ka Gusti Yesus seja tumanya ka Anjeunna. Nikodemus teh pamingpin agama anu dipikasima.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Aya hiji pamingpin urang Yahudi ti kalangan kaom Parisi, ngaranna Nikodemus. Dina hiji peuting manehna datang ka Yesus. “Pa Guru,” carekna ka Anjeunna, “sarerea terang Pa Guru teh guru anu diutus ku Allah. Sabab moal aya anu bisa ngayakeun mujijat kawas Pa Guru lamun henteu disarengan ku Allah.” Waler Yesus, “Kaula rek ngabejakeun hal anu saenyana, nya eta: Saurang oge moal aya anu bisa asup ka Karajaan Allah, kajaba lamun dijurukeun deui.” “Piraku jalma anu geus dewasa bisa dijurukeun deui, kumaha petana?” ceuk Nikodemus. “Na bisa asup deui kana rahim indungna tuluy dijurukeun deui?” Waler Yesus, “Kaula ngomongkeun nu saenyana, yen jelema anu dijurukeunana lain tina cai jeung Roh Allah, moal bisa asup ka Karajaan Allah, kitu saenyana. Manusa teh sacara jasmani lahir ti kolotna anu sipat jalma, tapi sacara rohani mah dijurukeunana ti Roh Allah. Anjeun ulah heran carek Kaula tadi kabeh jalma kudu dijurukeun deui. Jalma anu dijurukeun ti Roh Allah teh saperti kitu.” (Yohanes 3:1-8)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Yohanes 18:36; Rasul-rasul 1:3; Rum 6:4; 2 Timoteus 4:18; 1 Petrus 1:23; 2 Petrus 1:11)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus misaur yen pamohalan aya anu lebet ka karajaan Allah tanpa dibabarkeun deui rohaniahna. Gusti Yesus misaur ka Nikodemus yen anjeunna kedah dibabarkeun deui dina cai kitu deui rohaniahna.

ALKITAB

Tulisan Kayaktian ti Gusti Allah



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Alkitab teh Kitab Suci anu ngagem kawasa. Bebeneran dina Alkitab tiasa ngarobah hate tur emutan urang. Alkitab teh penting sabab mung hiji-hijina buku anu netelakeun saha Gusti Allah teh. Alkitab teh hiji-hijina buku anu sumpingna ti Gusti Allah.

Ayat Alkitab: Eusi Kitab Suci, sagemblengna wahyu ti Allah, sarta mangpa'at pikeun ngawurukkeun kayaktian, pikeun ngaweweleh anu salah, pikeun ngomean kasalahan, jeung pikeun nungtun kana hirup bener, supaya jelema anu ngabdi ka Allah lengkep sampurna kanyahona kana sagala rupa lampah nu hade. (2 Timoteus 3:16-17)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Samemeh Gusti Yesus ngawitan palayanana-Na ka jalma rea, Anjeunna dipegat ku iblis. Dina ieu carita, Gusti Yesus ngandelkeun ayat Kitab Suci pikeun ngungkulan gogoda.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Ti dinya Yesus dicandak ku Roh ka gurun keusik, sina digoda ku Iblis. Sanggeus opat puluh poe opat puluh peuting teu barangtuang, Yesus ngaraos lapar. Jol Iblis nyampeurkeun, ngagoda, "Anjeun teh Putra Allah? Coba eta batu-batu jadikeun roti." Tapi waler Yesus, "Aya dawuhan dina Kitab Suci: 'Jelema hirupna lain ku roti bae, perlu deuih ku tiap-tiap sabda anu diandikakeun ku Allah.'" Ti dinya Yesus ku Iblis dibawa ka Bait Allah, ka puncak pangluhurna, di kota suci Yerusalem. Ceuk Iblis ka Yesus, "Lamun Anjeun Putra Allah, coba geura ngaragragkeun maneh. Sabab ceuk Kitab Suci: 'Allah bakal miwarang para malaikat-Na, sina nyanggap ka Anjeun, sangkan ulah kungsi tigasruk kana batu.'" Waler Yesus, "Tapi ceuk Kitab Suci: 'Maneh ulah ngadoja ka Pangeran Allah maneh.'" Yesus ku Iblis dibawa ka hiji gunung kacida luhurna, ditembongan karajaan-karajaan saalam dunya jeung sagala kaagunganana. Ceuk Iblis, "Eta kabeh rek diserenkeun ka Anjeun, asal daek sujud nyembah ka kaula." Ku Yesus diwaler, "Geura nyingkah, Iblis! Kieu ceuk Kitab Suci: 'Maneh kudu nyembah ka Pangeran, Allah maneh. Ngan Mantenna anu kudu dibakti!'" Iblis nyingkah ti Yesus. Geus kitu sarumping malaikat ngalalayanan ka Yesus. (Mateus 4:1-11)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Jabur 119; Rum 10:17; Epesus 6:13-17; 2 Petrus 1:20-21; Yakobus 1:21)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus milih ngalawan si Iblis nganggo ayat Kitab Suci. Urang oge tiasa nganggo ayat Alkitab jadi pakarang pikeun ngalawan panarajang musuh tur kanggo ngawangun iman urang.

GAREJA

Para Pangiring Gusti Yesus Hirup Sauyunan



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Nalika Gusti Yesus ngantunkeun alam dunya geusa mulang ka Rama-Na di sawarga, Anjeunna ngantunkeun Gareja salaku utusana-Na di dunya. Salaku pangiring Gusti Kristus, urang kedah hirup sauyunan sareng batur anu sami pangiring Kristus kanggo silih ngiatkeun iman. Gareja teh Salira Kristus, tur, sarta Kristus ku Anjeun Anu janten kapala Gareja.

Ayat Alkitab: Ku sabab eta, Petrus, Kami ngabejaan: maneh teh batu karang. Dina eta batu karang Kami bakal ngadegkeun gareja Kami anu moal eleh ku naon-naon, ku maot ge moal eleh. (Mateus 16:18)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Sabada Gusti Yesus mulang ka Rama di sawaga tur Roh Suci sumping, jumlah jalma nu palercaya ka Gusti teh tereh pisan nambahanana. Der jalma-jalma nu palercaya teh ngarariung tuluy nyarembah ka Gusti tur babarengan diajar Kitab Suci. Aranjeunna tutulung ka nu barutuh tur tatalang ka para randa. Kelompok Gareja nu munggaran di Yerusalem dijadikeun dua kelompok. Kelompok nu hiji nganggo basa Yunani tur disebut Yahudi Helenistik. Dupi nu hiji deui mah nganggo basa Ibrani tur disebutna Yahudi Hebraik. Para imam dina ieu carita nya eta imam numutkeun kapercayaan Yahudi.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Anu aranut ka Yesus beuki loba bae. Hiji mangsa urang Yahudi anu ngaromongna basa Yunani, kukulutus ka urang Yahudi pribumi, lantaran ngarasa randa-randana disapirakeun dina urusan pangbagian rejeki sapopoe.

Ku sabab kitu pakumpulan teh ku dua welas rasul dipiwarang kumpul. Saur rasul-rasul, "Teu hade lamun urang nepi ka henteu ngawurukkeun pangandika Allah lantaran nguruskeun bae soal duit. Ku sabab kitu, dulur-dulur, coba neangan jelema tujuh ti urang keneh anu geus kanyahoan dieusian Roh Suci jeung berbudi, urang angkat pikeun ngatur urusan kitu, supaya urang bisa jongjon neneda jeung ngawurukkeun pangandika Allah." Eta nasehat kacida pada ngarempuganana. Seug pakumpulan teh milih tujuh jelema, nya eta Stepanus, jelema pengkuh iman jeung dieusi Roh Suci, Pilipus, Prokorus, Nikanor, Timon, Parmenas, jeung Nikolaus urang Antioki anu asup agama Yahudi. Tuluy dideuheuskeun ka rasul-rasul, ku rasul-rasul dipangnedakeun ka Allah, mugi-mugi pagaweanana diberkahan. Pangandika Allah beuki sumebar, anggota pakumpulan beuki nambahan, malah loba imam anu jadi palercaya ka Yesus. (Rasul-rasul 6:1-7)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Rasul-rasul 2:42-47; 1 Korinta 12:12-28; Epesus 2:19-21; Epesus 4:14-16; Ibrani 10:25)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Alkitab ngaibaratkeun Gareja kana salira manusa. Dina salira manusa mah unggal bagian gaduh tanggung jawab sewang-sewangan namung unggal bagian silih gumantung nu hiji jeung nu lian. Pangiring Gusti Kristus kedah satia kana tanggung jawabna tur ilubiung dina kagiatan Gareja sasarengan anggota Gareja lianna.

CAANG DUNYA

Nembongkeun Caang ti Gusti Yesus



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Salaku pangiring Gusti Kristus, kahirupan urang kedah nembongkeun sipat Gusti Kristus. Ngalangkungan lampah hirup, urang kedah mintonkeun ka batur saha Gusti Kristus teh.

Ayat Alkitab: Caang maraneh ge kudu mencar ka sarerea, sangkan dipiconto kalakuan maraneh nu hade, supaya batur teh ngamulyakeun ka Rama maraneh nu jumeneng di sawarga. (Mateus 5:16)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gempungan jalma rea ngariung seja ngupingkeun piwulang Gusti Yesus.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Bagja maraneh lamun dihina-hina, diteungteuinganan, diomongkeun jeung digogoreng dumeh anut ka Kami.

Lamun dikitu-kitu sing bagja, sing bungah, sabab geus aya piganjaraneunana anu gede di sawarga. Nabi-nabi anu hirup beh ditueun maraneh oge dikaniaya teh kitu. Maraneh di dunya teh minangka uyah. Tapi lamun uyah leungit asinna, pamohalan bisa diasinkeun deui, geus taya gunana, iwal ti dipiceun, katincakan ku jelema. Maraneh di dunya teh minangka caang. Kota anu ngadeg di luhur pasir moal bisa dibunian. Moal aya anu nyeungeut lampu tuluy dituruban ku gentong, tangtu diteundeun dina parantina, sangkan nyaangan ka sakur nu di imah. Caang maraneh ge kudu mencar ka sarerea, sangkan dipiconto kalakuan maraneh nu hade, supaya batur teh ngamulyakeun ka Rama maraneh nu jumeneng di sawarga. (Matthew 5:11-16)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 5-7; 2 Korinta 4:6; 1 Yohanes 1:7; 1 Yohanes 2:10)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus miwuruk ka para pangiring-Na kumaha carana milampah hirup anu hade sipatna tur kapake gawena.

KALANGGENGAN

Salamina sareng Gusti Allah atawa Salamina Sangsara

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Tungtung hirup teh sanes nalika urang tilar dunya. Urang teras hirup salamina. Sadaya jalma kedah tanggungjawab kana lampah hirupna di dunya. Pangiring Gusti Kristus bakal hirup salamina sareng Mantenna. Anu henteu ngiring Gusti Kristus mah bakal hirup sangsara salamina jauh ti Gusti Allah.

Ayat Alkitab: Ulah hareran, pasti datang mangsa anu paraeh bakal ngadareng soara Anjeunna, tuluy kalaluar ti jero kuburna. Anu keur hirupna hade, harudangna bakal terus kana hirup langgeng, anu keur hirupna jahat harudangna pikeun narima hukumanana. (Yohanes 5:28-29)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Gusti Yesus miwulang kalalanggengan ka para pangiring-Na nganggo lalakon ki beunghar jeung nu miskin.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

"Aya hiji jelema beunghar, papakeanana bangsa anu pangmarahalna, saban poe hirupna royal. Aya deui hiji jelema, ieu mah miskin, ngaranna Lasarus, awakna pinuh ku borok, sok diuk gigireun panto jelema beunghar tea, bari ngarep-ngarep aya sesemplekan roti anu murag tina meja makanna, jang ngeusi beuteungna nu lapar. Borokna dilaletakan ku anjing. Ki miskin teh maot, ku para malaikat tuluy dibawa ka Ibrahim, dipernah-keun gedengeunana, tempat utama. Nu beunghar tea ge maot, dikubur. Satengahing keur ngararasakeun kanyeri anu pohara di dunyana anu paraeh, manehna tanggah, beh ti kajauhan nenjo Ibrahim, jeung Lasarus anu diuk digedengeunana. Tuluy manehna gegeoran, 'Ama Ibrahim! Sing hawatos ka abdi, Lasarus sina ka dieu, sina nyelupkeun ramona saeutik kana cai keur ngabaseuhan letah abdi supados rada tiis. Abdi teu tahan dina ieu seuneu, liwat saking nyerina.' Waler Ibrahim, 'Ih anaking, sing inget, hidep mah waktu keur hirup keneh geus meunang anu aralus, ari Lasarus mah anu garoreng. Ayeuna Lasarus kari senangna di dieu, hidep kari sangsarana di dinya. Jeung deui ti dieu ka dinya teh aya jungkrang jero pisan, mustahil beunang dipeuntasan; nu ti dieu moal bisa ka dinya, nu ti dinya moal bisa ka dieu.' Walon nu beunghar, 'Ama, upami kitu mah atuh Lasarus piwarang ka rorompok pun bapa bae, reh abdi gaduh dulur lima, sina dipepelingan supados maranehna mah ulah dugi ka tigebrus ka ieu tempat siksaan.' Waler Ibrahim, 'Maranehna geus mareunang pepeling tina Kitab Musa jeung Nabi-nabi, keun sina nurutkeun pepeling tina eta kitab-kitab.' Walonna deui, 'Ku eta wungkul mah henteu cekap, Ama Ibrahim! Upami didongkapan ku anu hirup deui tinu maot mah tangtos maranehna tarobat.' Tapi waler Ibrahim, 'Ari geus teu narurut kana pepeling Musa jeung nabi-nabi mah, masih didatangan ku nu geus paeh oge moal ngagugu.'" (Lukas 16:19-31)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 19:16-26; Mateus 25:45-46; Rum 6:20-23; 1 Tesalonika 4:13-18)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Urang sadaya bakal jreg ka payuneun Gusti Allah kanggo nembrakkeun tanggungjawab tina lampah hirup urang. Hirup salamina sareng Gusti Allah mah gumantung kana hubungan urang sareng Gusti Allah.

HAKIMNA

Gusti Yesus Kristus Baris Ngahakiman Sakumna Manusa

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus sumping ka alam dunya kanggo ngarapikeun hubungan manusa sareng Gusti Allah. Mantenna baris sumping deui kanggo ngalirenkeun padamelan si Iblis tur ngahakiman jalma daroraka, anu narampik Anjeunna salaku Gusti. Gusti Yesus baris ngaganjar ka ka jalma-jalma anu ariman Anjeunna.

Ayat Alkitab: Engke bakal aya sora tarik aba-aba ti malaikat utama, jeung sora tarompet Allah, geus kitu Gusti ku anjeun bakal lumungsur ti sawarga. Anu bakal dihirupkeun ti heula teh anu maraotna percaya ka Kristus. Ari anu harita harirup keneh bakal dikumpulkeun jeung eta, dibawa bareng kana mega ngadeuheus ka Gusti di awang-awang, saterusna hirup reureujeungan jeung Gusti. Tah ieu pangajaran teh gunakeun pikeun silih hatean jeung batur. (1 Tesalonika 4:16-18)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Dina ieu carita Gusti Yesus nyarioskeun panghakiman nu bakal kasorang ku manusa di dunya di ahir jaman.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Sakumaha Rama ngahudangkeun nu paraeh sina harirup deui, Putra Manusa oge bakal ngahirupkeun saha bae anu dikersakeuna-Na. Rama ku manten moal ngahukum ka saha-saha, sabab hak ngahukum sagemblengna geus diserenkeun ka Putra, supaya jalma-jalma kabeh ajrih ka Putra sakumaha ka Rama. Anu henteu ngajenan ka Putra henteu ngajenan ka Rama anu ngutus-Na. Kaula ngomong saenyana: Sing saha anu ngaregepkeun omongan Kaula jeung percaya ka anu ngutus Kaula, tinangtu hirup langgeng, moal dihukum, malah ucul tina paeh sarta asup kana hirup. Sing percaya lamun ceuk Kaula bakal aya mangsa anu paraeh bakal ngadareng soara Putra Allah. Eta mangsa ayeuna oge geus mimiti. Anu ngadareng kana soara-Na tinangtu hirup. Sakumaha Rama sumberna hirup, Putra Manusa oge ku Rama dijadikeun sumberna hirup. Rama ka Putra-Na geus nyerenkeun hak pikeun ngahukum, sabab Putra-Na teh Putra Manusa. Ulah hareran, pasti datang mangsa anu paraeh bakal ngadareng soara Anjeunna, tuluy kaluar ti jero kuburna. Anu keur hirupna hade, harudangna bakal terus kana hirup langgeng, anu keur hirupna jahat harudangna pikeun narima hukumanana." "Kumaha hukumanana, Kaula henteu kawasa nangtukeun sorangan, kumaha ditimbalkeunana ku Rama bae. Eta sababna hukuman ti Kaula bakal adil, lain ngahukum sakarep-karep, tapi ngajalankeun pangersa nu ngutus. (Yohanes 5:21-30)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Markus 9:41-48; 1 Korinta 3:11-15; 2 Korinta 5:10; Wahyu 20:11-15)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Gusti Yesus mepeling ka urang sangkan urang siap mapag Mantenna salaku Hakim Anu ngahakiman jalma doraka tur ngaganjar ka jalma anu hirupna saluyu sareng pangersa Mantenna.

TUANG SINARENG GUSTI YESUS

PELAJARAN
4-12

Pentingna Mieling Maotna Kristus kanggo Dosa-dosa Urang



TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Gusti Yesus marentahkeun ka para pangiring-Na supaya ngalaksanakeun perjamuan suci. Ieu teh perlambang dina raraga mieling maotna Gusti Yesus salaku kurban kanggo nebus dosa-dosa manusa.

Ayat Alkitab: Geus kitu Yesus nyandak roti, sarta sanggeusna muji sukur ka Allah, rotina disemplekan tuluy dipasihkeun ka murid-murid bari lahir-Na, "Ieu teh badan Kami, nu dipasrahkeun pikeun maraneh. Lalampahkeun cara kieu, pikeun pangling-eling ka Kami." Rengse tuang Anjeunna ngasongkeun lumur anggur ka maranehna cara tadi. Lahirana-Na, "Ieu lumur teh perjangjian Allah anu anyar anu disahkeun ku getih Kami anu dikukurkeun, pikeun kasalametan maraneh." (Lukas 22:19-20)



CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Dina wengi samemeh Gusti Yesus pupus dina kai dipalang, Anjeunna tuang sasarengan para murid-Na. Harita teh Anjeunna meredih ka para murid-Na supaya aranjeunna saterasna emut ka Anjeunna sarta mieling pupus-Na dina kai dipalang.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Dina hal anu rek ditetek ayeuna, aranjeun lain pujiyeun. Aranjeun ari karumpulan, ti batan jadi hade malah jadi goreng. Aya anu bebeja ka sim kuring. Kahiji, aranjeun dina kumpulan teh papecah jadi sababaraha gumplukan anu pakia-kia. Sim kuring percaya ieu beja aya benerna. Teu sak deui aranjeun teh geus papecah, nepi ka engke katembong saha-saha anu bener. Waktu aranjeun kumpul bareng, eta anu didalhar ku aranjeun teh saenyana lain Jamuan Gusti. Da dina waktu dahar teh aranjeun paheula-heula nyokotan keur diri sorangan, nepi ka nu sawareh angger lapar, sawareh deui nepi ka marabok kaseubeuhan. Ku naon henteu dalahar heula di imah, kawas teu baroga imah bae? Rek ngarendahkeun jamaah Allah? Atawa rek ngera-ngera anu mariskin? Eta kalakuan aranjeun kudu kumaha disebutna ku sim kuring? Pujiyeun ari kitu? Boro-boro! Sabab kieu conto ti Gusti anu katampa ku sim kuring mah: Gusti Yesus dina peutingan dihianat, nyandak roti hiji, sarta sanggeusna muji sukur ka Allah, rotina terus disemplekan dibagikeun, sarta ngalahir kieu, "Ieu teh daging Kami, tampanan pikeun maraneh. Lampahkeun saterusna pikeun ngingetkeun ka Kami." Kitu keneh sanggeusna tuang, Anjeunna nyandak lumur anggur, sarta ngalahir kieu, "Ieu anggur perjangjian Allah anu anyar, anu dikukurkeun ku getih Kami. Lampahkeun saterusna. Satiap-tiap maraneh nginum ieu, maksudna pikeun nginget-ninget Kami." Jadi saban aranjeun dahar roti ieu jeung nginum anggur ieu, tanda aranjeun ngamashurkeun pupusna Gusti nepi ka mangsa Anjeunna sumping deui. (1 Korinta 11:17-26)



PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk



TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Lukas 22:7-38; Yohanes 6:47-58; 1 Korinta 11:17-34; Wahyu 19:9)



PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Perjamuan suci dilaksanakeun kanggo muja ka Gusti Yesus sarta pikeun nyidik kahirupan urang naha geus kamanah ku Gusti Allah. Salian ti eta oge jadi mangsana para pangiring Gusti Kristus muja ka Gusti Anu parantos masrahkeun hirup-Na kanggo sakumna manusa.

BAPTISAN

Ngembarkeun ka Batur yen Urang teh Iman ka Gusti Kristus

TEMA PELAJARAN - Siapkeun Tanahna

Baptisan cai teh kalintang pentingna dina kahirupan jalma anu nembe percanten ka Gusti Yesus, mangrupi bewara ti eta jalma yen anjeunna iman ka Mantenna. Baptisan teh nya eta diteuleumkeun sakolebat kana cai lir dikurebkeun hirup heubeulna, heg dihanjatkeun deui tina cai lir dihirupkeun deui dina kahirupan anyar di lebet Gusti Kristus.

Ayat Alkitab: Saur Petrus, "Kudu tarobat, jeung kudu dibaptis kalawan asmana Yesus Kristus, tangtu dosa-dosa aranjeun dihampura sarta bakal narampa sih kurnia Allah, nya eta Roh Suci." (Rasul-rasul 2:38)

CARITA ALKITAB - Nebarkeun Binih

Bagian bubuka nulungan urang sangkan ngarti caritana.

Yohanes Jurubaptis teh dulur Yesus. Yohanes Jurubaptis netelakeun ka jalma rea supaya aranjeunna dibaptis dina cai pikeun perlambang yen aranjeunna geus tarobat tina dosa-dosana. Gusti Yesus mah tara kantos milampah dosa, namung Anjeunna kersa nampi eta perlambang tur dibaptis sangkan janten tuladan ka jalma rea yen baptisan teh kalintang pentingna.

Carita Alkitab ngawitan ti dieu.

Yesus ti Galilea sumping ka Walungan Yordan, mundut dibaptis ka Yohanes. Ku Yohanes diwagel, saurna, "Kedahna sim kuring anu dibaptis ku Anjeun, ieu malah Anjeun anu mundut!" Waler Yesus, "Keun bae ayeuna mah. Ku kieu teh urang ngalampahkeun nu jadi pangersa Allah." Yohanes ngiringan. Sanggeus beres dibaptisna, Yesus timbul ti jero cai. Bray sapada harita keneh langit muka palebah Anjeunna, sarta Anjeunna ningali Roh Allah lungsur siga manuk japati, terus eunteup ka Anjeunna. Tuluy aya soara ti langit, ungelna, "Ieu teh Putra kaasih Kami, anu kamanah ku Kami." (Mateus 3:13-17)

PROSES PANALUNGTIKAN - Nyebor jeung Mupuk

TAMBAHAN PELAJARAN ALKITAB - Dipangkas

(Mateus 28:16-20; Rasul-rasul 8:26-40; Rum 6:3-13; Kolosa 2:9-12)

PERTANYAAN LARAPKEUNEUN - Panen Buah (2 Timoteus 3:16-17)

KACINDEKAN

Kitab Perjangjian Anyar miwuruk yen baptisan cai teh penting dina kahirupan jalma anu palercaya ka Gusti Yesus. Baptisan cai teh perlambang yen hirup urang nu heubeul teh geus maot heg hirup deui dina kahirupan anyar di lebet Gusti Yesus.

Panyaur sangkan

BUAHAN LEUBEUT TUR NIKEL

Nalika Gusti Allah nyipta alam dunya, sadaya ciciptan disina "buahan" tur "nikel." Alkitab netelakeun yen nalika dicipta mah sadaya ciciptan teh diciptana supaya terus ngalobaan "numutkeun macemna." Nalika Gusti Allah nyiptakeun manusa, prinsip buahan leubeut tur nikel henteu robih tur tetep diterapkeun. Gusti Allah ngaberkahan aranjeunna tur ngandika ka aranjeunna, "Masing loba anak, turunan maraneh sing nepi ka minuhan ieu bumi sarta murba ka eta." (Kajadian 1:27-28)

Urang teh dicipta ku Gusti Allah lajeng "diberkahan" ku Gusti Allah sangkan buahan tur minuhan ieu bumi. Langkung ti 6,000 taun manusa geus nedunan ieu parentah tur geus minuhan ieu bumi.

Nalika Gusti Yesus Kristus hirup kumelendeng di ieu dunya Anjeunna netelakeun yen jalma mah kedah dibabarkeun deui rohaniahna. Gusti Yesus negeskeun yen unggal jalma pamohalan tiasa lebet ka karajaan Allah tanpa dibabarkeun deui rohaniahna. Waler Yesus, "Kaula ngomongkeun nu saenyana, yen jelema anu dijurukenana lain tina cai jeung Roh Allah, moal bisa asup ka Karajaan Allah, kitu saenyana. Manusa teh sacara jasmani lahir ti kolotna anu sipat jalma, tapi sacara rohani mah dijurukenana ti Roh Allah." (Yohanes 3:5-6)

Urang disaur ku Gusti Kristus kana hirup anyar. Ieu hirup anyar teh dibabarkeunana deui ku Roh Suci. Ngalangkungan baptisan dina cai, urang ngabewarakeun yen urang geus aya dina hirup anyar. Parentah Gusti Allah sangkan buahan leubeut tur nikel diterapkeun nalikaka urang dibabarkeun deui rohaniahna ku Roh Suci. Dina hirup urang anu anyar di lebet Gusti Kristus, urang dipaparin parentah tur hak istimewa geusan buahan sacara rohaniah. "Yesus nyaketan ka maranehna, lajeng sasauran kieu, 'Kakawasaan di sawarga jeung di bumi, sagemblengna geus diserenkeun ka Kami. Ku sabab eta datangan jalma-jalma saalam dunya jaradikeun murid Kami, baptis kalawan pajejengan Rama, Putra, jeung Roh Suci. Ajar ngalakonan sagala perkara anu ku Kami geus diparentahkeun ka maraneh.'" (Mateus 28:18-20)

Urang geus disaur ku Gusti Kristus sangkan ngamuridkeun tur ngabaptis murid-murid urang sarta lebet kana karajaan Allah. Urang disaur sangkan milampah hirup anu buahan leubeut rohaniahna, ku jalan kitu jalma anu dibabarkeun deui rohaniahna bakal terus nambahan.

Kurikulum sarta Model Pamuridan Buahan Leubeut tur Nikel dirancang kanggo ngamuridkeun para pangiring Gusti Kristus, nuyun aranjeunna kana hirup anu buahan leubeut rohaniahna heg nikel. "Sabab ku karana sabda Allah anu sipatna hirup tur langgeng, aranjeun geus jadi jalma anyar, lir anu dijuruken deui, lain ku manusa anu sipatna keuna ku paeh, tapi ku rama nu sipat langgeng." (1 Petrus 1:23)

Mugia Gusti ngaberkahan Saderek ku buah anu leubeut tur nikel dina kahirupan rohani anu geus dibabarkeun deui sarta dina ngalayanan Mantenna. Mugia urang tiasa ningal ieu bumi pinuh ku jalma anu geus dibabarkeun deui dina karajaan Allah!